Дагъистаналъул адабият

16+

ISSN 0235-0130

# Гьудуллъи

ЛИТЕРАТУРИЯБГУН ХУДОЖЕСТВИЯБ ВА ЖАМГIИЯБГУН ПОЛИТИКИЯБ ЖУРНАЛ



6 / 2018
ноябрь - декабрь



# ГЪУДУЛЛЪИ

**КIиго моцIида жаниб цо нухалъ бахъулеб литературиябгун художествияб ва жамгIиябгун политикияб журнал**

Литературно - художественный и общественно - политический журнал

**Издается один раз в два месяца**

**Учредитель:** Министерство печати и информации РД

**Журнал бахъизе байбихьана 1952 соналда Расул ХIамзатовас**

Журнал основан в 1952 году Расулом Гамзатовым

**6**

**2018**

**ноябрь - декабрь**

**Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан «Редакция республиканских литературных журналов «Соколенок» и “Литературный Дагестан”**

**БетIерав редактор**
Мурад АхIмадов

**Жавабияв редактор**
МухIамад ПатахIов

**Жавабияй секретарь**
ТубхIат Зургьалова

**Редакциялъулаб коллегия:**
МухIамад АхIмадов,
МухIамад ГIабдулхIалимов,
МухIамад МухIамадов,
КъурбанмухIамад МухIамадов
ПатIимат ГIабдурахIманова,
Залму Батирова,
МухIамад ХIамзаев,
МахIмуд-Апанди МухIамадов,
ГIайшат Малачиева,
ГIайшат ГIалиева,
ХIамзат ГIизудинов.
МухIамадрасул ГIумаров

Электронный адрес редакции:
**litdag@mail.ru**

## НОМЕРАЛДА РУГО:


**ТІЕРХЬУНАРЕЛ ЦІВАБИ**

**ГІ.ХІажиев.** Дагъистаналъул тІадегІанаб даражаялъул цевехъан.........................................3

**ЦІИЯЛ АСАРАЛ**

**М.АхІмадов.** ЦІумазул азбука – аваразул мацІ.......................................................................13

**РАКІАЛДЕЩВЕЙ**

**П.МуртазагІалиева.** Эбел, жакъа бугеб гьайбатаб къо *(хабар)*...........................................23

**КУЧІДУЛ**

**М.Рамазанов**. ГІабасил МахІамадиде.......................................................................................33
**ГІ.Керимов.** Сунде данде кквелеб..............................................................................................37
**Н.ГІисаев**. Дагъистан....................................................................................................................46

**ХАРБАЛ**

**ГІ.Расулов.** ЛахІзатги даимлъиги..............................................................................................53
**Ш.ГІабасова.** Рокьуца чІвараб рокьи.......................................................................................57

**НАЗМАБИ**

**Ш.ХІажилова.** ЧІужугІаданалде хитІаб.................................................................................63

**ТАРИХАЛЪУЛ ТІАНЧАЛ**

**С.ХІасбулаев.** КІиго наиб............................................................................................................66

**ЦІИЯЛ ЦІАРАЛ**

**М.Шафиева.** Хер бецулеб гІуж..................................................................................................74

**КРИТИКА ВА БИБЛИОГРАФИЯ**

**Т.Зургьалова.** «ГІакълуялъул дандерижиги», дунялги, нилъгоги.........................................78

**ГІАКЪЛУЯЛЪУЛ ДАНДЕРИЖИ**

Мун жужахІалъул агьлуядасан вуго............................................................................................84

**ЦІАЛДОЛЕЗУЛ АСАРАЛ**

**ХІ.Дибиров.** Гьединаб росу буго .............................................................................................93

**ГЬАБГИ, ДОБГИ, ДОБЦОЯБГИ**

**ЦІ.ХІамзат.** ХІамабагьадурлъи..................................................................................



Журналалъул хъвай - хъвагІай гьабун буго хъвай-хъвагІай гьабиялъул ва ДРялда СМИязул ва печаталъул хІакъалъулъ. РФялъул закон цІуниялда хадуб халкквеялъул Регионалияб управлениялъ.

Регистрац. номер ПИ №ТУ05-00373 от 23.12. 2016 г. Выданный управлением Роскомнадзора по республике Дагестан.

**Типография: ООО «Издательство «Феникс - пресс»**
**Адрес типографии:** 367018, РД, г. Махачкала, пр-т Петра I, 61

**ДРУЖБА №6 2018 г.**
*ноябрь - декабрь*
*На аварском языке*

Выход в свет 5.12. 2018 г.
Тираж 755 экз
Печать офсетная. Бумага офсетная
Формат 70х108 1/16
Усл.печ. л. 8,4 Усл. изд. л. 8,7
Заказ № 298 Цена свободная.

***Редакция и издатель:*** *Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан “Редакция республиканских литературных журналов “Соколенок” и “Литературный Дагестан”.*
***Адрес редакции и издателя:*** *367000, РД, г. Махачкала, ул. Даниялова, дом 55.*

## ДАГЪИСТАНАЛЪУЛ ТIАДЕГIАНАБ ДАРАЖАЯЛЪУЛ ЦЕВЕХЪАН

Киса-кибего, киналго халкъазул гIадат буго жидерго ракьалъул, бакIалъул церетIурал, халкъалъул гIумруялда лъикIал лъалкIал тарал гIадамазул хIурмат-адаб гьаби, гьезул хIакъалъулъ бачIунеб гIелалда лъазаби ва гьел кIодо гьари. Гьединабго гIадат буго Дагъистаналдаги. XIX гIасруялда нилъер тарихалда лъалкIал тарав, халкъияв бахIарчи вукIана Шамил имам. Хадуб жиндирго лъикIаб цIар нилъер халкъалъе тана 30 соналъ Дагъистаналъул бетIерлъуда вукIарав ГIабдурахIман Даниялован. Гьесул биографиялъухъ хал гьабуни, нилъеда бихьула, Даниялов вукIана бажари бугев, хIалбихьи бугев, кIалъазеги лъалев, ватIанги бокьулев, кинабгo рахъалъан цIубарав инсан. Эбел-эменги гьечIого бесдал хутIун, лъималазул рокъов гIурав гьесул букIараб къвакIараб гIамал-хасиятги, цIализеги хIалтIизеги, сундулъго бергьенлъаби росизе букIараб гьираги, якъинго бихьула ГIабдурахIманил гIумруялъул нухлухъ балагьидал, гьелъул хIисаб гьабидал. Гьев лъугьана кибго цIар рагIарав, лъицаго цIар хIурматалда рехсолев, лъиего бетIер къуличIев, яхI-намусалъул цевехъанлъун.



**ГIабдурахIманги лъади Хадижатги**

Доб хIабургъараб, захIматаб И.В.Сталинилги, Н.С.Хрущевасулги, Л.И.Брежневасул заманаялда яхI-намус рехун течIого, ритIухълъи цIунун хIалтIизе бажарана, гьев гIадатияв гурев инсанасда. Кинаб захIматаб хIал ватIаналда букIаниги, Даниялловасда лъана битIун хIалтIизе, гIакъилаб хIукму

гьабизе, кибго киназдаго гьоркьоб маслихIат гьабизе. Гьесухъе гIадамал унел рукIана кин-щиб гьабилеб абун цIехезеги, гIакълу дандбазеги ва цогидалъеги. Гьес киналго къабул гьарулаан ва ракI-ракIалъ гьезде гIагарлъун, гьезул къварилъи бичIчIун, гьезие бажарараб кумекги гьабулаан.

Гьев гIажаибав яхI-намусалъул инсан гьавуна 1908 соналъул 22 августалда Гъуниб районалъул Ругъжаб росулъ, Даниялил ва Марямил хъизаналда. ГьитIинго байбихьана гьес Къуръан цIализеги. ИчIго сон ГIабдурахIманил тIубараб мехалда гьесул эмен хвана ва эбелги кватIичIого цоги чиясе росасе ана. ГIемер мех иналдего, кIудадаги кIудабабаги хун, ракъун ва къваридго хутIана лъимал. Росуцояз гьел кьуна ЧIохъ росулъ букIараб лъималазул рокъоре.

ГI.Данияловас хадуб бицунаан: «Ниж росулъ хутIаралани, ракъуца хвезе рукIана, щай гурелъул, ниж, кваназе квенги щоларого, цIакъго хIалакълъун, цохIо рукьби хутIун рукIана. Лъималазул рокъоб ниж кваназаруна, ретIине ретIел кьуна, полотенцаби кьуна, бацIцIадаб бусен-къайи букIана. Гьениб тIоцебе нижеда лъана чай щиб жояли».

1922 соналъ ЧIохъ букIараб лъималазул рукъ Гъунибе гочана. Гьениб букIана армиялъул цо часть ва гьеб часталъул комиссар вукIана Никитин. ГIабдурахIманил гьесулгун лъай-хъвай ккана ва кватIичIого гьеб лъай-хъвай щулияб гьудуллъиялде сверана. Гьедин лъазе лъугьана ГIабдурахIманида гIурус мацIги.

1923 соналъул байбихьуда ГIабдурахIман витIана Буйнакск шагьаралда букIараб интернаталде ва цо лъагIалидасан гьев цIализе лъугьана педагогикияб училищеялде. Гьенивго гьев лъугьана комсомолалдеги. Училищеялда Данияловас бихьизабуна жиндирго бажариги, цIализе ва гIемераб лъазе бугеб гьираги. КватIичIого гьев тIамуна училищеялъул исполнительнияб бюроялъул председательлъунги. Цинги, 1928 соналда, училище лъугIилалдего, ГIабдурахIман вищана Буйнакск шагьаралъул комсомолалъул райкомалъул членлъунги. 1928 соналъ гьес лъугIизабуна училище ва гьесие ихтияр щвана школалда гIисинал классазда дарсал кьезе. ГIабдурахIмание бокьана Буйнакскиялдаго хутIизе, щай гурелъул, гьенийго цIалулей йикIана гьесул абурай яс ЧIохъа Хадижатги.

Амма кидаго гуро кинабго нилъее бокьухъе букIунеб. Данияловасул бажари бихьун, Дагъистаналъул комсомолалъул обкомалъ гьев витIана Гъуниб районалъул окружной комсомолалъул комитеталъул тIоцевесев секретарьлъун. Гьенивги ГIабдурахIманица живго вихьизавуна бажариги лъайги бугев гIуцIарухъанлъун ва гьев вищана ВЛКСМалъул обкомалъул отделалъул заведующийлъун, цадахъго комсомолалъул обкомалъул бюроялъул членлъунги.

Гьенив хIалтIулаго ГIабдурахIманил хIалтIул хIасил бихьана тIадругездаги. ГIакъилав ГIалибег Тахо-Годица гьев вачана жиндихъего ва кьуна гьесие бачIинахъего кIиго хъулухъ: Главсоцвосалъул отделалъул заведующиялъиги ва гьунар бугел гIолилал республика бахун къватIире цIализе ритIулеб отделалъул председательлъиги. ГIабдурахIманица тIаса рищулел рукIана, тIадругезул буюрухъалда рекъон, мискинал ва рагъда эменал чIварал хъизаназул лъимал цIализе ритIизе. КватIичIого ГIабдурахIманида бичIчIана училищеялдаса щвараб лъай жиндие гIезехъин гьечIеблъи. Лъицаго щибго

абулеб букIинчIониги, гьесул хIукму ккана тIадегIанаб лъай щвезе Москваялде цIализе ине. Гьеб гьари гьесие букIана абурай ясалъул эбел-инсулги.

1930 соналда ГIабдурахIманги Хадижатги ана Москваялде цIализе лъугьине. ГIабдурахIман цIализе лъугьана Лъадал магIишаталъул институталде, Хадижатин абуни, Ветеринарияб институталде. ГIабдурахIмание щолеб букIана 170 гъурущ стипендия, Хадижатие стипендия щолеб букIинчIо. Гьел гIумру гьабунги рукIуна шагьаралъул батIи-батIиял рахъазда. Хинаб югалдаса цIорораб Москваляде цIализе арал росги чIужуги гьеб квачалде хIадурун рукIинчIо. Москваялда цIалулаго, ГIабдурахIман цIорон, гьуъразул унтиги ккун, унтана ва кватIичIого гьеб унти чахоткаялде сверана. Гьеб мехалда гьесул хIукму ккана, цIалиги рехун тун, Дагъистаналде тIадвуссине. ТалихIалъго гьеб заманалда гьесда Москваялда дандчIвана партиялъул Дагъистаналъул обкомалъул секретарь Муравьев. ГIабдурахIманица кинабго, ракIрагьун, гьесда бицана. Муравьевас Москва шагьаралъул горкомалдеги ун, гьарана Данияловасе стипендия цIикIкIинабеян ва гьесул гьари тIубазабуна – ГIабдурахIмание стипедия 290 гъурущ чIезабуна, рос-лъадуе цадахъ рукIине рукъги щвезабуна ва аскIоб бугеб тукеналдехун бухьенги гьабуна, гьениса къваригIарабщинаб щвезабизе. Доб мехалда ракIалдаго гьечIого къваригIелалъ Москваялде Муравьев вачIинчIевани, лъаларо кинаб къисмат Данияловасул ккезе букIарабали…

Расги бигьаго букIинчIо ГIабдурахIмание Москваялда цIализе, кколеб хIалалда лъалеб букIинчIо гIурус мацIги цогидал батIи-батIиял гIелмабиги. Амма гьесул бугеб бажари-яхIги бихьун, кIиабилеб курсалда цIалулаго институталъул ВЛК(б) ячейкаялъул отеделениялъул секретарьлъун, лъабабилеб курсалда – профкомалъул председательлъун вищула Гьединго гьесда божилъи гьабуна институталъул газеталъе нухмалъи гьабизеги. Цинги гьев вищана ракьцоязул цолъиялъул председательлъунги, ай Москваялда ругел дагъистаниязул бетIерлъунги.  Чанго нухалда гьесие кьуна ВЛКСМалъул ЦКялъул ВЦСПСалъул ХIурматалъул Грамотаби.

Практика гьесул букIана Хьаргаби ГЭСалда. 1935 соналда «отлично»ялда дипломги цIунун, госкомиссиялъ хIукму гьабуна гьев аспирантураялдаго тезе. Амма гIалимчилъун вахъине гьесул къисмат букIун гьечIо – ВКП(б) ялъул обкомалъул тIоцевесев секретарь Н.Самурскияс гьев Дагъистаналде ахIана Наркомземалда хIалтIизе. Институталъул директор Евгений Новакие гьединав лебалав вас нахъе виччазе бокьун букIинчIо ва гьес Данияловасда гьарана нахъвуссун Москваялдего вачIаян, амма Самурскияс инкар гьабуна. ГIабдурахIман хутIана Дагъистаналдаго ва гьев хIалтIана Наркомземалъул батIи-батIиял хьулухъазда.

Совнаркомалъул председатель Мамедбеков Керимида бихьана Данияловасул пиша-ишги, бажари-яхIги, гIакълу-лъайги ва гьес ГIабдурахIман тIамуна Дагъистаналъул Ракьазул министрлъун.

ГIагарлъулеб букIана хIинкъараб 1937 абилеб репрессиязул сон. Гьебго заманалда Мамедбековасулги Самурскиясулги гьоркьоблъи холеб букIана. Данияловасда кIолеб букIинчIо гьеб бихьичIеб ххвелги гьабун чIезе.  Заман букIана кинабго рахъалъан хIалуцараб. ГIуцIулел рукIана колхозал-совхозал. Гьезие нухмалъи гьабизе къваригIун рукIана лъай-бажари бугел гIадамал. ТIубараб республикаялдаго букIана 16 МТС, гьенир рукIана киналниги 700

трактор. Гьеб захIматаб хIал республикаяла бугеб мехалда ГIабдурахIман вукIана наркомземалъул министрлъун.

Байбихьана цодагъал ресалда ругел гIадамал кулакал гьарун ритIизе. Гьеб иш кутакалда захIмалъана ГIабдурахIмание. Гьев киналго собранияздаги, цогидал данделъабаздаги цеве вахъунев вукIана кулакал ругилан, рачун унел расги гIайиб гьечIел гIадамазул рахъги ккун. Гьел репрессияз гьезего гьечIеб гIайиб гIунтIизабун, ккун рачун унел рукIана бищунго гIакълу-лъай бугел, бажар бугел, къадру-къимат бугел, батIи-батIиял хъулухъазда ругел гIадамал. Гьеб гьан бусулеб машинаялъуве дагьалъ хутIана живгоги ккезе Даниялов. Цо къоялъ, гьединабго, гIайиб гьечIел гIадамал цIунун кIалъалев вукIарав бахIсалдаса хадуб, А.Сорокиница цIакъ рази гьечIого гьесда абуна: «ГIела, ГIабдурахIман, мун чIалгIана гьанже дида. ТIокIалъ данде чIоге мун гIемеразда, дагъазул рахъ ккун!» – абун. Гьеб къоялъ рокъове щваравго ГIабударахIманица чIужуялда лъазабуна: «Дуца дие чед бакъвазабе, дида хадурги рачIине бегьула гьанже…» – ян.

НКВДялъул хIалтIухъан Уткиница гIарзаялда хъвана: «Наркомземалда хIалтIулел руго кулаказул рахъ ккуразул цо къукъа, гьезие кумек гьабулев Данияловги вуго…» НКВДялъул хIалтIухъабаз тIадчIун хал кколеб букIана Данияловасда хадуб. ТIад ругел кIудиял хIакимзабиги руцIцIухIун чIун рукIана Данияловвасул рахъги кквезе кIвечIого. Гьел хIинкъулел рукIана рагьун гьев цIунун кIалъазе, жидедагоги щаклъиялъул рагIад рехизе гурилан. Гьединлъидал, партиялъул обкомалде ГIабдурахIманица хъваралщинал гIарзаби жаваб щвечIого хутIулел рукIана.

К.Мамедбеков хIалтIудасаги вахъун жанив лъедал, обкомалъул тIоцевесев секретарь М.Сорокиница Данияловасда абуна совнаркомасул бакIалда хIалтIизе бажарилищан. ГIабдурахIман разилъичIо. Щай гурелъул, жиндирго гьудул Х.М.Хашаевасе гьес рагIи кьун букIана, жидерго рукIарал, гIайибго гьечIого ккун рачун арал гьудулзабазул хъулухъал кодоре росиларилан.

1939 сонги букIана хIалуцараб. ТIад ругел хIакимзабазда гьоркьор ккана хиса-басиял. ХIалтIудасаги вахъун, чIван вукIана В.Ломоносов. ХIалтIудаса вахъана М.Сорокин. Гьезул бакIалде тIамун рукIана Н.Линкун ва А.Пантелеев.

1939 соналъул апрель моцIалда республикаялъул росдал магIишаталъул ва гIи-боцIул рахъалъ обкомалъул отделалъул заведующийлъун вищана ГIабдурахIман, хадуб август моцIалда гьев тIамуна росдал магIишаталъул рахъалъ жавабияв обкомалъул секретарлъун.

1940 соналъул байбихьуда ВКП(б)-ялъул ЦКялъул хIукмуялда рекъон ГI.Даниялов тIамуна Д.МухIамадовасул бакIалда Дагъистаналъул совнаркомалъул председательлъун. Данияловасулги Н.Линкунилги бачIинахъего данде ккечIо. Линкун вукIана кабинеталъул хIалтIухъан. Гьес кинабго хIалтIи рехулаан совнаркомасде ва киданиги унароан ваккизе районазде. Данияловасе гьеб рекIее гIечIо. Гьес рагьун ва рази гьечIого абуна гьелъул хIакъалъулъ Линкунида. Амма Н. Линкуница ГIабдурахIманил бадибчIваялъул тIалабцин гьабичIо. Цинги Данияловас ВКП(б)ялъул ЦКялъул секретарасухъе кагъат хъвана живги Линкунги жидехъего ахIеян.

1940 соналъул хасало А.А.Андреевас гьел кIиялго жиндихъего Москваялде ахIана. Гьел кIиязухъго гIенеккун хадуб Андреевас гьезда лъазабуна цоцахъ гIенеккун, цоясда цояв вичIчIун цадахъ рекъон хIалтIизе кколилан.

Гьеб заманаялда рикIкIадисеб рагъул махI чIвалеб букIана. Заводалги фарикалги рагъул сурсатал къватIире риччазе хIадурлъизе кколел рукIана.

1941 соналъул октябрь моцIалда, рагъ Кавказалде щвеялда хIинкъараб хIал букIана. Буюрухъ кьун букIана Терек гIоралдаса Салатавиялде щвезегIан тушманасдаса цIуниялде кIвар кьезе, ай хандакъал рухъизе ва къадал разе. Гьелъие бетIерлъи гьабулеб букIана ГI.Данияловас. Гьениб бихьизабураб бажариялъе ва тадбиралъе гIоло кьуна гьесие тIоцебесеб Ленинил орденги. Данияловасул нухмалъиялда гъоркь гIуцIун букIана рекIаразул полкги. Гьеб полкалъе бетIерлъи гьабуна Хъара Хъараевас.



ГIабдурахIманги васал Митходги, Юсупги, МахIачги

Рагъул байбихьуда Даниялов вукIана 44-абилеб армиялъул Рагъулаб Советалъул членлъун. Гьес нухда рачунел рукIана Кавказ цIуниялъе гьарулел тадбирал. ЦIумада ва ЦIунтIа районазда рахчун чIарал хIинкъучал-дезертирал тIатинаризеги къваригIун букIана.

1942 соналъул риидал, Москваялдаса МахIачхъалаялде, Дагъистаналда бугеб ахIвал-хIалалъухъ балагьизе бачIана инспекторазул къукъа. Гьезул бетIерлъуда вукIана Л.П.Берия. Линкунида хадув, тIаде рачIаразада цеве вахъана ГI.Даниялов ва мухIакнго бицана  республикаялда бугеб ахIвал-хIалаллъулги гьарулел ругел тадбиразулги хIакъалъулъ. Гьеб данделъиялдаса хадуб хадубги Данияловасулги Бериялги букIараб дандчIваялда гьоркьоб лъун букIана Н.Линкун хисизе кколин Линкунидаса бажари бугев цоги чияс абураб суал. Гьениб КПССалъул Азербайданалъул ЦКялъул тIоцевесев секретарлъун хIалтIулев вукIарав Багировасги Берияца хIукму гьабуна Линкунил бакIалда, ГIазиз ГIалиев тезе ва гьесдаго цадахъ 15 чиги Дагъистаналде витIизе.

ГIезегIанго кIалги гьикъун, къоги бихьун Дагъистаналъ фронталде битIана хур-ахалдаса щвараб бачIинги, гьан-нахги, хинаб ретIелги ва цогидабги. ТIаде босараб план, сундулго рахъалъ, цIикIкIунги тIубазабулеб букIана.

Гьеб захIматаб рагъул заманаялда рекъон ГI.Даниялов хIалтIулев вукIана къасиги къадги, цо минуталъги хIалхьи гьабичIого. Къаси-къад чIечIого хIалтIулел заводал-фабрикабиги рукIана, лъукъун фронталдаса рачIаразулги ва рагъ тIаде щварал шагьараздаса лъутун рачIарал гIадамазулги гьес тIалаб гьабулеб букIана.

РакIабацIцIадго жидер бажариялда рекъон гьевги ГI.ГIалиев хIалтIизе толев вукIинчIо къуват бергьарав Азербайджаналъул бетIер М.Багировас. Гьев хIалихьатица гIадада гуро ГI.ГIалиевасда цадахъ Дагъистаналде ритIарал жиндирго божарал чукъби. Дагъистаналъул халкъ Азербайджаналдехун сверизаби букIана гьесул мурад. Багировасе къваригIун букIана Дагъистанги Азербайджанги цолъизе¸ цо республика букIине. Амма фронталда нилъер рагъухъабаз бихьизабулеб букIараб бахIарчилъиялъги ва тылалда ругез цебе лъураб масъала тIадегIанаб даражаялда тIубазабизе бахъулеб бугеб яхIги бихьун, хвасарлъана нилъ 1944 соналда гьебгун цолъиялдаса.

Дагъистаниял цоги бакIалде гочинаризе кколилан рукIарал харбазул хIакъалъулъ гьанжелъизегIанги букIуна гIемераб дагIба-рагIи. Гьелъул хIакъалъулъ гIемераб хъвана, гIемераб бицана. Амма киналго тарихчагIаздаги ва гьел гурездаги лъала Азербайджанги Дагъистанги цолъизе биччачIев чи хIакъикъаталдаги ккола ГI.Даниялов. Гьебги лъан, азербайджаназ кIвараб яхI бахъулеб букIана Даниялов хIакъир гьавун, гьесда тIасан гIарзал хъвазе, ритIухълъи жиделъ гьечIел харбал тIиритIизаризе. Амма ГI.Даниялов кинго кIвечIо гьезда къуркьизавизе. Гьев бахIарчияв инсан тIирун чIана Дагъистан Дагъистанлъун хутIизе бугин ва кирего гочине гьечIилан.

Багиров Москваялде И.В.Сталинихъецин щун ватана гIарзаялъ, Дагъистан, чачанал-ингушалго гIадин, гочине гьаризе кколилан. Гьеб рагIарав ГI.Данияловги къачIана Москваялде Сталинихъе сапаралъ ине. Кавказалда рагъ букIун, Даниялов Москваялде ине ккана Гьоркьохъеб Азиялдеги ун, гьенисан сверун. Ва гьесул гьеб сапар гIададаги ккечIо. Сталин гьесда разилъана, амма буюрухъ кьуна Данияловасе кинабгIаги бажари бугев, туманкI кодоб кквезе кIолевщинав чи фронталде ритIеян. Данияловас бажарухъе тIубазабуна Сталинил буюрухъ. Рагъде ритIулел рукIана 1924-25 абилел соназда гьарурал гIолохъабицин. Гьезул къадаралда бараб букIана дагъистаниял кире рукIаниги гочинариялъул суал. Гьеб мобилизациялъул хIасилалда рекъон кIвана фронталде ритIизе ункъазарго гIолохъанчи. Гьезул гIемерисел рукIана чIахIиял классазул цIалдохъаби.

ГI.Данияловасдаги ГIазиз ГIалиевасдаги кIвана Дагъистан кибего гочинабиялдаса цIунизе, Багировасде данде чIезе. Амма хIалихьатав Багиров кинго гIодове виччалев вукIинчIо. Москваялда букIараб СССРалъул Верховный Советалъул сессиялъул заманалда гьес жиндихъего рокъоре ахIана ГIалиевги, Тахтаровги, Данияловги ва абуна:

– Дун гьабсагIат щвана Сталинил дачаялдаса. Дица цебе лъураб – Азербайджанги Дагъистанги цолъизабиялъул суал хIакъикъаталдаги тIубазехъин буго, хутIун буго нужеца Сталинихъе разилъиялъул кагъат кьезе, – ян. Гьезул цонигияв разилъичIо. Цинги Багировас ургъана цоги хIалихьатаб жо: гьес гьукъана югалъулаб Дагъистаналъул гIи-боцIи Луганскиялъулал авлахъаздасан гочине.

Багировас имам Шамилида тIасан рицаралщинал чорокал харбазда гIемерисел Москваялда божана. Гьеб мехалда расги лъикIаб хIал букIинчIо Данияловасулги. Дагъистаналъул къимат-къадру лъалаго гIодобе кколеб букIана. ГI.Данияловасда тIасан хъварал гIарзазда рекъон, нахъеги байбихьана гьесул хIалтIи-ишазухъги, гьесул гIумруялъухъги жеги мухIканго ралагьизе, цIех-рех гьабизе. Амма

кигIан яхI бахъун рухъарданиги, батичIо Данияловасде гIайиб кколеб цониги гьесул пиша. Бихьулеб букIана гьев бацIцIадаб яхI-намусалъул, тIадегIанаб даражаялъул, кIудияб бажари-гIакълуялъул инсанас цониги хIалихьатаб иш гьабун гьечIеблъи ва кинаб кIудияб хIалтIи рагъул заманаялъ гьес фронталда ругездаги гьечIездаги гьоркьоб гьабун бугебали. Комиссиялъ хIукму гьабуна, кин букIаниги, цохIо Данияловас гурелъулха тIаде босизе кколеб кинабго жо абураб. Ругелъул жеги партиялъул обкомги КПССалъул ЦКаги, гьезги кьезе ккеларищ жаваб республикаялда ккколелщинал лъугьа-бахъиназул.

Цодагьаб мехалда букIана халатбахъинчIеб сихIкьотIи. Багиров кинго гIодове виччалев вукIинчIо. Бащдаб лъагIалидаса гьес цIидасан байбихьана Данияловасда тIасан гIарзаби хъвазе, гьесда ургъун рахъарал гIайибал гIунтIизаризе. Гьеб мехалда ГI.Данияловас абуна, цIияб комиссияги гIуцIейин, жиндир хIалтIулъ киналгIаги гIунгутIаби ратани, жив хIалтIудаса нахъе инилан. Нахъеги батичIо гьесде гIайиб гIунтIизабулел киналгIаги хIужаби.

1948 соналда партиялъул обкомазул секретаразул курсазде Дагъистаналдаса Москваялде вачIана ГIазиз Мамедкеримович ГIалиев. Дагъистаналъул партиялъул обкомалъул тIоцевесев секретарлъун вищана ГI.Даниялов, хIукуматалъул бетIерлъуде ккана С.М.Айдинбеков – гьев вукIана Багировасул чи.

Багиров нахъеги хIадурлъулев вукIана Данияловасде данде вагъизе. 1950 соналъул 13 ноябралда «Большевик» журналада бахъун букIана «Шамилилги гьесул муридазулги хIакъалъулъ» абураб макъала. Гьеб макъалаялда какулев вукIана имам Шамилги, гьес 30 соналъ гьабураб рагъги. Гьелъ кIудияб асар гьабуна СССРалъул гIадамазе гуребги, къватIисел пачалихъазул гIадамазеги. Багировасул рахъ ккуна СССРалъул ГIелмабазул Академиялъги. Жидерго гIагараб ватIанги, гьелъул ракьги цIунун, гIемераб ракъи-къварилъиги бихьун халатаб заманаялъ рагъарал мугIрузул васал рикIкIунел рукIана гIадада жидерго гIумруги кьун, къварилъабиги камиялги жидедего рачаралльун.

Гьел рукIана Данияловасеги Дагъистаналъеги пашманал къоял. Байбихьана киназго Шамил какизе: гьев какун хъвадаризе, гьев какун цере рахъине. Шамилил рахъ ккурав Данияловасдеги данде чIана гIемерисел.

Гьедин букIана иш, Горбачевги бетIерлъуде вачIун, цIигьабунгIуцIи байбихьизегIан.

Щайха Багировасеги гьесда церехIалтIулезеги Даниялов рихун вукIарав? Щай гурелъул, гьев вукIана гIаданлъи-яхI цIикIкIарав, вацIцIадав, гIакъилав, бажари бугев, кинабгIаги цебе лъураб суал халкъалъе хайираб къагIидаялъ тIубазабулев, намус бичичIев, ватIан бичичIев, киданиги жиндиего хайирияб ва дандекколеб иш-пиша гьабичIев, бахIарчияв инсан. Гьев лъидаго тIад рекъечIо, щибаб суалалъул хIакъалъулъ гьесул букIана, лъидаго гьикъичIеб, жиндирго яхIалъ ва хIалалъ бицараб, кьучIаб рагIи.

1951 соналда, С.Айдинбековги гьоркьов гIахьаллъун, ВКП(б)-ялъул ЦКялде гIарза хъван батана ГI.Данияловас миллатал рихьун гьабулеб бугин хIакимлъиян. ХIакъикъаталдаги гьеб пикру гьезул ботIролъе бачIана щай Шамилиде данде чIарал церерахъиназда Даниялов кIалъазе вахъунарев абураб суалгун.

Хадуб Москваялдаса рачIараз киналъулго хал-щал гъабидал, батичIо ГIабдурахIаманида чIвазе кинабгIаги гIайиб. Гъединлъидал, кватIичIого Совнаркомалъул Председатель С.Айдинбеков хIалтIудаса нахъе вахъана.

1953 соналда нахъеги хIал бихьана Жанисел ишазул министр генерал-лейтенант Макарьяница Данияловасда тIасан гIарзаби хъвазе. Гъезул кинабгIаги хIасил ккечIо ва кватIичIого гьевги хIалтIудаса эркен гьавуна.

Цо-цо гIадамаз Данияловасде гIайиб гIунтIизабула, гьес мугIрузул росабалъ ругел гIадамал гIодорлъиялде гочинарулел рукIанилан. Гьеб буго кIудияб гьереси. Гьел гочинариялъе хIаракат бахъулел чагIи рукIана Н.Самурскийги Д.Къоркъмасовги. Гьеб заманалда ГIабдурахIман вукIана Буйнакскиялда лъималазул рокъов вугев гьитIинав чи.

1960 абилел соназда Данияловас байбихьана рагъул заманаялъго фабрик-заводазда букIараб къайи-къоно, станокал хисизе, гьезул бакIалда цIиялги росун. Гьединго гьес кIудияб хIалтIи гьабуна колхозал-совхозал щула гьаризе, гьел херетIезаризе, кинабго къваригIарабщинаб хIалтIухъабазе чIезабизе. Гьединго рагьана консерваби гьарулел заводал, кIвар кьуна пихъил ва цIолбол ахал гIезариялде.

БукIинчIо доб мехалда цониги, я цIалул заведение бугониги, я культура цебетIезе гьабулеб хIалтIи букIаниги, колхозал-совхозал рукIаниги, лъималазе рагьулел ясли-ахал, школал ругониги, Данияловас кIвар кьолареб идара. Гьесул кверги пикрабиги кирего щолел рукIана. Гьесда заман батулеб букIана тIаде рачIарал къабул гьаризеги, батулеб букIана щивасда бицине рекъараб рагIиги, бажарухъе гьезие кумекги гьабулаан.

ГIабдурахIман вукIана берцинго, цIодорго ва пасихIго кIалъазе лъалев ораторги. Гьев цеве вахъунаан кIалъазе магIарул мацIалдаги, гIурус мацIалдаги, азербайджаназул мацIалдаги. Таржамачи гьечIого ричIчIулаан гьесда лезгиялги, даргиялги, лъарагIалги ва цогидал миллатазул гIадамазул мацIалги. Гьес халкъалда малъана сабру гьабизеги, жиндирго къимат лъазеги, магIна-гIорхъиялда рукIинеги, гIемермиллатазулаб Дагъистаналда цоцазул хIурмат-адаб гьабизеги, цоцахъ гIенеккизеги, кIалъазе кколеб куцги.

1949 соналда ГI.Данияловас хIаракат бахъана Дагъистаналда СССРалъул ГIелмабазул Академиялъул филиал рагьизе. Гьединго гьес бажарарабщинаб гьабуна Дагъистаналда заводал-фабрикал рагьизе, бакIал разе ва профтехучилищеял рагьизе. Гьес биччачIо Гъизиялюрталда атомнияб электростанция базеги.

Дагъистаналда раккана нартилги, газалъулги, химиялъулабги промышленностал. ТIадегIанаб даражаялде бахана лъадал электростанцияби рай. ХIалтIизе байбихьана Чартаевскияб ГЭС, разе байбихьана Миякьоб ва ЧIикIаб ГЭСал.

1950 соналда СССРалъул Верховнияб Советалъул Президиумалъул указалда рекъон, ДАССРалъул 30 сон тIубаялда бан, цебетIураб хIалтIи-ишалъе гIоло Дагъистаналъул обкомалъул тIоцевесев секретарь ГI.Данияловасе кьуна лъабабилебги Ленинил орден.

Даниялов бетIерлъуда вугеб мехалда Дагъистаналда рагьана Пачалихъияб университет, хIалтIизе лъугьана ва лъикIаб продукция кьезе байбихьана заводаз, фабриказ, ахаз-хураз, гIи-боцIиялъ. Рагьана цохIо ясал гурони цIализе росулареб «МагIарулай» институт, рагьана партийнияб школа ва



**ГІабдурахІманги АбутІалиб Гъафуровги**

гь.ц. 1958 соналъул 21 абилеб августалда, ГІабдурахІман гьавуралдаса 50 сон тІубаялда банги ва гьес гьаруралщинал лъикІал ишазда банги, гьесие кьуна ункъабилебги Ленинилаб орден.

Советияб власть бергьун 50 сон ана. Дагъистаналда гьеб заманаялда хІадурулел рукІуна 52 батІияб профессиялъул специалистал.

ГІабдурахІманида бичІчІулеб букІана республика цебетІезе ккани, гІолохъанал, гІелму щварал специалистал кирго хІалтІизе кколеблъи. Гьединлъидал гьес, 1962 соналда КПССалъул ЦКялда гьарана жив тІоцевесеб секретарасул бакІалдаса нахъе вахъеян. Гьес абулеб букІана бетІерлъуда гьанже рукІине кколин гІолохъанал ва гІелму-лъай цІикІкІун щварал гІолилал абун. Амма Н.С.Хрущевас гьесул гьари къабул гьабичІо.

1965 соналъул 27 ноябралда «РакІбацІцІадаб ва хІалхьи-свак лъачІого гьабураб хІалтІуе гІоло» ГІ.Данияловасе кьуна щуабилебги Ленинил орден.

1967 соналда Брежневас Даниялов жиндихъего ахІана ва абуна: «Дагъистаналъул халкъ магІнаяб халкъ буго. Щибниги зигарди, ахІи-хІур гьечІого, берцинго хІалтІулел руго. Дие нуж цІакъ рекІее гІола. Нижер политбюроялъ дур 60 сон тІубайги кІодо гьабун, мун цІакъго кІодо гьавила, амма дуца изну кьезе ккола радиактивнияб рищни-къул нужер Дагъистаналда ракьулъ бикъизе». Данияловас гьеб къабул гьабичІо. Гьес абуна жив разияв гьечІин жидер бахІарчияб халкъ заман щвелалдего хабалъ букъизеян. Цинги Брежневас абуна: «Гьедин батани, нилъер иш данде ккеларо» – ян. Даниялов, гьесие баркалаги кьун, къватІиве ана.

ГІ.Даниялов Дагъистаналъул обкомалъул тІоцевесев секретарасул хъулухъалдаса нахъе ана. Амма гьев хутІана Дагъистаналъул Верховный Советалъул Президиумалъул председательлъун. Амма кватІичІого гьев гьенисаги нахъе ине ккана. МахІачхъалаялъул горкомпартиялъул тІоцевесев секретарь, жинда лъикІго ГІабдурахІман лъалев Алексей Коршуновас абуна: «Нилъеда кинго цебечІезабизе кІоларо Дагъистаналъул араб тарихалда

гвангъараб лъалкI тарав Шамил, ва гьединго, кинго нилъеда кIочене бегьуларо Советияб власть бергьун хадуса Дагъистаналъеги, гьелъул халкъазеги цIакъ гIемераб хIалтIи гьабурав ГIабдурахIман Данияловги» – абун.

Гьев хъулухъалдаса нахъе ин букIана Брежневас гьабураб кIудияб гъалатI. Цинги ГI.Данияловас цIунана тарихиял гIелмабазул докторлъиялъул диссертация, хъвана МахIач Дахадаевасул хIакъалъулъ тIехь.

16 соналъ вукIана гьев СССРалъул Верховный Советалъул Президиумалъул членлъун.

Ленинил щуго орден гуребги, гьесие жеги кьун рукIана гIемерал шапакъатал «ВатIанияб рагъул орден», «ЗахIматалъул гIаламат» орден, гьединго 17 медаль.

Дир ракI унтун буго гьанжелъизегIанги нилъеца кколеб хIалалда, кколеб даражаялда гьесул къимат гьабун гьечIолъиялъ. Гьеб нилъер налъилъун хутIун буго гьев гIажаибав инсанасда цебе.

Къокъабго заманалда захIматго унтана ГI.Даниялов. Ва 1981 соналъул 24 апрелалда, 73 соналъул гIумруялда вугев ГIабдурахIман Даниялов, нилъедаса ватIалъана.

Гьев вукъун вуго МахIачхъалаялъул хабалалъ. Гьесул цIар кьун буго школазе, къватIазе, техникумазе, колхоз-совхозазе. Ран руго Гъунибги МахIачхъалаялдаги гьесие памятникалги.

Дагъистан Республикаялъул бетIерлъуда рукIаралщиназ щибаб нухалда рагIи кьолеб букIана Данияловасул мемориалияб музей рагьизе бугилан. Амма жакъа къоялдеги гьеб рагьун гьечIо.

Божизе бокьун буго хадусел гIелазда гьев къадрувяв инсан ракIалде щвезавиялъе квербакъизесеб, гьединаб музей нилъер республикаялда кватIун букIаниги рагьилилан.

***ГIабдулатIип ХIАЖИЕВ,***
***тарихиял гIелмабазул кандидат.***



# ЦІИЯЛ АСАРАЛ

**МухІамад АХІМАДОВ**



## ЦІУМАЗУЛ АЗБУКА – АВАРАЗУЛ МАЦІ

* * *

**Дуца дие кьураб балъголъиялъул**
**Болъода эхетун хутІаги, Аллагь!**
**Хвел гьечІолъи буго хвалил унти чІван,**
**ЧІчІваби – бидурихьал тІун руго рекІел.**

**КІул батулеб гьечІо гъамас рагьизе**
**Рогьолъун лъугьараб заманаялъул.**
**ЛъугІун унеб буго, маргьулъун, гІумру**
**Меседил хІулилъун лъугьун буго кечІ.**

## ЛЪАБГІИН

* * *

**Ихдал тІегьарал гъутІби**
**ТІаде гІазу бан руго…**
**Божилъи хех холеб куц!**

* * *

**Цо гІурул кІиго рагІал,**
**КІиялъего цохІо гІор…**
**Рокьи ккарал руго гьал.**

* * *

**Херав вуго хабатІа,**
**Хабар зоной бицунев…**
**Дун гІемер кватІиларин.**

* * *

**Хасалил цІваби руго**
**ЦІорол гордазда цІорон…**
**ЦІорой буго дир рекІелъ.**

* * *

**МаркІачІул хьухьал руго**
**Хьулазда тІад хьвадулел…**
**Рогьелцин херлъун буго.**

* * *

**Гьаб цІияб къарнуялда**
**Къан цІцІулеб буго къисмат…**
**Къиса буго пашманаб.**

* * *

Гуро, гирулеб магIил
МагIна буго батIияб:
– ВатIан, ватIан, дир ватIан.

* * *

МацIалъе хоб бухъизе
Бахъун буго пачалихъ…
Бахъулеб буго дир ракI.

* * *

ГIаданлъи, лъикIлъи, кири,
Кире унел ругел нуж?..
Ниж щайзе рехун толел?

* * *

Дир гIумру цIунулел рагIаби руго
МагIарул мацIалъул кочIол нухазда.
Хадуб бекерула дир росдал сухъмахъ:
– Нахъвусса, нахъвусса, нахъвуссайилан.

МагIил къатIрабазул къваридал гарал
Гирун унел руго рекIел бадиса.
РикIкIада хутIарай херлъарай эбел
Хиралъулей йиго сонал анагIан.

ГIумру сапаразде сверун буго дир,
Сверулеб, тирулеб буго дуниял.
ДандчIвазе бачIуна чиякъаб бакъан:
– Рокъове вуссайин, росулъе щвайин.

Керен унтун буго арал хиялаз,
Хвалил гьаракь буго букIинеселъулъ.
РукIаниги, рекIелъ гIодулел руго
МагIарул мацIалъул рокьул рагIаби.

Гьел дие талихIал кьурал рукIана,
Кьурун рахъун унел руго кодоса.
Каранзул зодосан чвахулеб буго
ГIазуги гороги цолъун балеб цIад.

ЦIадираби руго ТIадегIанасухъ,
ГIумру цIалеб буго – ахир лъаларо:
Росдал тIохде вахун ахIдола магъущ:
– Гъуниве, Гьоноде – рокъовейилан.

* * *

**Росдал ахирисел шагІирзабазе**
**Шагьаралда руго хобал рухъулел,**
**МагІарухъ гьарурал кочІохъабазде**
**Хъвалеб буго тІаде авлахъалъул ракь.**

**Гьарула, дие хоб магІарухъ бухъе,**
**МагІарухъ гьавурав магІарухъ вукъе.**
**МагІарул мацІалда дугІаги гьабун,**
**Дунялалъул рукъ тун, ине виччан те.**

## РАГІАБАЗУЛ ДУГІА

**Кинаб киниялда тараб лъимерлъи,**
**Лъил гьаракь рагІулеб магІарул гъасда?**
**ГІумрудул гІуруца арал соназул**
**Суалазе жаваб жакъа кин кьелеб?**

**Кьурабаз цоцахье кьоял лъураб ракь –**
**Бокьулеб дир ватІан тІагІунеб буго.**
**ТІалъи тун араца рехун хутІарал**
**Хурзаллъун росаби чІунтулел руго.**

**Ахирисеб хабар рагІулеб гьечІищ**
**МагІарул мацІалда? Лъазе кІоларо,**
**Лъала чиярлъиялъ ва чиякълъиялъ**
**Къисматалъул къиса цІалулеб букІин.**

**РукІана халкъалъул некІсиял сиял,**
**Сиязда цІаяца гьабулеб ахІи:**
**ЯхІ-рухІалъул гьаракь цоцазухье кьун,**
**Кьуна тушбабазе дир ракьалъ жаваб.**

**Гьаниб хвел гьечІого цІунун букІана**
**ЦІумазул азбука – аваразул мацІ.**
**РагІуе ритІухъаб миллаталъухъа**
**Бахъун бажаричІо магІарул калам.**

**Цебе тушбабаца ракь бахъулаан,**
**МацІ бахъизе рачІун руго жакъасел.**
**Цебе, кьалги ахІун, бакІ бахъулаан,**
**Гьанже ракІ бахъизе руго тІаделъун.**

Лъимер лъолеб кини, кин мун цIунилеб,
Киналго тIаделъун бекулеб бугеб?
Рахьдал мацIалдасан бецIцIулеб гьоцIо
Миллат кIочаразул кIалдиб кин хъвалеб?

РагIул дугIа буго АхIулгохIалда,
ХIарпазул как буго Гъуниб магIарда:
МагIарул мацIалъул цIвайилал гуллби
Тушбабазда данде роржунел руго.

* * *

Хварал, чIварал, аразул
Заназ сверун ккун вуго,
Сардил бецIлъиги босун,
Сонал гIодулел руго.

Макьилъцин хIалхьи гьечIеб
ХIалихьатаб мех буго,
Михир халкъалда бачун,
Бичулеб улка буго.

ЦIар лъалареб, хIакъираб
ХIинкъиялъ къор ккун буго,
Къоло цоабилеб век
Балагьлъун лъугьун буго.

* * *

Гьанже ватIаналъул ритIухълъиялде
РитIарал кверазда рахсал ран руго.
Дарсал кьолел руго кьер-кьерал гьерсаз,
Кьер Дагъистаналъул хисулеб буго.

КочIое бакI гьечIо, ракI унтун буго,
БукIинесеб буго тушманлъун лъугьун.
ЛъугIун унеб гIумру гьардолеб буго:
Гьонода, Гьонода, Гьонодайилан.

## ГIУЖИЕ ГЪУН ГIАДАМАЛ ЧIВАРАБ КЪЕД

Нарынхъалаялда нахъа буго къед,
Гуллбузул картIазул бусаби ругеб.
Гьенир, гIужие гъун, чIвана гIадамал
Дуниял кIийиде бикьараб рагъда.

Инкъилаб бергьанин рохалилъ – цоял,
Рихxун гьелдасагун рахчулел цоял.
Цо рахъалда – хъахIал, данде – багIарал,
БагIараб бидуца белъараб заман.

Нусго сон аниги, рагIулеб буго
ГIумру чIвазе гьаниб боржараб гулла:

**– Гали цебе тIаме, хъахIав офицер,**
**Яги чIвазе вугев цIияв комиссар.**

**Гуллбузул лъалкIазулъ бидул тIанкI буго,**
**ТункIил хIара буго кьвагьдон багIарун:**
**– БагIарал, къадада цере эхете,**
**Эхеде кьвагьизе кьун гьечIо ярагъ.**

**Къарну ана сверун, хисана дунял,**
**Дун вахъун чIун вуго къадада цеве.**
**Кколеб буго гьаниб кьвагьи бахъинин,**
**Рахънибе гирун дир къаркъала инин.**

**Буго ихдалил къо…Дида рагIула**
**ГIумруялъул рохьоб булбулалъул кечI.**
**Балеб бихьула цIад сверухъ гуллбузул!**
**Булбул чIвалеб  буго гьелъ, рекIелъ бугеб.**

**ШагIир гIужий гъураб къед буго заман,**
**ЗахIмалъулеб буго ахираб лахIзат.**
**АхIулеб рагIула: – АхIмадовасде**
**Даим ишан кквейин, воре, кьвагьейин!**

**Кьвагьана… Дун чIвана… КечIгун ракI чIана…**
**ЧIая, щив талихIав вугев гьелдаса?**
**Дир хвел ватIаналъе хIажат батани,**
**ХIадурав вуго дун, речIчIизе биччай!**

**Амма талихI кьолеб кьвагьи букIинчIо.**
**Бекьана ракьалде рокьукълъигун хвел:**
**БагIарав комиссар, хъахIав офицер**
**Цоцаздаса жеги тIаса лъугьинчIо.**

**…Дербенталъул къадал, – къарнаби лъарал,**
**Къарнабазда гIемер гIассилъи лъарал.**
**Лъарахъе буссараб нахъисеб рахъалъ**
**Нарынхъалаялда буго хвалил къед.**

**БачIунгеги, Аллагь, гьаб гIасруялда**
**ГIадамал гIужие гъолеб замана.**
**Амма, ВатIаналъе хIажалъанани,**
**ХIадурго чIун вуго къадада цеве.**

## РОГЬОЯЛЪУЛ КАВУ

**«Рогьоялъул каву», киб батаниги,**
**Батилин вукIинчIо Дагъистаналда.**
**Нарынхъалаялъул къараб нохъолъун**
**Нахъисеб рахъалда буго гьеб бахчун.**

**… Тушбабаца сверун ккун бугеб хъала**
**Аллагьасул кумек гьарулеб буго.**
**Гьениб щибаб къойил къадар щваразул**
**Къваридал къисматал цIикIкIунел руго.**

**Амма кIолеб гьечIо бахъизе хъала,**
**Хъалалда бан гIумру букIананиги.**
**РакIал гIадамазул щулиял руго,**
**Щулалъи босизе гьез толеб гьечIо.**

**Тушбабаз ургъула сихIираб квешлъи –**
**Балъго бала сардилъ лъадалъе загьру.**
**Дару гьелда данде кинан батилеб? –**
**Тату хвезе гьабун буго къечеялъ.**

**Гьеб кинабго бихьун, балъгого, вахчун,**
**Унев вуго лъутун цевехъан – бетIер.**
**ТIурун гьев ворчIараб кавуялда цIар**
**«Рогьоялъул каву» лъун буго халкъалъ.**

**Нахъе инчIо гьеб цIар кавуялдаса,**
**Кинал заманаби хисананиги.**
**Гьанив хварав ани халкъалъул бетIер,-**
**«Реццалъул кавулъун» лъугьинаан гьеб.**

**Тарихалъ кидаго тамихI гьабула,**
**Бахчун бугин тараб къватIиб бахъула.**
**Биччанте кидаго Дагъистаналда**
**Даим къан букIине рогьодул каву.**

## ГАРГАР

**– Бице, щиб хIал бугеб Дагъистаналда?**
**– Дандерижи буго хIалихьалъидул.**
**– Дунялалъул рокъоб халкъ кинан бугеб?**
**– Халкъ гьечIо, гIадамал гIадада хвана.**

**Абунани, метер нуж чIвазе ругин,**
**РачIун кьерда чIела, жакъаго чIвайин.**

АхIани, яхI бугел церегIан къайин,
Церехъаби руго ахираб кьерда.

Кьурабазул улка, мугIрузул ватIан,
ТIадегIанав Аллагь, хисун бугеб куц!
Хассаб инжитлъиялъ руго рахсал ран,
Саламгицин кьола батIияб мацIалъ.

Шагьаразде руго росаби гочун, –
Чуги чиги гьечIеб магIарухълъи щай?
Шайихлъи щолареб шагIирлъи щайзе,
Шагьабазе балеб какил пайда щиб?

Лъимал – миллаталъул хIикматал хIанчIи
ЧIичIидилел руго чияр мацIалда.
ЦIалкIил гьаракь гьечIо магIарул гъастIа,
Гъарим хутIун руго мугIрул росаби.

ГIужие гъун буго квешлъиялъ лъикIлъи,
Лъилъуларел ругънал лъун руго соназ.
Сонисел бахIарзал, терхерабилъун,
Тирулел рихьула гьури пулелъуй.

– Кин бугеб Дагъистан, кинан вугев мун?
– Кинаб жаваб кьелеб дица лъаларо.
– Кинидахъ кечI билун буго дир миллат,
Минатахъ щущалеб, тIатIала кколеб.

* * *

Щайзе дие гIумру, магIарулаца
МагIарул мацIалъе хоб бухъулелъул?
Хабал рагIалалда гьабулеб дугIа
ГIагараб каламалъ камиллъулареб?

Дун дирго мацIалъул гьаракьлъун вуго,
РекIел кIутIиялъул бакънал рачунев.
Бакъги, моцIги, цIваги дие кидаго
Кинидахъ кочIоца кьурал рукIана.

Дица ахирисеб хIухьел цIалелъул
Щар дур авар мацIалъ ахIила, Аллагь!
Ва дуе гьабулеб щибаб дир дугIа
МагIарул мацIалда букIина, Аллагь!

Дир хутIараб заман – дуе как буго,
Каранда дир гьари – дуде кечI буго.
Гьарула, БетIергьан, рахьдал мацIалъул
ЦIа свине биччаге магIарул гъастIа.

* * *

Гвангъун руго цIваби – зодил чирахъал,
Чиякъаб дуниял гIатIид гьабизе.
Рагъазул ругъунал щун угьдулеб заман,
Мунагьазул рахъу хъирщулеб буго.

Чан хабар бицараб балъго цIвабзазе,
Чан ургъел бикьараб гъасда цIадуе…
Амма гьеб кинабго гIадада буго,
ГIагараб рахьдал мацI кIочон танани.

* * *

ЛъанагIан дуниял къварилъун буго,
Къоринибе ккараб гIумруги буго,
ГIемераб мех гьаниб балин кканиги,
Аллагьасул хIукму лъалев чи гьечIо.

Гьанже ватIаналъул ритIухълъиялде
РитIарал кверазда рахсал ран руго:
Рехсолел рагIула улкаялъ цIогьал,
ЦIарал руго гьезул, байрахъал гIадин.

Тушбаби рохараб мех бачIун буго,
ЧIунтизе тун буго гьунаразул нух…
Гьоноде, Гьонода, Гьонодайилан,
Гьинал ракI росулъе хIалакун буго.

* * *

Дунялалъул рокъоб рекъараб буго
Ракъараб мехальги гIорцIун рукIине.
ГIорцIараб мехальги ракъун ругеца
Бикъун лъугIана дир хирияб ватIан.

* * *

ХутIун гьечIо рекIелъ хIинкъиги хIакъги,
ХIажат гьечIо дие нужер хIакъикъат.
ХIежалда рорчIарал сардал гIела дий,
ГIарафат бихьарал берал руго дир.

Дие хIажат гьечIо нужер Дагъистан,
Дир Дагъистан хвана, халкъ кверде ана.
Нахъасанги речIчIун чIвалел рихьулищ
Рорхатал мугIрулги, магIарухъ дунги?

* * *

Щокъроб къан магIугун гIенеккун вуго:
РагIула рикIкIада булбулалъул кечI.
Булбул - булбул буго… Гьелда релълъарал
ГьечIо кочIохъаби гьанже ракьалда.
Рагъда гIадин хвана гьел гIумруялда, –
ГIумру гьечIеб гIумру хутIана кочIолъ.

* * *

Тушбаби рокьизе кIвей
КIудияб къуват буго,
Къудратав БетIергьанас
БитIун ккарасе кьолеб.

Гьеб къуват лъазе ккани,
Лъазе ккола борхалъи,
Мун, тIаде ваханагIан,
ТIинда вугилан кколеб.

* * *

Дир соназул чIумал, мехазул маххал
Рихх-риххулел руго, тIун унел руго.
Унтиги бухIиги хIехьолеб рекIелъ
БакIаб ургъел буго: – Ана гьаб гIумру.

Ана гIурул ханал рухъулеб гIорлъун,
ГIуру бухъулаго унеб бартилъун.
БатичIо, батилин анищ букIараб,
ЩвечIо, щвелин абун хиял хутIараб.

Буго рекIел рагьдухъ хьван балеб гIазу,
ГIазабалъул цIураб цIорораб дунял.
Дун, куркьбал рекараб росдал цIум гIадин,
ГIодове вортана тахшагьаралда.

ДугIаги рагIиги цолъараб шигIру
ЦохIо лъиданиги гьечIо рагIулеб.
МагIарул мацIалда цIар ахIулелъул,
ЦIар гьечIел кIалъала гIурус мацIалда.

Вихьуларо шагIир хадув вачIунев,
ХутIун вуго гIицIго, бесдал лъимерлъун.
Росабалъги хабар къотIана кочIол,
Къоло цоабилеб векалъ чIвана дун.

ЧIун буго дандбитIун гьеб, Дантес гIадин,
Дуэлалде ахIун дир рахьдал мацIалъ…
Вихьула болъотIе щапулев МахIмуд,
Щолеб буго дида кечI чIвараб гулла.

* * *

Херлъанагӏан хиралъун,
Хиралъанагӏан херлъун,
Хутӏун йиго магӏарухъ
Магӏу бацӏцӏуней эбел.

Гъелъул рагӏигун дугӏа
Гӏагараб ракьалдаса,
Рокьул саламги босун,
Бачӏуна шагьаралде.

Херлъанагӏан йокьулей,
Йокьанагӏан херлъулей,
Хирияй эбел йиго
Гордухъ щибаб рогьалилъ.

Баккула гӏумрудул бакъ,
Бабайилан цӏар бугеб,
Эхеде баханагӏан,
Эбелилан бухӏулеб.

Гьеб бухӏиялъ бухӏулеб
Букӏуна нилъер керен,
Каранда ругел куркьбал
Кьурал руго эбелалъ.

## ШАГӀИРАСУЛ ТӀЕХЬ

Шагӏир, бакъ гӏадинан, тӏерхьун аравго,
Тӏехь бесдал лъимерлъун бихьула хутӏун.
Хутӏарабщиналъул тӏалаб гьабизе
Тӏанчал руго гьелъул рагьулел-къалел.

Рагьдухъ шигӏрабазул замана гьечӏо,
Чӏобоголъун буго магӏарул бакъан,
Магӏарул мацӏалъул магӏирокъобе
Рагӏабазул магӏу буго чвахулеб.

Хисулеб мацӏалъул, холеб халкъалъул
Хабатӏе бакӏарун буго замана…
Гуро, шагӏир бакълъун тӏерхьун аравго,
Тӏерхьун унеб буго миллаталъул бакъ.



# РАКІАЛДЕЩВЕЙ

**ПатІимат МУРТАЗАГІАЛИЕВА**



*Исана 90 сон тІубана магІарулазул машгьурай хъвадарухъан ПатІимат МуртазагІалиева гьаюралдаса. Гьелъул гІумруялъул нухалъулги махщалил хІаракатчилъиялъулги бицараб шагІир ТубхІат Зургьаловалъул макъала бахъун букlана цебеккунисеб номералда. Гьаб буго ПатІиматил «Эбел, жакъа бугеб гьайбатаб къо» абураб хабар.*

## ЭБЕЛ, ЖАКЪА БУГЕБ ГЬАЙБАТАБ КЪО

Ворхатав, залимав, берцинав гІолохъанчи кІитІеледухъ векерун унев вукІана рорхатал рукъзал риххун лъугьарал чІунтелазда гьоркьоса гІебеде. Гьеб бакІалда цо чанго сагІаталъ цебеги букІана дуз битІараб, бацІцІадаб къватІ. Вихха-хочарав Сурен Матевосян рахъ-рахъалде балагьулев вукІана чІваркьизарун бералгун, жив киданиги щвечІеб, цебехун бихьичІеб бакІалде ккарав кинигин. Гьесда рихьулелцин гьечІилан кколеб букІана доре-гьанире ротанхъулел рукІарал, магІил берал цІурал, гІассиго ахІтІолел гІадамал.

Сурен чІун хутІана гьоркьохъеб школалъул щуго тІалаялъул мина биххун лъугьараб маххул блоказулги, чармил чІалабазулги, хъарщи-цІул гъурунги лъугьараб борхатаб гохІалда цеве.

– Давид!!! Дир вас Давид! – иланги ахІун, гІод-гІодун виччан тана Сурен. Гьеб школалде ун вукІиндалха радал кІудияв вас Давид. СукІ-сукІун махІабиги ун, рухІги дагьлъун, ганчІазул гъонодехун вуссарав гьесда макьилъ гІадин рагІулеб букІана гІемерал лъимал данделъараб бакІалда букІунеб хъуй, аваданал гьаркьал. Сурение хирияб букІана гьеб лъималазул хъуй. Школалъул сасалъухъ чІалгІун вугиланги абун, гІемер унаан гьев цІалдохъабазда аскІове щвезеги, васасул учительница йихьизеги…

Циндаго рекІедаги ватун, Давидилан ахІтІелаго чІунтелалде тІаде ххарххадизе лъугьана Сурен. Чанго нухалда гІодов речІчІана гьев. Цо бакІалда гьесда рихьана гъура-чункарал партабазул хутІелалги, лъималазул тІутІу-хъухъурал портфелалги, тІахьалги, тетрадалги. Гьеб гІассияб сипаталъ цІорораб сири базабуна гьесда. Тарталаго портфелазда аскІовегІан ана. Гьелда квер хъвазе хІинкъарав гІадин, кодобе босана аскІобго букІараб тетрадь.

МагIица руччизарурал беразда цинтIаго гуро бихьараб гьелда хъвараб жо. Тетрадалда хъван букIана: «Матевосян Давид» абун. Каранде къан тетрадгун, гьеб чIунталида гьоркьосан чIагояв вас вахъун вачIинев гIадин, бугеб хIалалъ гьаракьги биччан Давидилан ахIтIезе лъугьана гьев. Васас жаваб кьолеб букIинчIо. Сурен нахъеги балагьана тетрадалде. Гьес цIалана:

«1988-абилеб соналъул 7-абилеб декабрь. Диктант. Эбел, унго жакъа бугеб гьайбатаб къо. Лъаларо щай дие радал школалде ине бокьун букIинчIебали. Кин букIаниги, рокъовго чIун вукIаравани лъикIан. Учительницаялъ бицунеб жо ботIролъе унаро, щаяли, мун цееса уней гьечIо. Щибиландай нужеца абила гьаб «диктанталъе» кIийилаб лъураб дир тетрадь бихьараб мехалда. Учительницаялъ абурал рагIаби гуро дица гьанир хъвалел ругел, дирго ракIалда бугеб жо хъвалеб буго. Эбел…»

ТIокIаб цониги рагIи хъвазе васасул рес букIинчIеблъи бичIчIана инсуда. ГьебсагIаталда, жиндирго беразда цебе тIохги тIаде тIун, вас чIчIинтIараб гIадаб асар ккана Сурение. Жеги парахалъун букIинчIо ракь. ХъущтIулел рукIана ганчIал, гьенолеб букIана рищни. Цо лъицаялиго Суренида абулеб букIана гъоркье лъугьаян, гьев чIараб бакIалде тIасан щибниги бортизе бегьулилан. ТалихI къарав инсуда гьеб гьаракь рагIулебцин букIинчIо. Гьев валагьун вукIана чIунтелалде, гьелъ жинда васасул хIакъалъулъ цо щибниги бицинеб кинигин.

Гьеб лахIзаталъ дадаян ахIулеб гьитIинав васасул гьаракь рагIанилан ккана Суренида. Гьев тIуркIана. Цинги гьеб гьаракь, риччалъ гIадин вугев жиндаго жаниб бахъараб хъуди букIин, ай хIакъикъат гуреблъи лъайдал, жеги гъваридго пашманлъана ва лъималазул ясли бугеб бакIалде вортана гьев. Гьенибги бугоан добго хIал. Мина биххун хутIараб чIунтелалда сверухъе ракIарун ругоан гIемерал гIадамал. ГIодулел, ахIдолел, угьдилел эбел-инсул гьаркьаз щибниги рагIизе толеб букIинчIо. Мина жеги ччукIарулеб букIаниги, тIоцебесеб тIалаялъул гордаздасан жанире кIанцIулел – цоял, лъималги кодор ккун къватIире рачIунел – цогидал… Гьесда чIаго ватана Леван. Каранде гьевги къан, къвалакь цойги васги ккун вачIана къватIиве. Гьедин гьабуна цоги ва цоги нухалда. Гьес хвасар гьабуна анцIгониги лъимер ва нахъеги вортана довего. КIиго лъимерги бачун вачIунаго битIахъе бетIералде бортун бачIана бакIаб бетоналъул хъарщи. ТIокIав кьуричIо Сурен. Хвана цадахъ рукIарал лъималги. Дадаян ахIтIелаго, гьесда аскIове вортарав гьитIинав Леванги чIвана цо маххул хIосоца. ГъоркьчIел гьабурав чIвадарухъанас ургъунго кьабураб гIадин, битIахъе васасда тIаде бегун бачIана гьеб.

Гьесдаги Суренидаги гьоркьоб ракьул гохIда тIад бигъун хутIана Суреница лъороб къазабун цадахъ босун букIараб Давидил тетрадь. Гьелъул тIанчазда тIад бетараб хIуралъ хIарпалги рахчун бугоан васасул «диктант» - эбелалде гьабураб хитIаб. Гьей жийгойин абуни гьеб кьогIаб хIакъикъаталдаса рикIкIада йикIана.

…Доб къоялъ Маро радалго йорчIана. Яхъине заман щун букIиндал, ялъуни киениги ине гIедегIун йикIиндал гурей гьей радалго йорчIарай. Бусада аскIоб лъураб кинида жаниб кьижараб лъимер гIодизе кколаро, гьеб багъа-бачарарбги гIола эбел йорчIизе. Щаялиго хIалицаго рагьана Мароца, ризал тIелхаз тIаде рагIад гьабурал, чIахIиял берал. Рек-рекизе чIегIерал кьунсрулги гьарун, гьимулаго, киниялде тIаде къулана гьей. Гьаюгьинан кодое йосана яс,

тIад жемун рукIарал риччарал чIарталги хисун, каранде къана гьей. Бащдаб лъагIелцин бачIеб лъимадул кIалалъ, жеги берал ричIилалдего, балагьулеб букIана эбелалъул керен.

Гъираялда къулчIулеб букIана гьитIичица эбелалъул рахь. Цо батIияб разилъи букIунаан Марол лъимер хахизабулеб мехалда. ЦохIо жиндирго лъимадул гуреб, тIолабго эбелаб ракьалъул гIумру жинца даим гьабулеб бугеб гIадаб асар кколаан гьелъие. Ясалъ рахь гIуркъулеб сасги росас хIухьел цIалеб сасги цадахъ кколеб бугилан пикру ккарай Марол гьайбатаб гьумер тIегьан бачIана.

Гьеб лъимер хахизабулебщинаб мехалда Марода ракIалде щолаан Гуржиялдаса гьудул Лия. Гьел кIиялго цо чамалиго соналъ Москваялда цадахъ цIалулел рукIана. КIиязулго гIамал-хасият данде кколаан. ТIул бикьарал яцалгIанги цоцазе хириял рукIана гьел. Гьудулалда цее Маро гьедун йикIана, жиндие яс гьаюни, гьелда цIар Лия лъезе бугилан. Амма гьеб мурад тIубазе гIемераб заманалда балагьун чIезе ккана. Мароца цин кIиго вас гьавуна. Цояв – жиндаго релълъарав – буччараб, кIургI-кIургIараб кар бугев. Цояв – инсуда релълъарав. Гьел васазде тIаде гьаюрай йикIана гьудулалъул цIар лъурай Лия.

ГIорцIараб лъимер нахъеги кьижун ккана. Тамахаб, хинаб, дунялалда бищунго гьуинаб махI жиндаса бугеб гьитIичил гьурмада убачалги гьарулаго, Мароца гьей нахъеги кинида лъуна. Жийгоги егана. Гьанже гьелда цебе букIана, юргъан нахъехун чIвайдал гIицIго хутIараб, бакъуцаги лъадацаги мазгаралъул кьер чIвазабураб росасул мугъги, лахIчIегIераб, бучараб каралъул бетIерги. Гьесда тIаде юргъан бачине гьесана Маро. Гьелъул бухIараб хIухьел чIван ворчIана Сурен.

– Дир Маро… Дунялалда бищунго гьайбатай армениязул Мадонна… Мун кьижизе толей гьечIоха нилъер гьитIичица. Валлагь-биллагь гIайиб буго дур Лияда. Гьадай йикIун ятизе йиго рахIат хварай жо. Ясалда дир эбелалъул цIар лъун букIарабани, сордо рогьинегIан гьелъ дур рахIат хвезабилароан. Балагьея, гьанже гьой юцIцIун йигелъул, мунгоги кьижа. Амма цин дуцаго рахь гьекъезе ккела. Гурони, гьитIичие квен гIеларо. Дица гьабсагIат босун бачIина, - янги абун, бусадаса вахъана Сурен.

– Ма, гьале хинго буго, - ян рахьдал цIураб суркIа кьуна Сурeница лъадухъе, - кинабго гьекъе. Вореха, тIаде яхъунге, яс йорчIизегIан кьижа. Васал дицаго тIурала.

Инсуца бусадаса рахъинаруралго, къаси бусада ретIунеб ретIел тIаса бахъилалдего, васал эбелалда аскIоре роpтун рачIана. Сордо рогьинегIан гуреб, гIемераб заманалда йихьичIей кинигин, къочарана гьел эбелалда. Цинги иргаялда кодое йосулей йикIана гьитIинай яц. Жийго те яс, гьей хIалицайин кьижизаюрайин эбелалъ абулеб букIаниги, гIинтIамичIо васаз.

– Эбел, гьитIинай Лия кида кIалъазе йигей? Гьой щай юцIцIун чIолей? – ан цIехолеб букIана Леваница.

– Эбел, кIудияй гIураб мехалда Лия йитIизе ккола нижер школалде. Нижер гIадай лъикIай учительница школалдаго гьечIо, - ян абуна Давидица. – Дица кумек гьабизе буго яцалъе.

– Бихьинал, нужер пиша щиб?! Нилъ къватIире лъугьине кватIулел руго гури! Хехлъи гьабун хIадурея! НекIого мех щун буго кваназе! – ян абуна Суреница, лъималазул накъиталъ ракI хIайран гьабун букIаниги.

КъватIире унаго, кидаго гIадин, эбелалъулгун къо-мех лъикI гьабизе рачIана росги васалги. Гьеб къоялда кIудияв вас Давид, щаялиго, гIедегIулев вукIинчIо эбелгун ватIалъизе. ГьитIинав Леван хехго вортун ана инсуда хадув, Давидилан абуни, эбелалъухъ валагьун чIун вукIана, гьелда гьабсагIаталда къочичIев, некIогоялдаса йихьичIей гIадин.

– Баба! Дун жакъа рокъовго те, бокьун гьечIо школалде ине… Те дуда аскIов, - ан абуна Давидица, гьарулеб гьаркьидалъун.

– Давид, щай, дир вас, гьедин абулеб? Унтулеб бакI бугищ? – ан цIехана эбелалъ.

– Щибниги унтулеб гьечIо… Дуда аскIов вукIине бокьун буго…

– Давид, мун гьанже гьитIинав жо гуро! Щуабилеб классалда цIалулев вуго… - Сурен, Давидие бокьун буго жакъа рокъовго чIезе. ЖивгогIаги тани щибан…

– Давид, мун гьанже гьитIинав чи кколаро! Щуабилеб классалъул цIалдохъанас гьединаб хабар бицине бегьуларо! Бокьани, унеб, бокьичIони инчIого чIолеб бакI гуро школа! – янги абун, кверги ккун, вачун ана Суреница вас. Давид тIадвуссунги балагьана эбелалъухъ.

Марода кIочон толелго рукIинчIо васасул берал. Давид цIалулев вукIана аскIобго бугеб школалда. Дарсал лъугIараб мехалда гьев живго тIадвуссунаан рокъове. Леван инсуца щвезавулаан. ХIалтIи лъугIараб мехалда цадахъ рокъовеги вачунаан. Щибаб къоялда гьел киналго гIедегIун рукIунаан жидерго рокъоре щвезе, эбелалъул гьаракь рагIизе, гьелъул тамахал, хинал квераз гьабураб, дунялалда бищунго татуяб квен кваназе. Гьединаб хIал букIунаан, лъималазул гуребги, жиндирго Суренилги. Гьедин букIунаан…

Лъалеб букIарабдай гьеб хъизамалда жал кигIан талихIал ругелали? Пикруго гьабулеб букIанадай гьеб рахъалъул? БукIун батиларо. Гьел ругьунлъун рукIиндалха талихIалде. БатIайиса букIунебилан пикруцин кколеб букIун батиларо. Амма гьаб бакъул дунялалда щибниги гьечIо даимаб жо, гIумру кидаго гуро цохIо хIалалда хутIулеб…

Росас малъухъе бусада егун чIечIо Маро. Ясалъул риччарал чIартал чурана, гьел ракъвазе рана. Ракъваралщинал къвалцIун росун киниялда аскIоре щвезаруна. Цинги йортана богорокъое. Школалдаса васги, къаде кваназе росги рачIинегIан хинаб квен хIадур гьабун тезе бокьулаан гьалъие. ЦIетIа гьанги лъун, бусаби ракIарана, рукъзал лъухьана, хIур бацIцIана, цIа-рагI чурана.

Кьижулеб рокъоб кидаго букIунаан кIиго кIудияб термос. Гьезул цояб цIезабун букIунаан пихъил компоталъул. Рахь лъикIаб букIиналъе гIоло Мароца гьекъолаан компот. Цогидаб, лъабго литра жанибе унеб термос букIунаан гьалараб лъадал цIун. Гьелдаса пайда босулаан цIорорабгун жубан яс чуризе. Мароца термосалги цIезаруна. Цинги ведро цIураб цIорораб лъимги щвезабуна яс йигелъубе. Егулеб рокъоб хинго букIиндал яс чурулаан ва ющулаан гьенийго.

Нахъеги богорокъой квалквадилей йикIарай Марода ясалъул гьаракь рагIанилан ккана. Амма рокъове жание щвараб мехалда гьей гIодулей йикIинчIо. ГIодулеб лъимадул гьаракь гуреб – «вуу!.. вуу! вуу!» – ян, гъоба рикIкIадегIан, гъварилъуда, ракьул чохьониб залимаб жанавар гIассилъун

хъудулеб бугеб гІадаб сас рагІулеб бугилан ккана гьелда. Гьеб параялъго цо сунцаялиго кутакалда тункарай гІадин, рукъалъул къеда речІчІизаюна Маро. ХІалицаго гІадин тІаде яхъун ячІунаго, цояб рахъалде рехана гьей. Рукъалъул къадал кІала-гъоркье руссун рачІунел ругилан ккана, гьебго заманалда лъимадул чІчІичІчІи рагІана. ХІалица хъурщана Маро киниялда аскІое. ГьебсагІаталда нахъойги бахъараб хъуялъ гІинкълъизаюнин ккана. Къадал цояб рахъ щапун ана цебехун. ТІох, гІодобе бортун, маххул хІосалда тІад бан хутІана. Щап-щапун рачІарал цогидал къадаз канлъи къотІизабуна. Сверухъе риххулел къадазул гьаркьаз Къиямасеб къо чІун бугилан кколеб букІана. лахІту гІадаб бакІалда каранде къан лъимергун яхъун чІун йикІарай Маро халкккун йикІана гьебсагІаталда тІох тІаде тІун бачІинилан. «Вай, дир лъимал! Вай дир Сурен! Сурен! Лъималазул тІалаб гьабе!» - ян ахІдолей, угьдилей йикІана Маро.

Рукъалъул бащдабгІанасеб бутІаялде тІох тІечІо, гьеб дал-далун хутІана. Маххул хІубаз ккун чІезабуна бетІералде тІаде бачІунеб букІараб кІудияб балагь.

– Вай Аллагь! Байбихьарабищха доб атомалъул рагъ? Дунялалда ругелщинал лъикІал гІадамаз бухьун чІезабун букІараб балагьалъул къвачІа бичарабищха дуца, БетІергьан?! Кинаб мунагьха нижеде ккараб, гьаб Къиямасеб къо чІезабизе ккани?..

Гьединал рукІана Марол пикраби. ЦинтІаго гуро гьелда бичІчІараб дунял багъарараблъи.

Армениялъул ракьалде балагь бачІараб азаралда ичІнусиялда ункъоялда микьабилеб соналъул анкьабилеб декабрь букІана гьеб. СагІтихъ балагьизе рес букІарабани, Марода бихьилаан анцІила цо сагІатгун кІикъоялда цо минут тІубарабго чІараб, гьелдаса хадуб абадиялъего чІун хутІараб сагІат. ТалихІ къарал, къо бухІарал гІадамазухъ балагьун гІодиялъ, гьезда гурхІун угьдиялъ сагІтилцин ракІ кьватІун бугилан ккелаан чІужугІаданалда. Хадуб бичІчІана Марода гьеб сагІтил кІутІи чІаралдаса нахъе жий талихІ къарай гІаданлъун лъугьарайлъи…

– Вай дир лъимал! Вай дир дарманал! – илан ахІдолей йикІана Маро. Амма тІокІаб гьелъухъа гьабун бажарулеб жо букІинчІо. Кинаб рахъалде квер квашаниги, къватІибе нух букІинчІо. Кисанниги кунчІулеб канлъи букІинчІо. Каранде къан гьитІичгун гІодулей чІужугІаданалда цере рукІана кІиявго вас. Хасго школалде ине бокьун гьечІин, рокъов теян гьарделев вукІарав Давидил цІодорал берал!

– Вай дир дарман! Гьаналъ бицунебдай букІараб ахирисеб нухалда рихьулел рукІин? Вай дир месед, дир гьитІич Леван! Нуж чІаго ругелищ?!

Угьдилей, гІодилей, ахІдолей чІужугІаданалда рагІулел рукІана мадугьалихъан гьаркьал. Жий чІвалей, носоца къотІ-къотІулей йигей гІадин ахІдолей рагІана цо чІужугІадан. АхІдараб ахІдеялъ ссвараб гІадин рагІулеб букІана бихьинчиясул гьаракь. Керен кІихІи бихьиледухъ ахІтІолеб, чІчІичІчІидилеб цо лъимадулги гьанже гуреб гьанже ракІ кьватІилилан кколеб букІана. Марое бищунго кІудияб асар гьабулеб букІана гьеб гьаракьалъ. Гьедин ахІтІолел ратилин жиндир лъималгиян ккарай гьелъул ракІ бихъулеб букІана. Амма бихъичІо ракІ.

Огь, тамаша! ТІаде къо ккараб мехалда инсанас хІехьолебщинаб гІакъуба, баччулебщинаб захІмат! Дунялалда бищунго хІеренаб гІадамасул ракІ чармилаблъун лъугьунеб батилин ккола гьединаб заманалда…

ГІисинккун сородулей йикІана гьанже Маро. Гьелда рагІулел рукІарал гІассиял гьаркьал, кумек гьарун ахІдолезул гьаркьал дагьлъулел рукІана. Цо заманалдасан къотІана аскІобго гІадин рагІулеб букІараб угьдиги. Гьанже дагьайги цІакъ хІинкъана Маро. Гьел гІадамал хехго хвеялда урхъараб гІадаб асар лъугьана гьелъие. ХвезегІан кигІан гІакъубадай бихьила жиндаги ясалдагиян абураб пикруялъ йосана кодой.

– МунгІаги кив вугев, Сурен? Мун лъималазухъе щваравищ? Рокъове кин вачІунарев?

Сурен киданиги, сунцаниги къуркьилин кколароан Марода. РакІчІун букІана гьанжеги васалги рачун рос жиндихъе вачІинилан.

– Валлагь-биллагь, талихІал руго хехго хварал, - ан угьдана Маро, - ургъелги гІакъубаги тІаса босана гьездаса… Лъималазулги росасулги бугеб хІалги лъаларого, гьаб бецІаб хабалъ чІаго йикІинегІан хвейго лъикІан… Дица бицунеб жо щиб? Дун цее хвани, гьай ясалда кигІан гІакъубадай бихьила? Якъуца хвела гьай пакъир… Йохъ! Дун чІаго йикІине ккола, дица дур тІалаб гьабизе ккола! Хахе, дарман, керен, хахе! ЧІая, рахь цІунизе ккеларищ? Дагьа-дагьабккун кьун лъикІ. Гуро! Гуро! Лъимералъ хаханагІан цІикІкІун бачІунин рахьилан гурищ абулеб? Кинха дица гьалъие халатккун хьулухъ гьабилеб канлъиго гьечІеб бакІалда? Гьабизе ккола! Дунялалда гІемер руго гури беццал гІадамал. Гьел талихІ къаразе гвангъараб бакъул дунял кидаго лахІтугІан бецІаб буго. БукІаниги щибха, гьел ругьунлъула бетІербахъи гьабизе, канлъи бихьичІониги иш гьабизе. Кверал тІатІала лъун чІоларо гьел гъаримал, - илан риччалъ гІадин жиндагоги гаргадулаго, гелгедизе лъугьана гьей.

ТалихІ ккана кІиябго термос бигьаго бекулареб тайпаялъул букІин. Гьанже эбелалъ яхІ бахъулеб букІана яс йиччизе йиччангутІизе. КигІан гьитІинай йикІаниги, гьей зама-заманалдасан яккулей йикІана. Чуризе лъим гьечІелъул биччараб чІартица яцІцІун толей йикІана. Лъим цІунун букІана гьекъезе. Гурони сундул лъугьинеб каранда рахь? ЛъикІ ккана гІезегІан чІартал киниялда аскІор рукІин, амма кигІан мехалда гьел гІелел? Бихъ-бихъун бана шифоньералда жаниб букІараб ретІелги бусадул къайиги. ТІад жемулел рукІана шалил юргъанал.

ТалихІай чІужугІаданалъул, вокьулев росасул лъадул, хириял лъималазул эбелалъул гІумруялъул къоял кидаго роржун унел рукІун ратани, гьанже гьеб лахІту гІадаб, нохъо лъалареб, хоб лъалареб бакІалда заман цохІо бакІалда чІун хутІун бугилан кколеб букІана. Амма заман унеб букІана кидаго гІадин. Лъималазул ургъелалъ жийго хІалакълъулей, язихълъулей йикІинцин лъалеб букІинчІо Марода. Гьеб рахьалъул ургъелцин гьабулеб букІинчІо гьелъ. Якъиялъ тату хвараб мехалда цо дагьа-дагьаб лъим гьекъолеб букІана. Бищунго захІмалъун букІана каранда рахь къанагІалъи, хахун гІорцІулебго букІинчІо лъимер…

…Марода лъалеб букІинчІо, чан къо жинца бецІаб чІунтелалда барабали, къватІиб сордойищ, къойищ бугебали… Лъимер кьижун ккараб мехалда

гъапуллъун ятулаан, гьеб гIодарабго йорчIулаан. Жаниб цIа рекIараб кинигин, бухIулеб чIолеб букIинчIо чехь. Цере рукIунаан васазул гьурмалги росасул сипатги. Мех-мехалда рикIкIадасанго гIадин рагIулаан машинабазул хъудиги, гIадамазул гьаркьалги.

Гьединаб мехалда кIвараб хIалалда ахIтIолаан Маро, амма лъицаниги кьолароан гьелъие жаваб. Жиндир загIипаб гьаракь гьеб чIахIиял панелазул пажалда жаниса къватIибе рагIулеб батиларилан кколаан гьелда. Гурони, щайха жаваб кьолареб? Щай гIадамаз кумек гьабулареб? Щай хвасар гьаюларей? Щай? Щай?

Огь, замана! Замана! Мун бугеб тамашаяб, ракI квешав чиясда релълъараб, кинабго гIаксалда гьабулеб! ГIедегIугейин, гIодобе биччайин, талихIалъул, хIасраталъул лахIзатал цодагьал халат гьарейин наку чIван гьарулеб мехалда мун уна тIурун, бекеризе тIамизе хIадур гьабураб айгъиралъ гIадин бачуна дуца юргъа. Амма хехго айин, берзукьа щинкIайин хIакъдулеб мехалда гIинцин тIамичIого тIад тIепун чIола, гIисинккун цIад балеб мехалда чIегIерал накIкIал кинигин…

Марода кколеб букIана жинца гьеб «туснахъалда», цо чанго къо гуреб, чамалиго моцI бан батилилан. Гьелъул рукIарал хьулал, гьеб бецIлъиялъулъ щущалел ругел кинигин, тIагIунел рукIана. ТIокIаб тIаса унеб жо гурилан кколеб букIана бецIлъи.

«Йохъ, чIаго ратиларо дир дарманал. Сурен сах-саламатго вукIаравани, гьесул чорхолъ рухI букIарабани, некIого гьаниве щун ватилаан, ниж цIехелаан, хирияб гьаракьалъ дир цIар ахIилаан. Дицаги кьелаан жаваб. КигIан загIиплъараб букIаниги, дир гьаракьги гьаб лъимадул гIодиги, лъидаго рагIичIониги, досда рагIилаан ва ниж хвасар гьарилаан…». Гьедин ургъулей йикIана талихI къосарай Маро.

Гьелъул къуват тIагIунеб букIана. РухIго гьечIей жо гIадин щапун ккун ячIунаан. Амма лъимадул гьаракь бахъарабго, гьей тIуркIун ячIунаан, чорхолъ бугебги жеги гьезего-гьечIебги чIанкI данде бакIаризе тIамулаан гьеб гьаракьалъ. Гьанже яс гIемер гIодулей йикIана, кинго ругьунлъулей йикIинчIо гьитIинай Лия якъун чIезе. НекIо цо чанго сагIаталъ кьижулей йикIун ятани, гьанже хехго йорчIулей йикIана. Ясалда цадахъго гIодулаан эбелги. Амма магIуялъ лъимер гIорцIизабулеб букIинчIо, кигIан керен хаханиги парахалъулей йикIинчIо яс. Гьебги рехун тун чара тIагIинегIан гIодулаан. Лъим кьураб мехалда юцIцIунаан гIицIго дагьаб заманалда.

– Лия! Дир рекIел гьудул, Лия! Мун щиб гьабулей йигей гьабсагIаталда? Лъала парахат ятилейлъи. Нижеда бугеб хIал лъани щибиландай дуца абилаан. Унго, гьаналъ, ракIалъ бицунеб гьечIищ нижеде бачIараб балагьалъул? Гьедун гурищ рукIарал къварилъиги гIатIилъиги бащад гьабун бикьизе бугилан? Щайха мун хIалай яхъунарей? Дурго цIар лъурай гьитIикI якъуца холеб мехалда кин парахат чIезе кIолей? Лия! Хирияй! Гьай гьитIичалда къочардулеб мехалда дуца абулеб букIана гьалъул гIисинал лугбузулъ дурго би чвахулеб бугин кколилан. Унго-унголъунги дур би хьвадулеб батулебани гьитIичил чорхолъ, мун йигелъулха залимай, къуватай, чIанкI бугей гIадан. ХутIилародай ниж чIаго… Росасулги васазулги къисматги лъачIого холей йиго дун. ТIокIаб

къуват гьечIо… Ясалъ хахизе, гьалъие кьезе нигIматги дир чорхолъ гьечIелъул. ЧIая, чIая! Щай букIунареб? Дир ракI жеги чIун гьечIелъул, гьеб хIалтIулеб бугелъул! Дир чорхолъ би буго гури! Гьеб гурищ аслияб жо! Гьа-гьа-гьа! Щиб лъалеб, дир биялъ хвасар гьабизе бегьула лъимер! – Маро балагьана жиндирго кверазухъ. Гьелъул берazда кверал рихьулел рукIаралани, гьелда лъалароан жиндирго кверал. Амма Марода кколеб букIана жинда кверал рихьулел ругилан. Цинги гьурмада чIвана кверал, гьезул хIалбихьулей йигей кинигин. Би… Би… Би… Сундалъундай гьеб чваххизабизе кIвелеб?

Гьеб мехалда Марода ракIалде щана жиндирго гьалазда чIвараб брошка. Гьеб букIана рекIее хирияв Суренил сайгъат. Лъеберго сон бараб къо баркулаго росас жинцаго лъадул гьайбатал гьалазда чIвана тIад месед бекьараб, Мароe бищунго хирияб тIогьол сураталда гIарцул гьабураб брошка. Гьеб къоялдаса нахъе киданиги батIалъичIо Марол гьалаздаса Суренил сайгъат. Гьей йикIана лъебералда цоабилеб сонилъ. Гьанжейилан абуни Мароца хIалица бахъана брошка руща-рутарал, некIогоялдаса гьоркьо бихьичIел гьалазда гьорлъа. ГьебсагIат цебе бачIана доб рохалил къо. Гьадаб аскIоб бугеб, гьанже чIунтел лъугьараб рокъоб букIана данделъи. Дунялалда бугебщинаб нигIмат тIад лъураб стол букIана берцинго къачIан. Гьелда сверухъ гIодор чIун рукIана бищунго Мароe хириялги гIагаралги.

– Чахьал цIезаризе ва гьекъезе гIилла букIине гуро гьадинал къоял тIоритIулел, - ан абулаан Сурениц, - гьел тIоритIизе ккола лъималазда кIочон толареб хIалалда. ГIемерал сонал араб, кIудиял гIураб заманалдаги лъималазда рохелгун ракIалде щвезе ккола эбел-инсул рукъ, гьезул берцинал пишаби, гьуинаб гьоркьоблъи. Эбел-инсуда аскIор тIамурал лъимерлъиялъул соназул ракIалщвеяз пашман гьарулел гIадамал талихIал рукIунаро. Нилъер гьаб рукъ букIине ккола лъималазе бищунго хирияб бакIлъун. Кидаго гьезул ракIчIун букIине ккола нилъ жидер рекIелал гьудулзаби ругилан… Лъималазда лъазе ккола гьез цебехун тIамураб щибаб галияладаса, лъикIал ишаздаса нилъ рохизе рукIин, гьелдаса кIудияб талихIги рохелги нилъее гьечIеблъи. Гьеб мехалда нилъер лъималазе кидаго бокьизе буго рокъоре рачIине, кире аниги тIадруссине.

Гьелъин гьес хассал бакIазда, бищунго хIурматияв гьалбал кинигин, гIодор чIезарун рукIарал Давидги Леванги. РакIалде щвана доб къоялда рицанщинал берцинал рагIаби. Сурениц брошка эбелалъул ботIрода чIвалаго, хIухьел ккун, балагьун рукIана васал.

– Унго-унголъунги, хIакъикъаталда букIараб жойищха гьададинаб гIумру? – ян щаклъизе ячIана Маро. Амма брошка букIана гьелда кодоб. Суренги ракIалде щун, гьелда убачал гьаруна. Доб къоялда столалда букIараб кванил махIги бугин гьелдасаян ккана. Маро тIуркIун ячIана яс гIодизе лъугьараб мехалда. Чехь бухIизе лъугьана ракIгурхIиялъ. Брошкадул рукIкIун гьитIинаб килщил рагIалда къазабуна гьелъ, лабораториязда анализал гьаризе би бахъулеб къагIидаги ракIалде щун. Гьенисан риччел баккидал йохана гьей.

– Ма, бабал, хахе! ТIокIаб дуе кьезе жо дир гьечIин. Хахе ва чIаго йикIа. Нагагьлъун мун чIаго хутIани¸ гIадамаз хвасар гьаюни, дун кIочон тоге. Дурго эбелги, эменги, вацалги щал, кинал рукIаралали лъазабе ва гьезул цIарал ракIалда чIезаре. Дурго лъималаздаги бице нижер хIакъалъулъ…

Риччалдаса араб гІадин лъугьана Марол килищ, амма яс юцІцІана. Гьей кьижун ккана. Цодагьаб ракІ гІодобе биччарай эбелги гьапуллъана. Цо заманалдасан Мароца борлъана кІиабилеб килищ. Гьедин тІолалго килщаздаса би чвахараб мехалда, Маро тІадюссана тІоцебе би биччан букІараб килщиде, амма гьеб хахун хадубги яс юцІцІинчІо. Щиб лъалеб, килщидаса цІцІулеб букІараб эбелалъул бидул къатІрабазищ яс юцІцІинаюлей йикІарай, ялъуни килщал цІцІункІун свакаялъищ?

…Марол хІал дагьлъана. ТІокІаб гьелъ гьабун бажарулеб жоб щибниги букІинчІо. Каранда рахьги тІагІана. Гьанже лъимер гІоданщинахъе, кир ругел лъаларел, гІадамазде ахІи балеб букІана Мароца.

– ГІадамал ва гІадамал! Нуж кир ругел? Щай кумек гьабулареб? Щай ниж хвезе толел? Дунялалда чІагояв чигойищ хутІун гьечІев?!

Амма Марол гьаракь цІакъ загІипаб букІана. Кумек щвеялдаса хьул къотІана. Жиндирго гІакълу босараб мехалда лъимер кодоса гІодобе бортун тункизе гурилан, гьеб цІидасан бущинеги бущун, тІад хинго жоги жемун, гІодоб лъуна. Мароца берал къанщана ва нахъехун егана. ЧІечІого гІодилеб бугеб, гІодиялъ гьаракь къараб лъимадухъ ракІгурхІиялъ гьабизе жо тІагІарай эбелалъ Аллагьасда гьарулеб букІана жиндир рухІ хехго босеян, гьеб гІазабалдаса хвасар гьаеян.

Цо заманалдасан, макьилъго гІадин, рагІана хІапдолеб гьойдул гьаракь. Гьаби рихарай чІужугІадан гьеб хІапдеялъ йохизаюна, бищун хирияв чиясул гьаракь рагІараб мехалъ гІадин. Гьей тІуркІун тІаде йорхана ва гІенеккана.

– Лия, хирияй! Цо дагьалъ юцІцІа, нилъ хвасар гьаризе руго, - ян абуна гьелъ ясалда тІад кверги бахъулаго. Хадурго рагІана гІадамазул гьаркьалги, аскІобго квалквадулеб сасги.

– ГІадамал! ГІадамал! Ниж гьанир руго! – ян ахІулеб букІана Мароца.

– ГьабсагІат щвела тІаде! ХІинкъуге, сабру гьабе цодагьалъ! – ан рагІана къватІисан бихьинчиясул гьаракь. Гьеб гьаракь рагІизегІан балагьун чІун нусго сон ун батилилан кколеб букІана Марода. Разилъиялъ агьан гІодана гьанже гьей.

Риххарал къадазда гьоркьосан циндаго канлъи баккун бачІана. БецІлъуда ругьунлъарал Марол беразда гьеб гьитІинаб канлъиги цІакъго кІодого бихьулеб букІана. Гьанже чІужугІаданалда рагІулеб букІана гІемерал гІадамазул гаргар. Амма гьезул цонигияв вихьилалдего нахъеги къан ана гьитІинаб горду. Гьелда цебе ккана тІасан хъуштІун бачІараб тІалу. Цо заманалдасан нахъеги рагьана горду ва нух гьабуна бецІаб рокъобе. Гьениве жаниве лъугьун вачІана ворхатав, залимав бихьинчи. Меседил кьералъул катІариялдаги кьунсруздаги тІад хІур ккун букІаниги, сси хун гьечІоан гьесул берцинаб сипаталъул. ГІажаибго балагьана гьев Марохъ. Хехлъи гьабун цин лъимер бегьана къватІибе. Цинги гьес лъимергІан бигьаго кодое йосана загІиплъарай Маро. Гьей гІолохъанай чІужугІаданалъул хІалакълъиялдеги тІубан хъахІлъараб ботІрохъги балагьун, бихьинчиясул, роцІараб зодил кескал гІадал, беразда жаниб магІу хулун букІана. Гьеб мехалда Марода лъалароан жиндир цІар арал гьалал хъахІлъун рукІин. Бихьинчияс кодойги ккун гьаваялде, бакъул канлъухъе, чІагояб дунялалде, чІагоял, сахал гІадамазда гьорлъе ячараб мехалда гьел гІадамазе гІемерал суалал кьезе бокьун букІана Марое, амма гьелъул берал рухІулел рукІана, бетІер сверулеб букІана.

– Сурен! Давид! Леван! – анги щурун, гьей гIакълуялдаса ана. Гьел кIиялго цадахъ тохтирасухъе щвезаруна.

Марода лъалароан жий хвасар гьаюн йикIин Англиялдаса вачIарав гIолохъанчияс. Гьевги, гьев гIадал гIемерал, ракь багъарараб заманалда гIадамал хвасар гьарун ругьунал, гьеб захIматаб ишалъе бажари бугел гIолохъаби Армениялъул ракьалде рещтIун гIемер мех ун букIинчIо.

ЦIигьабун гIуцIиялъул роцIараб цIумуралъ тIолабго дунялалъулго халкъазул кIвар буссинабуна нилъер улкаялде. Дунялалъул гIемерал бутIабаздаса сахал гIадамал цIана советияб улкаялъул тIабигIияб балагь тIаде бачIараб бутIаялде – Армениялъул ракьалде. Гьел рачIана ракьалда вижарав щивав чиясда тIад букIунеб гIаданлъиялъул налъи тIубазе.

Мароги гьитIинай яс Лияги сах гьаризе рачараб больницаялда хIалтIулел рукIана, Совет улкаялъул вацлъиялъул республикабаздаса бищунго лъикIал тохтирзаби гурелги, тIолабго дунялалъул тIокIал тохтурал.

Эбелги лъимерги хвасар гьаруна. Маро сахлъизе кумек гьабулеб букIана Суренги васалги чIаго ратилилан букIараб хьулалъ. Жеги заман ина гьей талихI къарай чIужугIаданалда жийго ясги бищунго хириял, бищунго гIагарал гIадамал гьечIого хутIараллъи лъазегIан…

Гьаб хабар хъвалаго дица ургъун бахъараб жо щибниги гьечIо. Маро гIадал Армениялъул улбузул хIакъалъулъ, цохIо газетаздасан цIалун гуребги, тIабигIияб балагь тIаде бачIараб вацлъиялъулаб халкъалъе кумек гьабизе арал Дагъистаналъул гIолохъабаз – кинабго берда бихьараз бицунебги рагIана дида. Гьелъ диего гьабураб асар нужее гьурщулеб мех буго дир.

***1988 сон.***



**МухIамад РАМАЗАНОВ**



*ЦIунтIехун нагагьаб агьаб сардида,*
*Кьурда кьесун буго Сагьада росу.*
***ГIабасил МАХIАМАД.***

## ГIАБАСИЛ МАХIАМАДИДЕ

**Кьурда кьесун тараб росдал тIарада,**
**Дерец тIегь гьайбатаб расалъи лъала.**
**Пегас квегъулелъул, танкеллъиялда,**
**Танкан мун кIусараб тIалу батула.**

**Малъараб дарсида, кигIан кIваниги,**
**БолмацIалде рокьи дуца бекьичIищ?!**
**Жагьандаманалъул мухъ батаниги,**
**Бугеб ватIан кквезе дида малъичIищ?!**

**ТIолабго дур гIумру гIадилаб гурищ,**
**ГIадан хиралъиялъ игIланлъун ккараб?!**
**Филсафат гъваридаб насихIат гьечIищ,**
**Наслаби куцазе кицилъун тараб?!**

## ЧIУНТАРАБ РОСУЛЪ

**ЧIунтараб росулъе ваккизе щведал,**
**Лъалаго рекIуна рекIеда саву.**
**Нухъаялъ рикIарал берал гIадинал,**
**Хъулби цере лъедал, сурула гIасру.**

**Гьавидал дир гьаракь рагIараб гъасда,**
**Гъаримаб къоно бан буго харбида.**

Эбелалъ хинкI къараб кIалалъбакIалда,
КIутIуларо цIалкIу тIокIалъ росода.

Щомели бихханараб, багьараб тIохалъ,
Кколареб цIадал лъим магIуцин гьечIищ?!
Гьоболлъи хирияб къайисверияль
Босулареб салам бесдаллъи гурищ?!

Гьабихъе хьвадараб нух батуларо,
ГьечIодай лъалев чи нилъеда гьоркьов?!
Гъогъол цIураб магъилъ тIаде кколаро,
Кибе араб доб хур, инсуца тараб?!

Гьаваялда тIавап гьабун гурони,
Гьадаб  ХъирукьуртIа цIум рещтIунаро.
Рохьил гъамилллъуда гIавусданиги,
ЩIоко-къехь  букъизе цер бачIунаро.

Корохъги гьабихъги накъит къойилаб,
Росдал гIумруялде лъим бегун буго.
КIалгIалъун букIараб гьаб годекIаниб,
Гьогьаб гьури жибго женжелеб буго.

Гьаб пашманлъиялъул мугъру кинигин –
ГIодулеб каранда тенкелел занал.
Кверал цере  кквезе чи вачIунарел –
Нилъее гIумру  тун арал умумул.

Хасел бихьулареб, тIугьдул речIараб
Росдал къисматалде  къулун буго рекIкI.
Заманищ хисараб, нилъищ къуркьарал,
Къакъадирабаца къалеб буго ракI.

## КЪАЛЪАНА БЕЦIЛЪУЛЕБ ДУНИЯЛ ДИЕ

Мун дир къирал вуго, тIаса вищарав,
Цо бадий къулани, хIули лъугьунев.
Нилъер къанун буго къисматалъ хъвараб,
Къоно тIамизегIан тIубазе ккараб.

Дуца руччабазде хъварабщинаб кечI,
Дир сипат камураб цониги гьечIо.
Балай гьоцIолъараб кIалгIаялъул кьучI,
Зоб тIун бачIаниги, биххизе гьечIо.

Гьабгощинаб мехалъ жеги цониги
Дида къвал жемизе рачел тIамичIев.
ТIогьол гуронани махI бичIчIуларев,
Рокьи тун батIияб каранлъ бекьичIев.

Дица щиб кьуниги, беццун гурони,
Цо-цо цIекIу гIадин квенгун барщичIев.
Босулеб харжалъул рахчирукъ хIачIев,
Хадижалас гIадин, рачлихъ кIул бачIев.

Мун дир къирал вуго, вищун восарав,
Цо бадий къулани, хIули лъугьунев.
ЧIужугIаданалде хьвалебщинаб кечI,
Дун аскIой гьечIони, лъугьине гьечIев.

Гьедин телалъ босун бачIана икъбал,
Балаялъул цIеца цIацIалев дие.
КъагIида берцинил гьаракь рагIидал,
Къалъана бецIлъулеб дуниял дие.

* * *

Кинидахъ рагIараб кечI
Нилъеда къосинчIони,
Инсуца цIар ахIараб
ГIагараб мацI цIунани,

Умумуз дол гIасрабаз
Пурцица хъвараб къиса,
Къарнабаца цIалила
ЦIи-цIиял наслабаца.

БЕЧЕЛЪИ

КатитIанчIил мацIхIалаб
ХIедучирахъ парпалеб.
Шаршавалъукьан гIадаб
Канлъи бецIлъукь лъурулеб.

Хъабинисан лъим гIадин,
Дир пикраби чвахулел.
Зодор цIваби кинигин,
КунчIун, сун гьел рукIунел.

ТIирщарал анищазул
Шагьлъун тараб лъимерлъи–
Рорарал хутIелазул
ХутIараб дир бечелъи.

ЧIиргъи-хъуялъ босараб
Гьудулзабазул свери.
Гьелда тIаде хIур хъвалеб
ХъачIго замана свери.

Дун хадув хапанагIан,
РикIкIалъула гьитIинлъи.
Дун цеве тIуранагIан,
ТIаделъула кIодолъи.

ДИР ТАХШАГЬАР

Сапаралъ рикIкIаде ине кканани,
Каранлъа бахъун ракI гьанибго тола.
Сордо-къо къватIиб бан тIадвуссаниги,
Гьаб тахшагьаралъухъ урхъун ватула.

Хасало цIорорал сардал чIаниги,
Росулъе сверидал, хинлъи лъурула.
Риидал бакъуца хIалкъананиги,
Къайи-свериялда гьури гьиштIула

ЖанкимагIардасан чвахулеб лъаралъ,
Лъелаб рекIелъецин юргъа тIамула.
Гъамиларал рохьахъ рещтIараб махIалъ,
МаулхIаяталъул хIорихъе цIала.

Зурмилги къололги сас гIиндачIвани,
ГIаламго гIахьаллъун рохел борхула.
Цо нахъа чIечIого, къварилъи ккани,
Киналго тIаделъун бащад бикьула.

Гьаниб, годекIаниб, «Верховный Совет»
ЧанцIул данделъулеб хIукмаби хъвазе?!
Гьелъ данде кIутIараб гIакълудал къуват,
КIвечIо лъиданиги хисизабизе.

## КIОДОЛ КВЕРАЛ

Рикьуда риххарал гIорал кинигин,
Бидурихь халлъулел дир кIодол кверал.
Хаслихъе сасарал лъарал гIадинан,
Накабазда лъурал дир кIодол кверал.

ТIолго нижер наслу квенчIелда лъурал,
Лъавукълъи хъамизе чанги зинкIкIарал,
ЧIахъаги дир кIодол гIадлуял кверал,
«Бархатные  ручки» крем бихьичIел.

ТIатIуда рецIцIулел мичIихинкIазул,
Хасаб тIагIам жеги мацIалда буго.
Лъабго килшикье ккун, мочIуги беккун,
Нах дихъе бегьарал къуватал кверал.

Дир берталъ кьурдизе цее ячIиндал,
РухIдаллъана гьелда тIолго мусудул;
Гьава къотIун унеб лочнол куркьбаллъун
Гогьдарана кIодол гьайбатал кверал.

«БукIинесеб лъазе» гIишкъу ккаразе
ЧIинхал чан рехарал кIодол квераца?!
КIодоца гIуцIичIеб гIодоблъи течIо.
КIодоца  квер бачIеб борхалъи гьечIо.

Маникюр гьабураб квер нахъе босе,
Мадам, кIвезе гьечIо гьелда баизе.
«Бархатные ручки» крем бихьичIел,
ЧIахъаги дир кIодол меседил кверал!

**ГІалибег КЕРИМОВ**



## СУНДЕ ДАНДЕ ККВЕЛЕБ ДИЦА ДАГЪИСТАН

**Сунде данде кквелеб дица Дагъистан,
Дий рухІгІан хирияб МугІурузул улка.
МугІрул ахалъуда – урхъараб алжан,
Аллагьас дий кьураб гІагараб Сивухъ.**

**Дий умумуздасан ирсалъе щвана
МугІрузулаб тІегьгун авлахъалъул тІор.
Огь, тІабигІаталъул камиллъи гьечІищ –
Ралъдал рагІаллъуда – гІатІидаб гІалах.**

**Сунде данде кквелеб дица Дагъистан,
Дий гІумрудул иццул бацІцІадаб бетІер.
Къисматалъ вачана чанги бакІалде,
Амма мун кІочене кІвечІо кибниги.**

**Дуцайин малъараб ритІухълъи дида,
ЯхІ-намус цІунизе, ясбер гІадинан.
Ракьалда бацІцІадаб гІумру тІамизе,
ГІалам бижарасе сужда гьабизе.**

**Сунде данде кквелеб дица Дагъистан,
ТалихІалъул бакъ дий къалъизабураб,
Къисматалъ дие мун сайгъат гьабуна,
Гьелдаса вохичІеб къоги бачІинчІо.**

## АВР МАЦІ ХИРИЯЙ НИЖЕР МАРЖАНАТ

*Филологиялъул гІелмабазул кандидат,
ХІажиахІмадова Маржанат Ханмирзаевнаялъе.*

**Авар мацІ гьечІони, гьечІо дир миллат,
РухІияб бечелъи ва маданият.
Умумуз ирсалъе тараб хазина –
МацІ кІочене тани, кІочена нилъго.**

Меседилаб медаль цIалун лъугIун щун,
(КIудадаца асар гьабун лъаларо),
Мун рахьдал мацIалъул гIелмуялъулъе,
Ралъдалъ ччугIа гIадин лъедезе ана.

Гьанже мун мугIалим ДГУялъул,
КIулал кодой кьурай рахьдал мацIалъул.
ГьечIо дуе цоги гьаб дунялалда
Гьелдаса кIвар бугеб гIелму яги иш.

АдабиятчIужу, тIахьазул автор –
Студентазе рахьдал мацIалъул эбел.
Дуца гIелмуялъул силсилаялде
Росарал хIалтIаби гIемерал хъвана.

Дурго миллаталъе ритIухъай йикIун,
Мун магIарулазе чIухIилъун ккола.
Нижей мун хирияй, хIурмат цIикIкIарай,
Дуде аваразул кIудияб мугъчIвай.

Гьале, киса-кибго дур цIалдохъабаз
Росу–шагьаразда авар мацI кьола;
Божизе бегьула: умумузул мацI,
Маржанат гьоркьой ккун, кIочон теларо.

## ДЕМБЕЛАЛЪУЛ АЛЬБОМ

«*Дир адрес – Севетский Союз»*

ГIедал васал уна ВатIан цIунизе –
Дицаги тIубана ракIбацIцIадго борч…
Дий бищун хирияб, цIунун тун бугеб
Дембелалъул альбом – гьелъие нугIлъи.

Гьанже тIогьиллъарал суратаздасан
КъамартIго цере чIун дир гьудулзаби.
Совет Армиялъул хъизаналдаса
Лъугьараб вацазда ракIчIун божула.

Гьениб жавабчилъи цIикIкIинабуна
ЛъикIаб аскарияб къартIалда цадахъ.
РакI гIодобе биччан ВатIан кьижизе
Ниж посталда цIадакь ва гIаздакь чIана.

ГIарадачагIи ниж рукIин бицунел
ГIаламатал – нижер петлицабазда.
Цебе – «Рагъул ахIи – артиллерия» –
Гьанжейин абуни – ниж ракетчикал…

**Дида кIочонаро хъулухъ гьабураб**
**Скала-Подольск – Карпаталъул рохь.**
**Гьале альбомалда – анцI-анцI батIиял**
**Ниж учениязда гIахьаллъун руго.**

**Жакъаги рекIее захIмалъун буго,**
**Запасалде индал, вацал «чиярлъи».**
**Гьанжеги ракI бахъун – Совет улкадухъ,**
**Нилъ киназухъаго кодоса араб.**

**ГIорхъодасан тушман тIаде вачIинчIо, –**
**Нилъерго гьанивго ватана тушман.**
**Тамаша – Ельцинил кверцин тIуркIичIо,**
**Союз «чIвазе» гъулбас гьабулеб мехалъ.**

**Гьале гаупвахтал – часталъул туснахъ, –**
**Улка бихххаразе рекъараб мина.**
**Ккараб гъалатIалда тIад лъикIго ургъун,**
**Солдатал кантIизе квербакъулеб бакI.**

**Жакъа дембелалъул альбомалъ дида**
**Армия ракIалде щвезе гьабуна.**
**Солдатасул лъикIаб ва караматаб**
**ГIолохъанлъи гьаниб хутIана дирги.**

## ФРОНТОВИКАСУЛГУН КЪО-МЕХ ЛЪИКI ГЬАБИ

**Гьав хвезе рес гьечIо, ватила кьижун,**
**Цо сагIаталдасан ворчIила херав…**
**Рагъул майданалда гьав хун вукIинчIо,**
**Гьанжеги вахъина, хвел рикIкIалъила.**

**Гьас берал рагьила, цинги гьимила,**
**Ва рекIелъ къараб жо бицина нилъей:**
**Доб кIочон толареб балагьаб рагъул,**
**Гьанже нилъедаса рикIкIалъун унеб.**

**Лъималазул лъимал сверухъ ракIарун,**
**ГIенеккизе руго кIудадал харбихъ…**
**Гьесда, гьел гIемерал рукIананиги,**
**Щивасул рекIелъе лъугьине кIвана.**

**Гьезие бицана гьас фронтазул…**
**Рагъдаса руссинчIел гьудулзабазул…**
**Къункъарбазде сверун, улкаялда тIад,**
**Даимлъи батарал багьадуразул.**

**Бицина гьас, чIухIун, Бергьенлъиялъул**
**Доб Рейхстагалда тIад Байрахъ чIваялъул…**

Бицина… Йохъ, гьанже гьав вахъунаро!
Фляга ккураб квер гьале цIорона!

Херав абадияб рокъове ана,
Гьевгун – эпохаги, гIадатаб гуреб…
Амма гьанир тана магIнаял ишал –
Даимго нилъеца бетIер къулизе.

## КЪВАРИЛЪАБАЗ КIВЕКIАРАЛ РУЧЧАБИ

«Доба кьвагьа-гIанхъи – гIемер чи гъурун.
Гьадаба цIа ккана – рукъзал рухIана.
Ракь багъарун, шагьар тIатIала ккана.
ГъоркьчIел гьабун цояс цогияв чIвана.

Самолет хъамуна цо бахьикъосас.
Нухда машинаби цоцалъ речIчIана.
Сардилъ, кьурда тункун, гама гъанкъана.
Араб бакI лъачIого лъималтIагIана…»

Эбелалъ гьарана, бадир кверал чIван:
«Свине гьабе, дир вас, гьеб телевизор.
Жакъа дун къагIида гьечIого йиго,
Бихъун унеб гIадин унтун бетIерги».

Дора киралиго ккарал балагьал
Гьалъ жиндир рекIелъан риччалел руго.
Гьай гурони щийха жакъа гIодилей,
ГIемераб къварилъи хIехьезе ккедал.

Росулъе кIанцIарал дол хъачахъаца
Гьалда вихьулелъув чIвана гьалъул вас.
Цогидаб росулъе сапаралъ арав
Вацасул жаназа бачIана босун.

Чехь бухIичIеб къоги къанагIатлъидал,
КъварилъичIого гьай хутIулей гьечIо,
Дора киралиго ккарал балагьал
Жиндирго рекIелъан риччалел руго.

Гьеб къварилъи, бухIи гьаб ракьалда тIад
ТIолго руччабазе гIахьалаб буго.
Гьезий чияраблъун лъугьунеб гьечIо
Кибехун ккарабги чIегIераб балагь.

Макьу щун сардилъ гьел кьижулел гьечIо,
Гьезул бадиб магIу бакъвалеб гьечIо.
Дова Сириялда чIварав гIарабав
Жиндирго васасда релълъун вихьула.

ИГИЛалъул балагь хIехьолел улбул
Азие яцаллъун лъугьунел руго.
Рагъдаса лъутизе ккаразул угьди
Гьазулги гIундузда багъулеб буго.

Дие бокьилаан гьаб дунялалъул
Политикаялъул квелъ кодобе кьун,
Ракьалдаса рагъал тIубан лъугIулел
Тадбирал гьаризе гьал толелани.

## ДИР УМУМУЗУЛ ВАТIАН

Умумузл ватIан, дир гIагараб ракь,
Цо – магIарухъ, цояб – лъарагIлъиялда.
МагIарухъе жакъа вачIунев вуго
ЧIунтарал, цересел сухъмахъаздасан.

РикIкIада бихьула некIсияб росу,
ТIасан боржун уна къункъарабазул тIел.
Къваридаб рекIелъан угьула хIухьел:
«Салам, дуй урхъараб, умумузул ракь!»

Гьедин абулаго, берал риччана,
РекIел тIиналдасан цо бухIи чIвана.
РакIалде бачIана дол умумузул
БахIарчиял ишал, замхIатаб яшав.

Гьеб цебего рехун тезе кканиги,
Гочун аразул ракI мугIрузда буго.
Умумузул рухIал руго ралагьун,
Гьенире нахъруссун нилъ щвелин абун.

ШагIирас чIалгIаде абураб гьечIо:
«ВатIаналъул кIкIуйдул махI гьуинаб!» – ан.
Унго, цо гьайбатлъи – цIумазул улка,
Эркенлъи гIи-боцIуй, хур-ахалъе рес.

Анищ буго гьениб гьалдолеб гIумру
Гьанжеги цIидасан букIинабизе.
Гьаб басрияб росдал къватIалъ щурула,
ШагIир, дуда гьаниб батилин талихI.

Къисматалъул къанун хисуларелъул,
Къуркьи-къей гьечIого хIалтIизе ккола.
ХIалалаб магIишат киб бугониги,
Бичасул баркаталъ цебетIун уна.

ТIолбаго мугIрузда, гIодоблъиялда,
Ругелщинал ресал цолъизаруни,
Нилъеда дуниял данде бортила,
ТалихIалъ къвал барал къоял цIикIкIина.

## КЪАСИМЕХАЛДА

Дица, мегъ бихьулеб бакIалоде вахун,
Кибего сверуде берщвезабуна…
Балагьун дунги тун, сордо рещтIана,
СихIкъотIиялъ росу кверде босана.

Шагьаралъул кунчIи рикIкIад бихьула, –
Рогьалиде гуреб доб кьижуларо.
Гьанибги добаги гIумру батIитяб, –
ГIадамазул къасдал данде кколаро.

Гьаниб даим пулеб гьогьомаб гьури,
Гьелъ тIугьдузул махIал кирго рикьула.
ГьечIо дий ракьалда гьабгIан лъикIаб бакI –
Росулъе ракI цIала, киве кканиги.

Доба ралъад буго, гьаниб гIор буго,
ГIурухъ хIухьбахъуда чадил гьуинлъи.
ХIалтIун ругьунлъарал захIматчагIазе
Шагьаралъул гIумру гIазаблъун буго.

Амма вас кIудияв гIолев вукIиналъ,
РекIелъе васвасал лъугьунел руго:
Гьев шагьаралъ ахIун вилизе гурин,
Хурул маI кIочон тун тIагIине гурин.

## ШАГЬАРАЛДА ГIУМРУ АРАВ РОСДАЛ ЧИ

КигIан лъикIха бугеб миркалъ чIараб бакI,
Берцинлъун лъугьуна нилъ херлъанагIан.
Херасда жиндирго гIолохъанлъуда
Росулъ вукIараб мех ракIалде щола.

Альбомалда ругел суратазухъги
Валагьун угьула пашманго хIухьел:
«Цебе гьаниб нижер яшав букIана,
Щвезе анищ гьанже инсул росулъе».

## ДУНЯЛАЛЪУЛ ТАЛИХI – РИГЬНАЛ ТАЛИХI…

**Рос бахIар гьавула лъикIай лъадиялъ,**
**Херлъизе гьавула, квешай йигони.**
**Лъилго къадру-къимат бараб лъадуда,**
**Гьей – рос рехулеб кIкIал ва вахунеб щоб.**

**Йокьулей лъадилъун лъугьине бигьа,**
**Амма гьеб дудаго бараб буго, яс.**
**Дуда лъай цингIаги гьумерги букIкIун,**
**Росасда дандчIвазе бегьулареблъи.**

**Мун росгун хIал рекъон, рази йигони,**
**Гьесда кинабго жо данде билълъуна.**
**ГIадамазулъ рагIи цIакъ данде ккола,**
**Гъасдехун балагьи лъикIаб букIуна.**

**Квер чIоларей чIужу йигеб къавуда –**
**Рос хIеренав вукIин хIакъаб жо буго.**
**МагIишат берцинго бачине лъани,**
**Дур махсара гьесий рихине гьечIо.**

**Гьесул кванил, макьил ургъел гьабуни –**
**Ццидалав, пашманав гьев вукIунаро…**
**Дуца дур рукъги ккве, рокъоб цIаги ккве, –**
**ЦIакъай лъадийилан абила дуда.**

**РакIалда бугеб жо гьабулей ккани,**
**Росас чIужуялъе кумек гьабула.**
**Хъизаналда рагIи данде ккечIони,**
**Баракат лъоларо лъилго рукъалда.**

**КIочонге, мун йикIин рукъалъул хIуби,**
**Гьел дур хIатIазда гъоркь алжан бугеблъи.**
**Рос-рукъ рохизари – гьеб дур гьунар, цIар,**
**Бергьарай чIужуги – чIчIинтIараб балагь.**

**ЛъикIай чIужуялъул гъалатI кканиги,**
**Росас гьеб жиндего тIаде босула.**
**Гьелъухъ баркала кьун, чIужу гьимула,**
**Росасги разилъун жемун къвал бала.**

**ХIал рекъарай чIужу йикIин – шапакъат!**
**Дунялалъул талихI – ригьнал талихIин.**
**Росасе йокьулей лъугьине ккани,**
**Рокъоб бугеб бакълъун йикIине ккола.**

## НИЛЪЕР КЪВАТIАЗУЛ ЦIАРАЛ ЦIУНУХЪЕ ТУН ЛЪИКI ГУРИЩ?

**Нилъер къватIазда лъун рукIарал цIарал, -**
**Гьез къадру цIунараб букIана ВатIан.**
**Гьезий хилиплъана гьанже тIадчагIи, –**
**ЦIар арал цIаразул биххана улка.**

**КъватIазда цIилъана цIияб замана,**
**Ана, «басралъана» багьадурзаби.**
**Бечедазул цIарал цIалула гьанже,**
**Гьез учуз гьабулеб улка букIаго.**

**РухI кьун нилъер гIумру цIунун рагъарал**
**Цересел Героял кIочонел руго.**
**Гьале банкирасул цIар кьураб цо къватI, –**
**ЦIар борхиладайха гьев цIогьорасул.**

**Басралъараб гурде, цIиялъ хисула,**
**Тарих бегьуларо гьедин хисизе.**
**Щибаб цIар – карамат! ЦIакъ къимат гьабе! –**
**Къимат гьечIесул цIар лъезе биччаге!**

**РачIа, хисичIого – цIунизин цIарал,**
**Дозул БахIарчилъи кIочон теларин!**
**Доб Бергьенлъиялъул дандерижиял**
**ЖакъалъизегIанги зваргъолел ругин!**

**Дур гьудул щив лъани, мун лъалев гIадин,**
**ХвелгьечIезе наслу къулараб цIар кье:**
**КъватIал – къватIал руго, къойил цIилъулел,**
**ЦIваби гIадал цIараз цIунула тарих.**

## ИНСУЛ ВАСИЯТ

**Бечедаб магIишат, чIухIараб кIалгIа, –**
**Гуро, дий инсуца ирсалъе тараб –**
**Векьарухъанасул баркатаб цIаргун**
**Ракьул бутIа, хвалчен, бухари тIагъур.**

**ГIумру колхозалда хIалтIун аниги,**
**Гьарзаяб букIинчIо инсул магIишат.**
**Жив жанив вижарав гIагараб росу**
**Бечелъизабизе кьуна гьес гIумру.**

**Йохъ, меседил гъамас ирсалъе щвечIо,**
**КIиго меседилаб квер кьуна Бичас –**
**ГIагараб ракьалда хIалтIизаризе,**
**МагIишат гIуцIизе ва мина базе.**

Дий васият гьабун тана инсуца:
«Киданиги, дир вас, росулъа унге,
ЛъикIал гIадамалгун гьудуллъи гьабе,
Дуйго бокьулареб чияй гьабуге.

Лъай, бел, ярагъ гIадин, хIалтIизабизе,
БетIербахъе дурго захIматалдалъун.
ГIарцудаса цебе гьудуллъи гьабе,
Нечоге кверазул пинкьаздаса мун.

Аллагь разилъулеб гIамалги гьабе,
ХIалалаб, бацIцIадаб магIишат гьабе.
Мун бечелъиялда ходув лъугьунге,
ГIумру ине буго вортанхъилаго…»

Дие инсул щибго щвечIо ирсалъе –
Аллагьасул сайгъат – тIолабго дунял!
КIиго хIалтIул квергун гIатIидал хурзал –
ДунгIан бечедав чи дунялалда щив?

## ЛЪИМАЛАЗУЛ ЛЪИМАЛ

Дир цоял лебалал, цоял гIедерал,
ГIодизе гурони гIодор чIоларел;
Дир бищун хириял, херлъи гьукъарал,
Дир гIисинал тIанчIи, чIагоял тIугьдул!

Диргояздаса гьел дие хириял,
Гьел мурадалде щвей – дир рекIел анищ!
Гьединал ругодай цогидазулги,
Ратани – гьелдаса вохилаан дун.

Цин гьал ракI рагьарал, цин гьал сихIирал,
Гьазул хаслъиялда ходув гьоларо.
Аммаха бокьула, херлъи кIочон тун,
ГIелбащадав гIадин, гьалгун гаргазе.

Гьал кIудиял гIураб заман бачIина,
РукIина гIакъилал гьал дидасаги.
ЩIалила цо къоялъ гьазги дир кучIдул,
Гьезулъ дир рекIелаб нур тIибитIила.

Гьелдаса талихIаб лахIзат букIинин
РакIалде кколаро дир гIумруялъулъ.
Дир бищун аслияб асарлъун лъугьун,
Лъималазул лъимал, сахал гIеги нуж!

**Наби ГІИСАЕВ**



## ДАГЪИСТАН

**Вижараб ракьалъул берцинлъиялъе**
**Рецц-бакъ гьабичІого хІалхьоларо ракI,**
**Рорхатал мугІрулги, рохьал, гІоралги,**
**Рихьарал гІоларо, рокьизе ккола.**

**Дида гьеб бихьана жеги гьитІинго,**
**Жаниб гІумру араб Дагъистаналда.**
**Дунялалда бугебщинаб берцинлъи**
**Гьанибе данделъун бугилан ккола.**

**НагІли гьечІеб баргъич – мун гьечІони, дун,**
**ГІор чвахулареб кІкІал – мун гьечІони, дун,**
**Рохти бакъвараб гъветI – иун гьечІони, дун,**
**Гьури лъачІеб авлахъ – мун гьечІони, дун.**

**Дагъистан, дудаса ватІалъун дица**
**Я гали бахъичІо, я кечI ахІичІо,**
**Камилаб инсул ракь, мун бичун боссе**
**Багьа тІадегІанаб хазина гьечІо.**

**Лъала, дол захІматал цІадулал соназ**
**ЦІа дуда гІумруялъ хъвазе теларин,**
**Гуллие керен кьун, гъалбацІал гІадин,**
**Рагъана дур васал – мугІурузул цІумал.**

**Гьезул ирс босарал наслаби гІуна**
**ГІатІиракьалдаги тІадмагІарухъги,**
**ТІадегІанлъиялда намус цІунанин**
**Гьез, гьа балеб гІадин, абулеб буго.**

**Нижер чорхолъ буго умумузул би,**
**Нижер рекІелъ буго рекІун гьезул цІа.**

**ЦІаралги нижеда гьарураб къоялъ –**
**Къадру-къимат гьабун, гьезул ахІана.**

**Ниж кьуризе гьечІо гьезул нухдасан,**
**Гьедин куцан гІуна гІемерал соназ,**
**ГІаданлъиги яхІги борхатго цІунун,**
**ЦІумаллъун роржаян гьезин малъараб.**

**Дагъистан, баркала дие кинидахъ**
**АхІарал киналго кучІдузухъ дуе,**
**КигІан мех баниги, холаро налъи,**
**Дуда цебе налъукь дир гІумру буго.**

**Васалги ясалги – меседил гарал**
**Рецц-бакъ хІажат гьечІел, хІалхьи лъаларел,**
**Лъала имамасул хвалчадул къвакІи,**
**«Хвел яги эркенлъи!» – ругьунаб ахІи.**

**Расулил къункъраби хъахІилаб зодихъ,**
**ХъахІаб читІир гьабун, роржунел руго.**
**Гьезул гьаркьал рагІун ракІалде щола**
**Рагъул байдабазда хутІарал васал.**

**«Жакъа чучарасул чилъи бухІаги,**
**Чучун вагъарасул лъадул цІар ккаги!» –**
**КигІан къо бихьараб, къварилъи лъараб,**
**Лъиениги дуца бетІер къуличІо.**

**АнцІ-анцІ устарзабаз чІухІизабураб,**
**ЧІухІи гьечІеб буго дур сси, Дагъистан –**
**Миллатал батІиял рукІананиги,**
**РакІал цолъиялъулъ буго берцинлъи.**

**Нилъеда тушбабаз, гІадатал хъирщун,**
**ЧІегІераб тІанкІ лъезе гІамал гьабула,**
**КигІан гьабуниги, гьезда абила:**
**Гьел, мурадалде щун, рохизе гьечІо.**

**Лъидаго, кидаго бажариларо –**
**Биххизе гьабизе нижер гьудуллъи,**
**Берзул канлъи гІадин, гьеб цІунейилан,**
**ЦІиял наслабазе нижер аманат.**

## ЛЪИЦА ГЬЕБ АБУРАБ?

**КигIанго хирияб букIананиги,
Хазинаялда мун данде кквеларо,
Керен уна рагьун, рогьел кинигин,
РекIелай, дуда берчIвараб мехалда.**

**Дир рахъалъ росабалъ харбал ргIула
РагIизе рокьукъаз тIиритIизарун,
Ахир бихьуларел компанияздла
Кепал росулев дун ясалгун вугин…**

**Лъица гьеб абураб, мунги кIочон тун,
Терелев вугилан дун шагьаралда,
Шагьзабазе гIадаб, дагьабги тIокIаб,
КучIдузулъ дуе рецц гьабулев шагIир.**

**Сонал унин абун, гъотIодаса тIун,
ТIамахлъун гIодобе гъунаро рокьи,
ГъотIоца кинигин, гьинал рекIелъе
Кьалбал риччараб гьеб цо кьуруларо.**

**ХIасраталъ кидаго керен бухIичIез
Какизе батила нилъер гьоркьоблъи,
Гьединаз бокьараб бухьула питна,
Гьединаз бокьараб бекьула жахIда.**

**Лъица гьеб абураб къватIиса ясалъ
БетIер бугилан дир сверизе гьабун,
Гьелъул гъажабазда ва гъалазда тIад
Гъаргъар бан бахъулеб бугин дица квер.**

**Дир месед, божуге гьел рагIабазда,
РагIизе рокьукъал, магIаз гIадин гьез
Гьадинги къваридаб дир каранда ракI
БикIулеб бикIулеб, бикIулеб буго.**

**Дица, цебе гIадин, бугеб рухIалда
Рокъобги къватIибги къадруяб дур цIар
КъватIул харбаздаса хвасарлъи гIадин,
АхIулеб, ахIулеб, ахIулеб буго.**

**Дие, мунги кIочон, тIамурал бакъназ
Асар гьабуларо – лъаларищ дуда?
Ва амма гьедила: гьединал бакънал
ЦогIаги нухалда дихье рачIинчIо.**

**РагIуларо, дарман, батIияб гьаракь,**
**ГьоцIолъун лъугьараб дур гуронани,**
**Бихьуларо, дарман, киве щваниги,**
**Шагьри моцI гIадинаб дур гуреб гьумер.**

**Нилъер балаялда тIад хIучч бахъизе**
**ТIадвугесул гуреб, гьечIо ихтияр,**
**Гьерсихъаби, руцIцIа! БацIцIадаб рокьи**
**Нужеда кIвеларо чорок гьабизе.**

**Дуда цадахъ гIадин гIумруялъ нухда**
**Дида гIищкъуялъул лъачIо кIодолъи,**
**Лъица гьеб абураб? Абулел рукIа –**
**Загьруяб мацIалда рецIцI баккизегIан.**

## ЛЪИДА ЦЕРЕ ДИЦА КВЕРАЛ РОРХАРАЛ?!

**Лъида цере дица кверал рорхарал,**
**Кинав хIакимасе кечI дир хIелараб,**
**ХIалихьат, багьадур батIа гьавизе**
**Бигьа гьечIеб нилъер гьаб гIасруялда?**

**Дие гьудулзабаз чан рекIкI гьабураб,**
**РекIелъ лъурал ругънал сахлъулел гьечIо,**
**Сонал араб мехалъ бичIчIана, лъана**
**Щив каранде къалев, щив къватIив гьелев.**

**Дие, сайгъат гIадин, къисматалъ кьурал**
**Кьураби, мугIрузде хисичIо рокьи,**
**Кьалда гIадин араб дир гIумруялда**
**ГIемераб жо рагьун бицана кучIдуз…**

**Къуватазда данде ярагълъун дица**
**Къуркьи гьечIеб Муза хIалтIизабула,**
**ХIалихьатаз нусцIул ракI лъукъаниги,**
**Лъиениги дица кьечIо нагIана.**

**Гъадил басриябго тIамурги кIутIун,**
**ВатIан кIодо гьабун, ахIана кучIдул,**
**Квешлъи гьабуразде щцин бахъаниги,**
**ЦогIаги унтулеб абичIо рагIи.**

**Дица киса-кирго хIалае чIарал**
**ЧIагоял цIвабилъун рекIелъ цIунана,**
**ЦIуне, цIуне Аллагь, гIадамалилан**
**ДугIаги гьабуна какида хадуб.**

Балагье цIияб къо бачIунеб буго,
Биччай щибаб рокъоб рещтIине талихI,
Тезин дагIба-рагIи, гьабизин рекъел,
Гьаб гIумру цIакъго цIакъ къокъаб жойин, вац.

* * *

Бакъул жахIда кколеб лага-черхалъухъ
Балагьун гIумруялъ гIорцIулев гьечIо,
ГIадан хIайранлъулеб кIутIбуз щурулеб
Щибаб рагIи рекIелъ рекIун хутIана.

Хваниги, аниги, цо дур гурони,
Дица, рекIел дарман, ахIуларо цIар,
ЦIвайил нур босулел гьел дур беразул
Багьаяб хазина нагагьги лъачIо.

Щибаб къоялъ гIадин, къадги къасиги
Мун йихьи гIадинаб гьечIо шапакъат,
Щай дие Лаурал, Лейлал къисаби
Къисматлъун лъугьарай мунги йикIаго.

РукIана мусудул, рукIана, ана,
АбизегIанасеб лъалкIги течIого,
ТалихI кинигинан, киналго соназ
Сардилъ цIва гIадинай цо мун хутIана.

Дир ракIалъул чара хвезе гьабурай
Гьарула, Рабият, тIаса лъугьун те,
Лъилниги ракьалда ккечIеб гIадинаб
ГIищкъуялъ малъана дур хIакъалъулъ кечI…

ХIайранай дир гьудул, гьадинаб талихI
Цебеккун цогIаги нухалда лъачIо,
Лъай босулеб хIалалъ хадув дун цIазе
Халикъас йитIарай хIурулгIиниц мун?

Макьилъги ячIуна «ворчIами!» – йилан,
ВорчIизе гьавула, гьаб кинаб хIикмат,
ХIайран ракI гьабулеб дур балагьийищ
Батараб гIилла дун гьалаг гьавизе?

Ялъуни бакъулал гьал дур гъалазищ
Гъаргъар дир черхалда базе гьабураб?
Гьимулел кIутIбузищ гьадин бигьаго
Босараб бергьенлъи дир напсалда тIад?

* * *

**П.М.**

**Дие дур хIакъалъулъ ритIухъаб хабар**
**Харилъан раккарал тIугьдуз бицана,**
**ТIогьол щуб гьекъолеб бакъалъ абуна**
**Аллагьасда лъалин гьелъул кIодолъи.**

**Дие дур хIакъалъулъ хIанчIаз ахIана,**
**АхIи балеб гIадин, талихIалъул кечI,**
**КенчIолел рорхатал цIвабазаз гьарана:**
**ЦIуне рокьи ккарал, цIуне, цIунейин.**

**Нухда данде чIварал цIаяз рехсана**
**Рохеллъун лъугьараб дур цIар, ПатIимат,**
**ЦIакъго цIакъ дагьазда гуреб лъаларо**
**Дур лъикIлъи, гIаданлъи, гIадан хиралъи.**

**Ахикь щибаб гьотIол гIаркьалаби цIун,**
**ГIаздалъан рихьулел тIанхаз щурана,**
**ТIадчIун йокьа, вацал, чIужугIаданин,**
**ЧIухIун лъугьун гьелъул лъукъуге ракIин.**

**Бакъул чIораздаса гьарун ратила**
**БетIергьан Алагьас дур хIатIал, бетIер,**
**ХIайран ракI гьабулеб гьеб дуе кьураб**
**Сунда данде кквелеб дица берцинлъи?**

**Ханзабазул гIадал чIахIиял гьундухъ**
**Гьайбатал мусудул чанги рихьана,**
**Черхалда гъаргъар бан, дур гуронани,**
**Дица цIар цогIаги ясалъул хъвачIо.**

## ЦО ХIАКИМЧИ РАКIАЛДЕ ЩУН ХЪВАРАБ

**Бихьизе гьумерни квешаб гьечIоан,**
**Бицунаребани, нич тун, гьереси.**
**Гьабулеб хIалтIиги тохаб гьечIоан,**
**Толебани къойил ришватал роси.**

**ГIакълабини кьола, ракIалде ккола**
**Калинин ватилин трибунаялда,**
**Амма щайха, гьалмагъ, гьелъул гIаксалда,**
**Батулеб «ракIунтун» гьабулеб хIалтIи.**

**Гьекъоге абула – дуца гьекъола,**
**Бикъуге абула – дуца бикъула,**
**Мурад тIубалилан тIаде босула,**
**Бащдаб анкь иналде «кIочон батула».**

**Огь, кида кIудияв гIезе мех щолеб,**
**Махсаро хIалай ккун гуккулел чагIи,**
**Чияр боцIудаса бер гIорцIуларев,**
**ГIорцIизе ватила ракьул кIал цIедал.**

**Дур гьудулзабиги, абизе ккани,**
**Дудаго релълъарал бацIал ратула.**
**Замана щун гьечIищ гьадин хъантIарал**
**Хъурмаздаса цIоко цIахIан бахъизе?**

**Яги гьаб нухалъги килщалги рорхун,**
**Разилъидай кьелеб жеги хIалтIеян,**
**Жидер чохьол гуреб ургъел лъаларез**
**Улкаялъе пайда гьабизе гьечIо.**

**МагIарде чу гIадин, риччан гьелги тун,**
**Нилъ сихI тун чIей гьечIищ кIудияб такъсир.**
**Тезе гьабизин ракь, хIукумат кванан,**
**Кеп-гIоркьалда ругел рокфелеразда.**

## ХАРБАЛ

**ГІарип РАСУЛОВ**



### ЛАХІЗАТАЛГИ ДАИМЛЪИГИ

Русланил хабаралъ кІотинавурав гьудул ГІамирица гьесие инкар гьабичІо. Гьав разилъана къаси машинаги бачун Русланица къотІи гьабураб бакІалде вачІине. КІиясулго жиде-жидер чІухІи букІана цІар арал машинабазул бетІергьаби рукІиналъ. КІиявго институталъул студентал рукІаниги, цІалиялде гьедигІан кІвар кьолеб букІинчІониги, Русланил айгъирлъун букІана, инсул чвантиниса гІарацги кьун босараб мерседес. Веццаризе, пуй-чІвай гьабизе лъугьанаан гьав гьудулзабазе. Чамги сордоялъ шагьаралде рачІунеб нухда кІиясулго машинабаз къец балаан. Гьайгьай, къурасда квеш букІинарищха. Шавкъалъул лахІзатаз ралъаргъунел гІолилазда гІорхъиялъул роцен кІочон толаан.

Гьедин цо нухалъ Русланил машина нахъа тана ГІамирилалъ. Гьеб квеш букІарав Русланица, гьелдаса нахъе, нухазухъ валагьичІого, бацІун бачунаан машина. Гьедин ццин гьелда бецІизе жувалаан. Руслание, гьудулзабазда гьоркьов цевехъанлъун вукІине бокьулаан. ГІемерисеб мехалъ гьесухъа бажарулаан гьеб тІубазабунги. Къоялдаса къоялде ламартлъун вачІунев вукІана гьев. Низамалда малги чІун, жиндирго ракІалъ ахІухъе, шагьаразул къватІазда, хехлъиялда гІорхъи чІвачІого, бачунаан гьес машина. Данде рачІунел машинаби, рихха–хочун, рагІа–ракьанде кІанцІулаан. Цинги, гьелда хадурги ралагьун, анкьумумузде гІунтІун хьандейги гьабулаго, жидерго нухалъ унаан. Милиционерас гьештІеро кІалалда цебе босулеб букІана гьев гІадлу-низамалъул тушман чІезавизе. Амма машина битІахъе нух кІийиде бикьулеб къадалъ речІчІана… Рекерун рачІана гІадамал, гьештІерогун милиционерги.

Тункиялъул кутакалъ бидулъ восарав Руслан нухде вортун вугоан. Милиционерас, сверухъ рукІаралги нахъегІан къазарун, гьесул рекІехъ гІенеккана. ЧІаго вугоан. Лъугьа-бахьин ккараб бакІалда чІарал машинаби гІемерлъана. АскІове вачІарав цоясда милиционерас гьарана Руслан больницаялде щвезавеян. Хадур документалги росун живгоги вачІинин.

Гьедин шавкъазул лахIзатазда суалалъул ишара лъуна. ГIолохъанав шоферас авария ккарав больницаялъул кIалтIе хъамуна. ГIолилав лъукъарасухъ валагьана. «ТалихIалъ чIаго вугин ккола», – йилан пикруги гьабун, гьев гIедегIана сакъат ккарал къабул гьарулеб рокъове. Гьанир кIалъа-ралъалел ругоан кIигоял.

– Дида лъаларо лъидехун хитIаб гьабилебали, – абун намусго гIадин абуна гIолилас. КIиявго гьасухъ валагьун хутIана ва цояс гьикъана:

– Дуе щиб хIажалъараб?

– Дие хирург къваригIун вуго. Хехго.

– Щиб ккун бугебали бице, – йилан гьаракь борхана гьесул. – Дун вуго хирург.

– Къасумиласул къотIноб машинаялъул аварияги ккун, хвалде варав гIолилав вачун вачIун вуго дун.

– Гьесул документал кир ругел?

– Гьел милиционерас росун рачIина.

– Дир хIалтIул заман лъугIана, гIолилав, – ан хIакимас хIалтIухъанасда кинигин, гьасдаги абун, гьев халгIат ретIарасдезун вуссана. – ГIали, дир пикруялда бомж ватилаха гьев. Дуцаго тIубайха кинабго. Дун ана…

ГIолилав халгIат ретIарасухъ валагьана ва «рилълъая», – анги абун, гьал машинаялда аскIоре гIедегIана. БатIа бахъизе лъалареб хIалалъ бидуца белъараб гьумер ва тIолабго къаркъала авариялде ккарасул дугъдан, гамчIил бекIкIараб заниялде сверун букIана. Тохтурас машинаялъул нахъисеб бакIалда вегарасул квер ккуна. Цинги гIолилсадехун вуссана:

– Гьасул иш лъугIун бихьула дида.

Больницаялъул минаялда жаниса гьазухъе екерун ячIана гIолохъанай медсестра.

– ГIали АхIмадович, кIинусиялда ункъабилеб палатаялда вугесул иш лъикI гьечIо.

– Гьанже гьасие нижер кумек хIажат гьечIо, – йиланги абун тохтур нахъеги машинаялда жаниве валагьана ва больницаялдехун гIедегIана.

– Гьав авариялде ккаравги вачунищ мун вачIун вукIарав? – ан ургъелго гьечIого гIадин шоферасдехунги абун, медсестраялъ бер рехана хварасде. Цинги гьалъул гьаракь кIанцIана:

– Щиб ккараб? – илан цIехана гьелда гIолохъанчияс.

– Гьаб гурде, кIуркIараб расалъул кар… Руслан… Нижер отделениялъул бетIерасул вас вуго гьав… ГIали АхIмадович, цо дагьалъ нахъвусса!.. Аслан Башировичасул вас вугин ккола дида гьав, – абун магIил гьаркьица больницаялде щолев тохтурасде ахIана гьелъ. Дов, гIедерго галабиги росулаго, нахъвуссун вачIана ва лъикI хварасухъ валагьун чIана.

– Дида гьав лъаларо… Дур ракIчIанищ гьав досул вас вукIиналда?

– ЧIая, абун гьалъ кверал квалквадана хварасул чунтбузухъ. КъватIибе бахъун бачIана студентасул билет ва рагIун гьелдаса цIалана: «Баширов Руслан…»

Вихха-хочарав ГIали, кIиябго квералъ кIаркьабиги ккун «ВахI, вахI, вахI! Лъица Аслан Башировичасда гьеб бакIаб ругьел балеб? Довин абуни гьабсагIаталъ ана рокъове».

ГIалида лъалеб букIана Асланица беркъапичIого росулел ришватазул хIакъалъулъ. Шагьи-параялъул пайда гьечIони, унтаразде берцин рехулароан гьес. Гьале, къисматалъ кинабго бецIана гьесие.

Гьав пашманго зодихъе валагьана ва гIемерал пикрабазул гваязулъан цебе кIанцIун бачIана инсуца кидаго абулеб букIараб «ШайтIабазухъе гIакълуги кьун, гIантал лахIзаталгун хьвадани, цохIо ахираталъул даимлъиялде нух рагьун батула. Гьеб кIочон тоге, дир вас, дуда», – ян.

## БАГЬАДУР

ЧIухIадго галабиги росулаго, мегIералда нахъасан баккун бачIунеб бакъул чIоразе ва данде ккаразе саламги кьун¸ Авадан, росу данделъараб байрамалде унев вукIана. ХIакъикъаталда гьасул цIар Хайир букIана. Амма гIадамазда, жанисанго гIорцIун, гьимун гурони кIалъаларелъул, Аваданилан абураб тIокIцIар букIана гьасда рекIинабун. Росуцоязда кколаан гьесул каранда квегIаб рахъ цIурал медалал–килисалги разиго кенчIолел ругилан. Къадруялда тIамулел галабигун къацандун «къирши» бачунел чакмаяз гьасул къимат дагьабги борхизабулеб бугин кколаан. РакIчIун, районалъул хIакимзаби ругеб бакIалдеги вачIун, квералги росун, гьас ИчIабилеб Маялъул байрам киназдаго баркана. КIийидеги рикьун гьез гьасие нух биччана районалъул бетIерасдаги баркизе ине. Цинги Авадан, жиндирго борч тIубарав чи кинигин, гIадамазда гьоркьов гIодов чIезе унев вукIана. Районалъул кIудияс гьесда абуна:

– Мун гIемер рикIкIад унге, Авадан, нилъ гьабсагIат трибунаялде тIаде рахинин.

– Гьадав херав ХIасанил кверги босун нахъвуссинин дун, – илан, гьурмада разилъиги бекьулаго, жавабалъе гIедегIана Авадан.

Херасда кIалъан хадуб гьас кIиябго кверги борхун сверухъ ругездаги баркана рохалилаб къо. Гьасул ракI жанибго шавкъалда гьалдолеб букIана. Гьеб параялъ Аваданида ккана жив гьаваялда воржанхъилев вугилан ва гьал киналго рохалие данделъараздаса жив гIемерго борхалъудаги къадруялдаги вугилан. ГьабсагIаталъ гьав больницаялъул завхоз гуро вукIарав, гьав вукIана багьадур. РахIатал гьуинал пикрабалъе лъедон бачIана районалъул бетIерасул кверщалилаб, гьав ахIулеб хIакимияб гьаракь.

РакIа–рахарун районалъул хIакимзаби болъодаса эхеде харун ана. Районалъул бетIерас жамгIияб мажлис рагьана. Къокъабго кIалъаялдаса хадуб тIоцебесеб рагIи, кидаго гIадин¸ жакъаги Авадание кьуна.

– Хириял гьудулзаби! Нилъер районалъул нус–нус гIолилас гIумру кьуна жакъа гьадинаб рохалие нилъ данделъизе. Гьезул гIумру талихIкъараб букIун буго. Гьезда бихьичIо жакъасеб къо. Абадияб рецц гьезие. ЧIаго хутIаразеги лъалеб бигьалъи букIинчIо. Нижги хвалил бадире ралагьун рагъана. Амма нижер багьадурал ракIаз хвел къабул гьабичIо. Нижеца живго тушманасе рухъана хобал…

Гьав кIалъалелъул рагъда тIагIаразул гIагарал-гIунтIараз магIил берал рацIцIунел рукIана. Гьезул беразул цIамхIалаб лъамалъиялъ Аваданил каламалда кквезе кIолареб гьира балеб букIана.

Гьедин рохелги пашманлъиги жубараб данделъи лъугIана. ТIелал-тIелал ккун, рикь-рикьун ун жамагIат тIагIана. Цогиял, хIакимасухъги балагьун, кидалдай гьесул кIалдиса амруялъул рагIаби рортилаян чIун рукIана. Къокъабго малъа-хъвайги гьабун, хIакимас гьал ралагьизаруна росдал ашбазалдехун…

МаркIачIул гIужалде, багIаралъараб куц-бегIгун, мацI баялде ккараб хIалалъ гьекъарав Авадан СалихIида тIаде вачIана. ЦIа рекIарабгIан багIаралъараб куцалда, тIад жириялъул гIаламатги бекьулаго, Авалан СалихIида аскIов эхетана. Гьасул кIварги гьабичIого, хьитал рукъулев вукIарав СалихI, къокъидаго гьасдехун бералги руссинарун, жаниб ццимги бахчулаго, гIенеккун чIун вукIана. Жиндасаго бугеб разилъиялъ, гьаракьги борхун, Аваданица чвантиниса бахъун бачIана тIаса гьекъараб гIаракъидул шиша ва СалихIил столалда тIад лъуна.

– Дуца дихъе дурго шапакъатал, дица дуе байрамалъул шапакъат, – абун велъанхъана Авадан. СалихI цин шишаялъухъ валагьана, цинги долго кьвararал берал, ворлъиледухъ, гьасда речIчIизаруна. Букъулеб букIараб чакмаги столалда тIад лъун, бакъвараб гьаркьидалъун рокьукъго, гьасда абуна:

– Ле, Авадан, жакъа АхIмадилас дида бицинегIан лъалеб букIинчIо дур рагъул «багьадурлъи».

– Досни гIумруялда жаниб киданиги битIараб бицун батиларо. Гьеб дида якъинго лъалеб жо буго, – ян гIедегIана гьев карандаса медалалги рахъулаго, гьав веэдун кIалъазе.

– Дуца дида бицун букIана рокъоб ккараб цIаялъ рухIун ратанин дур рагъул шапакъаталин абун. Дуда гурхIарав чияс дица гьал диралго кьолел рукIана духъе разе. Мунин абуни рагъул доб рахъалдасан диде кьвагьдолев вукIун вуго…

– Гьереси! ЛахIчIегIераб гьереси! – илан гьалдана Авадан. Тату хведал, кIутIбиги чIамулаго, гьес карандаса рахъарал медалал хьитазул устарасул столалъул рагIалда лъуна. – БитIараб буго, дун тушманасухъе асирлъун ккун вукIана, амма гьениб дица туманкI кодобе босичIо. Гьелъие нугIлъи гьабула пачалихъалъул хIинкъи гьечIолъиялъул идарабаз гьабураб цIех-рехалъги.

– Гьанже цIиял документал ратун ругин мун дуего бокьун дозухъе кверде иналъулин абулеб буго.

– Щибаб кIалалде кIаз рехизе кIоларо дида. Гьеб кинабго дир гьунаралдехун, багьадурлъиялдехун бугеб жахIдаялъ кIвекIулел гIадамазул мацIал руго.

– Дуца кьураб гьаб шапакъатги дие хIажат гьечIо, ламартав цIукIа. ТIокIав дир рагьу бахун гьанивехунги ваккуге… Дун АхIмадиласда божула. ЩайтIан гьечIеб ракIалъул чи вуго дов.

Цо параялъ бакIаб сихIкъотIи паркъана гьазда тIад. БетIерги дализе биччан, чуриялъулъ къазабураб кето кинигин, Аваданица шишаялде квер бегьана ва чIунтун араб черхгун нуцIихъан къватIиве тIерхьун ана.

**Шамсият ГІАБАСОВА**



## РОКЬУЦА ЧІВАРАБ РОКЬИ

Гьаб дуниялалда дидаса талихІай яс ятиларилан кколеб букІана Камилада. Гьай ХІабибие абулей йакІана. ХІабиб вукІана лъикІаб тухум-кьибилалъул цІакъав вас. Бокьарай гІолилай йоххарай йикІинаан гьасие ине, амма гьес тІаса йищана Камила. Инсуца рагІиги кьун букІана, бахІарасул гІагарлъи баргъич базе рачІинеги къо цІан букІана.

Амма букІана цо ясалъул рахІат хвезабураб жо: живго ХІабиб жеги гьалда аскІове вачІинчІо, яги телефоналъ кІалъачІо. Гьалъие бокьун букІана жиндир абурав кинав чи вугояли лъазе, гьесул гІумруялдехун балагьи, анищал, гьесул гІамал-хасият лъазе. ХІабиб вукІана гьалъул росулъа вас. Амма кІиязулго эбел-эмен шагьаралда рукІана гІумру гьабулел, гьединлъидал, гьал гІицІго рихьун гуроги цоцада лъикІ лъалароан. Кинацаго абулаан ХІабиб, гІамал берцинав, эбел-инсул, гІагарлъиялъул адаб толарев, исламалда данде кколедухъ хьвадулев лъикІав вас вугин… Амма Камилае жиндиего бокьун букІана гьесие иналдего гьеб кинабго гьедин бугодаян лъазе, абурав васас рокьул бицине, гьевгун цадахъ паркалда данд чІвазе…

«ХІабиб нечон ватила дидаса, щиб гьабилеб, баргъич базе вачІаравго, дун нечадго гьесие гьимила, гьеб мехалъ тІагІине ккола гьесул нечей ва бичІчІизе ккола дие гьев аскІове вачІине бокьун букІин», – гьединал пикрабазда йикІана яс.

ТІаде щвана баргъич балеб къо. Данделъана кинабго гІагарлъи. РачІана лъикІал ва берцинал сайигъаталги. ХІабибица жинцаго ххуна ясалъул килищалда баргъич. Гьеб букІана ясалъе батІияб, хІеренаб асар гьабураб лахІзат.

Абурав васасе гьимизе гьалъул хІал гІечІо. Гьай нечадго гІодое ялагьун йикІана. Амма гьалда ракІалда чІана ХІабибил кинабго кверзул багъари: ХІабибица хІеренго босана гьалъул квер ва килщида ххуна баргъич. Гьесул кверзул хинлъи жеги бугин жиндир кверaлдаян кколеб букІана Камилада.

Гьадаб къоялдаса тІокІав гьалда ХІабиб вихьичІо. ТІаде щолеб букІана бертадул къо. Ясалъул рекІелъе бачІунеб букІана пашманлъи ва хІинкъи.

«Жинда лъазецин лъаларев ва жий ругьунай гьечIев чиясда цадахъ бертин лъугIарабго, сордо кинан дица балебан», – ургъалабазда йикIана яс. ЖиндиегогIаги ургъел букIунарищ жинца чIужулъун ячуней яс кинай гIадан йигеяли лъазе. Гьалда бичIчIулеб букIинчIо, гIолохъанав вас жиндир абуралда цохIо нухалъгIаги кIалъазе вачIинчIого вукIине, щиб гIилла букIине кколебали. Бертадул къо гIагарлъанагIан ботIролъ рахIат хвезабулел пикраби гIемерлъулел рукIана. Босулеб-толелъул, бертадул, гьалъул гIемерал рукIана абурав васасда бицине бокьараб, данд базе бокьараб. Амма гьелъие рес букIинчIо. ТIаде щолеб бугеб бертадаса рохел дагьлъулеб букIана.

Цо къоялъ базаралда Камилада дандчIвана ХIабибил цинагIал. Гьелъ бицараб жоялъ Камилал ракIбекана.

– ХIабибие цеего йокьулей йикIун рагIула жиндаго цадахъ цIалулей йикIарай яс, – Юлия. Амма эбел-инсуца инкар гьабун буго васасе динги батIияй, миллатги батIияй яс ячине. ХIабиб гIемераб мехалъ вукIун вуго гьел мукIур гьарулев, амма эбел-эмен жидергоялда чIун руго. Гьез васасда абун буго цойги яс тIасайищеян дуего чIужулъун ячине, амма ХIабибица йищун гьечIо. Юлия ячине бегьичIони, жиндие щий ячаниги батIалъи гьечIин чIун вуго ХIабиб. Гьеб мехалъ эбел-инсуца тIаса йищун йиго Камила.

Камила сордоялъ гIодана. Унго–унгоги гьалъул ракI унтулеб, ссудулеб букIана. Цин гьалъул хиял ккана баргъичги нахъе кьезе, бертинги бигъинабизе. Амма ХIабиб ясалъе цIакъ рекIее гIун вукIана. БокьичIо ясалъе гьесдаса инкар гьабизе. «Дица ХIабибие дунго йокьизайила. Дица кинабго гьабила гьесда дунго берцин йихьизе, гьесие дунго йокьизе. Дун гьесие лъикIай чIужулъун йикIина, гьудуллъун йикIина, рокьиги бачIина», – гьединал пикрабаца Камилла гIодое йиччазаюна.

Гьеб къоялдаса нахъе Камилаца байбихьана, жийго росасе йокьизе ккнани, щиб гьабизе кколебани лъазабизе. ЦIалана интернеталда, росана тIахьал, гьикъана чIахIиял ва росазда ругел руччабазда.

* * *

Жакъа тIубалеб букIана анкьго сон Камилаги ХIабибги данделъун. Хъизаналда гIолел рукIана кIиго лъимер: Расулги Аминатги. Росасулгун гIумру унеб букIана берцинго ва гIодобе биччан. Жакъаги Камилаца росасе гьабуна гьесие бищун бокьулеб квен: магIарулазул хинкIалги, белъараб бакъвараб гьанги. Гьалда цебего лъалеб букIана гьал данделъараб къо ХIабибие кIудияб къо гьечIолъи, лъананиги, гьалъие бокьун букIана ХIабиб вохизавизе. ХIалтIудаса рос вачIаравго, гьесда цебе квенги лъун Камила лъималги рачун азбаралде яхъана. Гьалъие бокьун букIана рос сихIкъотIиялда кваназе ва хIухI бахъизе.

Анкьго соналда жанив Камилаца жиндирго рос тIубанго вичIчIизе хIаракат бахъана. Гьалда лъалаан щиб гьесие бокьулеб-бокьулареб, гьесул гIамал-хасият, ахIвал-хIал. Гьалъ кинабго гьесие данде кколеб, гьесие бокьулеб куцалъ гьабулаан. Гьев разилъи букIана гьалъул аслияб мурад.

ХIабибидаги лъалаан кигIан лъикIай чIужу жиндие щун йигеяли.

Камила йикIана кинабго рахъалъа цIакъай чIужу, хIеренай эбел, лъикIай нус… Анкьго соналда жаниб цониги нухалъ ХIабибилги Камилалги дагIба-рагIи ккечIо. ХIабиб мекъи вукIаниги, гьес жий хIакъир гьаюлей йигониги,

Камила гьесда тIад кIалъалароан, юцIцIухIун чIолаан. Анкьабго соналда жаниб ХIабибида чIужуялъул щибниги тIекъаб гIамал бихьичIо. ХIабибида бихьулеб букIана гьей жив рази гьавизе хIаракат бахъулей йикIин. Аллагьас гьазие кьуна кIиго лъимерги. ХIабиб жиндирго хъизаналдаса разиго вукIана. Амма гьасул рекIелъе зама-заманалдаса бачIунаан пашманлъи. Гьеб букIана каранда бакараб рокьул бугеб гIащикълъи. КигIан бокьаниги рещтIинчIо гьасул рекIелъ Камиладе рокьи. ЛъикIай лъадилъун йикIаниги, квечIо Камилада гьасул рекIелъ цогиялъ бакараб гIищкъул цIа свинабизе.

ХIабибида чанги ракIалде щолаан Юлия. Гъасда лъалароан кинаб гIумру гьасул букIинеб букIарабани эбел-инсуца Юлия ячине йиччан йикIараяни. «Юлиягун гIумру гьадинаб бигьаяб, гIодобе биччараб букIинароан, амма дой дир лъадилъун йикIараяни, дир гIумру букIинаан рохалил, талихIалъул, рокьул цIураб, гьанжейин абуни, дир гIумру буго пашманаб», – илан хIисаб гьабулаан гьес.

БукIана рии. Камилаги лъималги кватIизегIан азбаралда рукIана. Рокъоре рачIаралго кьижизе заман щун букIана. ХIабиб телевизоралда цеве диваналда кьижун вугоан. Камилаца лъимал кьижизе рахинаруна, стол бакIарана, цIарагI чурана ва бигьа гьаюн рос ворчIиларедухъ егизе яхана. Камила пикрабаца кьижизе толей йикIинчIо: гьале исанаги гьал данделъараб къоялъ росас гьалда баркичIо, гьитIинаб букIаниги сайигъат бачIинчIо. Киданиги анкьго соналда жаниб гьаб къо росас гьалда баркичIониги, исанагIаги баркилародаян анищ букIана. Гьалда бичIчIулеб букIана кигIан гьалъ хIаракат бахъаниги, росасул рекIелъ жиндехун рокьи бижизабизе гьалъухъа бажаричIолъи. ХIабиб лъикIав рос вукIана, амма я рокьи я гIищкъу гьесул лъадудехун букIинчIо. Гьесие Камила йокьулаан жиндир лъималазул эбел гIадин, жиндир гIумруялъул гьудул гIадин, амма йокьулей чIужугIаданлъун гьей ХIабибие лъугьинчIо. Данделъун тIоцересел соназда Камила ХIабибида рокьи гьаризе лъугьун йикIана, амма гьев гьелда велъанхъана.

Камилае жиндиего цIакъ вокьулаан рос ва гьесул жиндехун гьединабго бербалагьи гьечIолъи цIакъ захIмалъун йикIунаан гьай. Гьалда кколаан кIиязего гIолеб рокьи цохIо дие кьун бугин Аллагьасан.

Росасдехун бугеб рокьиялъ Камила лъикIаб рахъалдехун хисизаюна. Гьал киналго сонаца гьалъ хIаракат бахъулаан жий цIакъай йикIине, киналъего махщел бугей йикIине, кинабго жинца гьабулеб жо киназдасагоги лъикI гьабизе. Гьеб хIаракат бахъиналъ гьай йикIана хIалтIудаги бищун цIакъай, рокъойги кинабго бажарарай, гьалъул квен кинацаго беццулаан, ва рокъоб бугеб аваданлъи, рацIцIалъи киназдаго лъалаан… Гьеб кинабго гьалъ гьабулаан жий ХIабибида берцин йихьизе, ХIабибил рекIелъ жиндехун рокьи бижизе гIоло, ХIабибида жий бищун цIакъай йигин ккезе. Амма гьеб киналъго кумек гьабичIо.

Камила мукIурлъун йикIана жий ХIабибие йокьулей гьечIолъиялда. Гьалъ хIукму гьабуна жиндирго бугеб, Аллагьас жиндие кьуралда рази йикIине, гьелдаса йоххун йикIине ва гьелдаса хайир босизе. Жиндиего вокьулев чиясда росасда йиго гьай, гьединаб кIудияб талихI гIемеразе кьоларо. ЛъикIав рос вуго гьалъул, лъималазе лъикIав эмен вуго. Гьелдаса йохун йикIине ругьун гьаюна гьалъ жийго ва Аллагьасе реццан гIемер абулаан.

– Камила, мун жеги кьижун гьечIейищ? – регулеб рокъое вачIана рос.

– ГьечIо. Макьу щолеб гьечIо.

– Гъедин лъикI. Дие цебего дуда бицине бокьун букIана, амма кин байбихьилебали лъаларого гIемер нахъе тIамун тун букIана… Къаси бицинилан вукIана, амма мун дида цебе квенги лъун цееса тIагIана.

– ЛъикI буго, бице. Цошинаб ккараб-тараб жойищ бугеб? – ХIабибил сороլеб гьаркьица Камила хIинкъизаюна.

– Камилла… дица хIукму гьабуна кIиабилей чIужу ячине.

Гьел рагIабазул магIна Камилада цинтIаго бичIчIичIо. Росас махсаро гьабулеб бугилан ккана. Елъулаго росасухъ ялагьана… амма рососул гьурмахъ балагьун бичIчIана гьеб жо махсаро гуреблъи.

– Щай?! – цохIо гьеб букIана гIезагIан мехалъ юцIцIунги чIун гьалда абизе кIвараб рагIи.

– Камила, гьаб хабар бицине дун гIемер хIадурулев вукIана, амма гьанже рагIаби ратулел гьечIо... Дие дой йокьула.

ХIабиб чIужуялъул бокьараб жавабалде хIадурун вукIана. Гьасда бичIчIулеб букIана кигIан кIудияб захIмалъи жинца гьелда баччизабулеб бугебали, кигIан гIасияб ракIбакъвай гьалъие гьабулеб бугебали, амма батIияб къагIидаялъ гьасухъа бажарулеб букIинчIо.

Гьасда йихьулаго Камила гьурмалъа рахьхъахIлъун ана, кIалъачIого къватIибе бахъана дараби жанир ругеб къвачIа, босун гьенисаго гьекъана лъабго таблетка димедролалъул ва ана кьижизе цогияб рокъое.

Камила макьидаса йорчIизе кIоларого йикIана. Жий кий йигеяни бичIуларого хутIана. Цо лъицаялиго йорчIизе гьаюлей йигоан. Гьев вукIана гьалъул вас Расул. БетIер унтулеб бугоан. ЙорчIарайго гьалда бичIчIана жий свакан йикIин, сордоялъ кьижараб хIал букIинчIо, цо щибалиги лъугьун лъавудаса арай гIадин букIана чорхол хIал.

РакIалде щвезабуна сон лъугьараб: хинкIал, рос, лъималги рачун азбаралде ин… росас жинда абурал рагIаби.

«Унго-унгойищ дос дида гьадал рагIаби абурал, яги макьилъищ бихьараб?» БетIер бакIго букIана ва гIисинккун унтулеб букIана.

«Макьилъ бихьун батизе буго, рес гьечIо дир росас гьединал рагIаби абизе…»

Кинабго хъизан тIаде рахъана. Киналго кванана. Камилаца рокъоб ракIа-рахари гьабуна. ХIабиб цо жоялъ ракIхвезабурав гIадин вукIана. Амма Камилада щибниги жо абичIо.

ТIубараб къо гьедин ана. «Гьадаб жо унго-унгоги дир макьу букIун батила» абураб пикру цIикIкIунеб букIана, амма гIодое йиччай Камилае лъугьунеб букIинчIо. ХIинкъун йикIана цIидаса ХIабибица гьеб рокьукъаб хабар байбихьиялдаса.

Къо ана. Къаси мех щвана. Лъималги регизарун, кинабго рокъоб гьабулеб жоги лъугIизабун свакарай Камила егизе ана. ХIабиб цевего вегун вукIана. Гьай ячIарайго ХIабиб ворчIана, тIаде вахъана.

ХIабиб кин байбихьилеб сонго байбихьараб хабарали лъаларого вукIана. ЧIужуялда гьеб цIакъ захIмалъилин ва захIмалъиялъ гьелъ ургъичIого гIантаб жо гьабилин хIинкъун вукIана. Сон Камилаца таблеткаби гьекъарабго гьав цIакъ хIинкъана, амма лъабго таблетка димедролалъул гурого гьекъон батичIеб мехалъ гIодове виччана, гьелъул къварилъи кколареблъи лъана.

– ХIабиб, сон дуца абураб битIараб бугищ?..

ХIабиб вохана гьеб хабар чIужуялъ байбихьиялдаса.

– Буго, Камила. Дир цо ясалъухъ рокьи ккун буго… дие гьей лъадилъун ячине бокьун буго…

ХIабиб бажарараб къагIидаялъ берцинго гьеб рокьукъаб хабар чIужуялда бицинеян вукIана.

– Камила, мун дир хирияй лъади йиго, лъикIай гьудул йиго, амма… гъой дие кутакалда йокьула.

Камила юцIцIухIун чIун йикIана. Гьалда кколеб букIана жий цо батIияб бакIалде кканин, гьаниб щибниги жо гьечIин, цIохIо гьалъул росасул гьаракь гурого. Гьеб гьаракьалъ абулел рагIаби рукIана загьругIан кьогIал ва бал рекIарал хунжрул гIадин гьалъул рекIелъ къалел. Щибаб рагIи – цо цо ханжар. Цо, кIиго, лъабго… ГIела, тIокIаб гьалда хIелъезе кIолеб гьечIо, гьалъул ракI кьватIун инехъин буго. Гьалъ квераца гьумер бахчана ва бадиса чвахун ана магIу.

ХIабибида бичIчIана гьанже гьай гIодое йиччазайизе жиндихъа бажарулареблъи, гьайги жайго тун гьев цогияб рокъове ана.

* * *

ХIабибица кIибилебги нухалъ хъизан гIуцIун ана моцI. ТалихIаб ригьнада вукIарав ХIабибил рекIелъ рокьи бижизабурай ясалда цIар букIана Раисат. Гьей йикIана къоло анкьго сон барай, ригьнадасаги йиххарай гIадан. ХIабибица гьелъие квартира ккун букIана.

ХIабибил эбел-инсуца Раисат васасул лъадилъун къабул гьайичIо. Гьей ячинеги цIакъ данде чIун рукIана. Камилацаги жинда рагIулеб бакIалда гьелъул цIар бахъугеян абуна.

Амма ХIабиб талихIавлъун вукIана. Рокьуца мехтизавун вукIана гьав.

Камилаца цIакъ хIаракат бахъана росас кIиабилей чIужу ячинчIого тезе. Амма сунданиги ХIабибил хIукму хисизабизе кIвечIо. ЧIужуялъги эбел-инсуцаги кIиабилей чIужу ячинчIого тезе цIикIкIун хIаракат бахъанагIан ХIабибил Раисат ячине хьул цIикIкIана.

Камила ригьинги биххун ХIабибидаса нахъе инеян лъугьун йикIана. Гьалда кколаан гьединисан гьабуни жиндир рекIее бигьалъи букIинин. Амма инсуца йиччачIо. Эбелалдайин абуни бичIчIулеб букIана ясалъул рекIел хIал, гьей хIадурай йикIана ригьинги биххун яс лъималги рачун рокъое ячIине. Амма инсуца гьеб хIукму къабул гьабичIо. Ясалда инсулги ракI турулеб букIана, амма кIиабилей чIужу ячунилан ригьин биххи гIакълукъаб жо бугеблъи бичIчIулеб букIана.

– Камила, дир яс. Аллагьас изну кьун буго бихьинчиясеункъго чIужу ячине. КигIан квешаб иш ХIабибица гьабулеб батаниги, Аллагьас гьукъараб иш гьес гьабулеб гьечIо. Аллагьас дур хIалбихьулеб буго дир яс. Аллагьас жиндир лагъзадерил чанги батIи-батIиял ишаз хIал билъула. Дуца сабру гьабизе ккола. Ригьин биххи буго Аллагьас изну кьуниги, бищун Аллагьасе бокьулареб иш. Бегьуларо росас чIужу ячин гIиллаялъеги ккун, ригьин биххизе. Гьеб иш Аллагьасги гьукъараб буго, дицаги дуе гьукъулеб буго. Лъималазда ургъе. Аллагьас сабру кьеги дуе.

ТIоцебе Камилада инсул хIукму цIакъ мекъи бихьун букIана. Амма заман анагIан бичIчIулеб букIана гьесул хIукму битIараб букIин.

Камила жиндир къисматалда разилъана. Амма росасулгун гьадинаб хабар ккана:

– ХIабиб, дие мун рухIгIан вокьулаан… цогияйгун мун гIахьал гьавизе дие кутакалда захIмат буго…. Дун дир къисматалда разилъана. Амма… кье дие рагIи… дида дур чIужу киданиги йихьиларин ва дида киданиги щибниги жо гьелъул рагIиларин. Дир къисматалда дун разилъаниги, дида кIолеб гьечIо гьей рекIелъе йосизе ва дие бигьалъи буго гьей дуниялалда тIад гьечIин абун, дунго дицаго махсароде ккун йикIине.

ХIабиб гьелда разилъана. КIиабилей чIужуялъе гьас гьукъана жиндихъе кIалъазе ва хъвадаризе, цIакъго кIудияб къваригIел ккани гурони.

ХIабибица кIиабилей чIужу ячараб къоялдаса нахъе Камилал гIумруялдаса ана рохел. Гьай цеего гIадин росасе лъикIай чIужулъун йикIине хIаракат бахъулей йикIана, росасда цебе жинда тIадаб жо гьалъ кIалъачIого гьабулаан, амма рос гьанже гьалъие чиярлъана ва рикIкIалъана.

РекIелъа тIагIана гьесдехун букIараб рокьи, хинлъи, гурхIел. Гьес жинцаго чIвана гьеб кинабго. Гьай тIубанго жиндирго хIалтIиялде ва лъималазде юссана.

ХIабиб тIоцеве жиндирго кIиабилей чIужуялдаса цIакъ вохун, разилъун вукIана. Гьав рокьуца мехтун вукIана, амма… ЦIакъго хекко вигьине байбихьана. Къоял анагIан ХIабибил цIияй чIужуялдаса ракIбуссунеб букIана.

Раисат цIакъ щакдарулаан, гьалъие цIакъ захIмалъулаан жиндир росасул чIужуги лъималги рукIин. Гьезул цIар бахъарабго гьай ццидахунаан.

Раисат хъачIай гIадан йикIана. БукIинчIо гьелъулъ ХIабибида Камилалъ цIакъ берцин бихьулеб букIараб, чIужугIаданалда бищун рекъараб хIеренлъиги, хIалимлъиги, гIодое йиччараб гIамалги, инкар гьечIого, тIаса кIалъай гьабичIого, росас абураб гьабиги… БихьичIо ХIабибида Раисатидаса, Камилал гIадаб рокьи, гIищкъу, жинда божи, жиндие бокьаралда мукIурлъи… Гьалъ квенцин Камилаца гIадин тIагIамаб гьабулароан ва Камилаца рокъоб чIезабулеб букIараб рахIат ва аваданлъи Раисатил рокъоб букIинчIо.

Рокьи цIакъго хекко тIагIана.

Камилаги хисана. БукIинчIо гьелъулъ ХIабибидехун цебе букIараб хинлъи, рокьи, берцинаб, хIеренаб бербалагьи. Гьасда бичIчIана Камила жиндехун цIорон йикIин ва гьелъие жиндир ургъел гьечIеблъи.

Къаси къаси Раисатида аскIовги вегун, гьасда ракIалде щолаан гьай ячиналде жиндир букIараб аваданаб гIумру. Камилада аскIобги бихьулаан хинлъи, рохел ва талихI жиндир рокъоб гьечIолъи.

ХIабибил кIиго хъизан, рукъ букIана, амма букIинчIо цонигиялъуб талихI яги рохел. Гьеса бичIчIана жинца гьабураб гIантаб жо.

Раисат гьасда рихун йикIана. Гьелдаса тIубанго ракIбуссун букIана. ГIемер кколеб букIана дагIба-рагIи. Гьас хIукму гьабуна гьей йиччан тезе, амма гьалъул ургьибе лъимер бачIана.

Гьанже ХIабибида бичIчIана жив Раисатгун гIумруялъ вухьарав вукIин. Жиндир лъимадул эбел йиччан тезе гьасда киданиги кIвезе гьечIейлъи. Гьас жинцаго, бокьун тIаде босана гьеб къисмат, гIумруялъ гьанже гьебги хIехьон вукIине вуго…

Шагьри ХIАЖИЛОВА



## ЧIУЖУГIАДАНАЛДЕ ХИТIАБ

Халикъасул гIелмудул пардаваз бахчараб тIегь,
Дир яц, цIалулеб бугищ дуца хирияб Къуръан.
Къудратав Аллагьасул каламалъухъ гIащикъал,
Гьелъул аят цIалидал цIилъуларищ рекIел тIегь.

БетIергьан Аллагьасул расуласул нух ккурал
Какилъ щурулеб рагIуй рагьулел зобалазул
Берцинлъидухъ гIащикълъун, какилъ хIузур цIунулищ?
Суннат цIи гьабилилан къойил ният гьабулищ?

Къадруяб исламалъул нуранияб шаргIалъул
ЛъугIел гьечIеб берцинлъи дур рекIеда бихьулищ?
Дур диналъул вацазул дуца адаб цIунулищ?
Имамзабаз малъухъе мун ракьалда хьвадулищ?

Къисматгин дуй кьуралда тIасан галиги тIамун,
ТIерхьун унеб гIумрудухъ мун тIасан ялагьуге.
ТIерхьун ине бегьула канлъи дуй гIаламалъе,
ГIалам мунго цIунизе, цIодор йикIа, тIамуге.

ТIугьдузул квацIиялда тIад сверулел наяца
Нектар цIун гьацIул рател тIалаялъуб гьабула,
Гьабураб батулеблъи лъаялъ мун камиллъула,
Дуца щиб гьабулебин гьабе рекIеца хIисаб.

БетIергьанас камиллъи жидей насиб гьабурал
Дунялалда рукIарал, ракI гьезде гIагар гьабе.

*(ГӀалайгьи салам)* **ГӀисал эбел Мариям,**
**Асиятгин ФатӀимат**
**ТӀолалго муъминатал - дур яцал рекӀелъ цӀуне.**

**ЦӀва инсаниятальул талихӀалъул цӀунеян**
**БетӀергьанасда гьарун, рацӀцӀалъи гӀужий гъолеб,**
**ГӀаламалъулъ тӀатараб тӀадголъиги хъублъиги,**
**ГӀорхъи щулияб гьабун, дуца рикӀкӀалъизабе.**

**Алжаналъул ахалъул дунял дуй тӀегьаниги,**
**ГӀумру тӀун индал, гьез мун рехун толей, кӀочонге.**
**Чияр гъотӀол гӀаркьалил рагӀдукь лъалхъаразда нилъ**
**Ракьалда релълъунеллъи рекӀей къосине тоге.**

**Бакъухъе боржанхъулеб хӀинчӀ ракьалда рещтӀуна,**
**РещтӀен гьечӀел хьулазул хьухьикье мун лъугьунге.**
**Лълъел чвахигун лъедолеб ччугӀа рикӀкӀаде уна,**
**ДагӀба, рагӀи, къецалъулъ гӀумру ине гьабуге.**

**Аралда куркьбал гъунин гьеб хӀинчӀлъун боржунаро,**
**Боржун кодосан унеб жакъасеб тохго тоге.**
**Тохлъидуй тахбакӀлъунин халкъал чанги роpтарал,**
**ТалихӀ къаникь букъулеб къосел лъийго хьухьуге.**

**ХьуцӀцӀилъ кӀваргьечӀолъидул чӀужугӀадан лъанани,**
**Балагьазул цӀадуца цӀал хьвагӀула сундего.**
**Свине гьеб биччалареб цӀобгьечӀолъидул лъарлъун**
**Лъугьунге, гьелъ мехтарал ригьунаро кидаго.**

**Гьулакалда лъимадуй дуца кьураб гӀакълудул**
**Къиматаб канлъиялъ гьеб цӀунула дунялалда.**
**Дур рекӀеца бакараб канлъи мукъсанлъанани,**
**Дур васазда сабру - яхӀ къосуна дунялалда.**

**Наял парччахӀ найица ракӀарулел кинигин,**
**КӀола дуниял дуда бакӀаризе, биххизе…**
**Дуца кьолел дарсалъан, матӀабалъан кинигин,**
**КӀола гӀуцӀи халкъалъул кибе ккелеб бихьизе.**

**Хьухьица бакъ бахчани, ракьалъе нур къотӀула,**
**Къалбал ракъвани, гъотӀол тӀамхал гӀодоре гъуна,**
**ГӀухьбузда кӀочон тараб гӀи бацӀица гъурула,**
**БацӀлъун дуй чиярлъараб лъимер лъийго лъугьуна.**

Гьелъ биххулеб дуниял бакIаризегIан къуват
КъваригIунаро дуе лъимада нух малъизе,
ЛъикIлъи, гIаданлъиялъул, гIакъиллъи, камиллъидул
Канлъигун лъимералъул дунял цолъизабизе.

Дунял-гIалам гIуцIулеб талихIаб рогьел гIадин,
Духъ гIелму балагьидал дуца къанщуге берал,
Дуда лъалареб кинан лъимадуй дуца кьелеб,
Ракьалда мекъалъ гурищ кьо балагьизе лъолеб.

БетIергьанас тIадаблъун гьабураб как балелъул
Камиллъи гьелъулъ лъазе лъай гьечIого гIоларо,
Лъимада малъичIебги лъазе рес букIунаро,
КIвахI, кIарчамлъи рикIкIад те, тIегьай
мун исламалъулъ!

Аллагьас инсанасе кьураб бечелъиялъул
Бищунго хирияб рухI, рухIияб дунялалъул
Дуца тIун рехуге тIегь, гьеб талихI гIумруялъул,
Лъай–гIакълу камил гьабе, гьеб дур даимлъиялъул.

ГIелмудухъе рахунеб нухда хIетIе тарани,
Тохлъиялъ гIаданлъидул кьалбал жагьал гьаруни,
ЖужахIалъул цIа гIадин, гьалаглъула дуниял,
Дунялалда къоселалъ дагьал ракичIо цIаял.

Кинаб зулму ракьалда тIадлъаниги – лъай дуда,
ЛъикIлъиги ритIухълъиги къосалие къуличIел.
Къиматаб гIаданлъиялъ божелалъул къираллъи
Къине ракьалда гурин, зодиб борхун цIунараб.

ЦIуне рекIел талихIин диналъул тIадегIанлъи –
ГIумруялъе сабаблъун буго божалил салам.
Ссун унел рекIел цIваби зодихъе ккун цIунулеб,
ЦIале, рекIел канлъийин, канлъи тIадлъараб Къуръан
Аллагьасул хIикматлъун буго гIелмудул низам,
ГIадан мекълъи–тIекълъидул къорикье виччаларев.

Къуръангин хIадисазул хIурупазул баракат,
Зодилаб тавдихIидалъул нух ккуразул шафагIат,
Фарз, суннат цIунулезул талихI – лъикIаб ахират,
Хадув гIадан гъолареб буго диналъулъ хIикмат,
Киназдаго тIадлъула гьелъул адаб цIунизе.

## КIИГО НАИБ

### НАИБ ХIАМЗАТХIАЖИ



Гьаб сураталда нужеда вихьулев Шамил имамасул наиб ХIамзатхIажи гьавун вуго I808 соналда ТIехIнуцаллъиялъул ракьалда бугеб Шодрода росулъ, бергьун гIараб гIелму цIаларав гIалимчи Салман–къадиясул хъизаналъе. Эбел гьесул йикIана шубутисезул ЧIантиб абулеб росулъа чачанай. Лъимерлъиялдасаго инсуца гьев гIараб гIелмуялда тIад чIезавун гIезвуна.

Эменгун ва инсул вац ИбрагьимхIажи шайихгун цадахъ ХIамзатица I4 сон бараб мехалда борхана хIеж.

Гьесул эмен ва инсул вац рукIана сверухълъиялдаго машгьурлъи щварал исламияб гIелмуялъул гIалимзаби. Гьез тарбия кьун гIезавурав вукIиналъ, ХIамзатхIажилги кIудияб рокьи букIана исламияб гIелмуялдехун.

Имам Шамилил ва Кавказалъул рагъазул хIакъалъулъ хъварал асаразда, ХIамзатхIажил хIакъалъулъ баянал, гьев чачаналъ вукIиналда бан, дагь гурони данд чIваларо. Данд чIвараралдаги хъван буго гьес наибллъи гьабулеб букIанин ЧIантисазул вилаяталъеян. Амма дица аслияб къагIидаялъ тIад чIей гьабуна росдал харабазул, гьесул васасул васасул ясал, дир эбелалъул яцазул ва гьесул васасул вас Шарипов ГIабдулал биценазда. ГIабдулаца жиндир кIудияв инсул бахIарчилъиялъул хIакъалъулъ чIухIун бицунаан. Гьесул рокъоб цIунун букIана доб заманалдаго художникас къвакIараб кагътида тIад сагина-къаламалъ бахъараб ХIамзатхIажил сурат. ГIабдула хун хадуб араб гIасруялъул 70 абилел соназда гьеб сурат тIалаб гьабичIого теялъ, тIаде гIекк-жо ккун хун буго… ТалихIалъ, гьеб чIаго букIадго, нужеда бихьулеб гьаб сурат дица 1970 соналъ, гьелда тIадеги валгьун, дагьаб къачIа-кIатIан, акварельниял релъабаз кваралъ бахъун букIана.

1858 соналъ Дагъистаналде ва Чачаналъе вачIун вукIарав, немцазул машгьурав художник Т. Горшельтица къалмицаги рахъун, кагътида тIад

имам Шамилил наибзабазул цадахъал суратал гьарун руго. Гьеб цIунун буго МахIачхъалаялда Тарихиябгун гIагараб ракь лъазабиялъул музеялда. Щивасул сураталда гъоркь цIарги хъван буго. ХIамзатхIажил сураталда гъоркь «ХIамзат-Чантинский» – абун хъван буго.

ГIабдулахъ букIараб ва музеялда бугеб суратазул хал гьабидал, гьел цо кверaлъ рахъарал рукIиналда ракI чIезе бегьула. ГIабдула чIаго вугеб мехалъ, гьеб сураталъул хIакъикъат цIехезе лъачIев дун, жакъа пикрабазда вукIуна гьеб сурат кисан гьесухъе щвараб абун…

ТIоцебесеб дандчIвай Шамил имамасулгун ХIамзатхIажил ккун буго 1839 соналъ АхIулгохIдаса гьев Шубутиве вачIиндал. Гьеб заманалда эбелалъул росулъ ЧIантив дибирлъи гьабулев вукIарав ХIамзатхIажихъ гьоболлъухъ рештIун вукIун вуго жиндирго муридзабигун Хунзахъа машгьурав Шамилил наиб Ахъбердил МухIамад. Ва гьесдасан имамасулгун лъай-хъвайги ккун буго. Шамил шубутисезул ракьалда вугевгIан мехалъ ХIамзатхIажи вукIун вуго гьесул тилмачлъун. Бицен буго имамасдаги чачаназдаги гьоркьоб гьогьен кколеб гIадаб хабар бугони, гьес лъутIа-къотIун рекъезабун буссинабулеб букIанин. Иш Шамилие бокьухъе рахънисан унеб букIиналъ имамги гIенеккун чIолев вукIун вуго. Амма лъабго соналдаса чIарбилал квегъулелъул имамас ХIамзатхIажида абурабила: «Дир каламалда дуца нах бахунилан гьел кверде рачIинаро. Гьаниб ярагъги хIалтIизабизе ккезе буго» – ян.

Имамасдаги Хунзахъа ХIажимурадаги гьоркьоб рекъел ккедал, ХIажимурад тIамуна ТехIнуцаллъиялъул наиблъун ва гьев гьенив хIалтIана 1840-1844 соназда.

Чачаналъе щванщинахъе ХIажимурад ХIамзатхIажихъе гьоболлъухъ рештIинчIого вукIунароанила. Гьезул букIанила кIудияб гьудуллъиги.

1843 соналда чачаназул чIарбилазул тIалъи квегъизе вачIарав имам АнсалтIасахун кIиго нухалъниги Шодроде щун вуго. Бицен буго: росдаца имамасул рагъухъабазе кIудияб гьоболлъи гьабунилан.

Гьел дандчIваяздаса хадуб ХIамзатхIажилги Шамилилги цоцаздехун рокьи-хинлъи бижун буго, гьевги росуцоявги имамасул боде гъорлъе лъугьун руго.

ХIамзатхIажи вукIана кигIанги ресалда вугев чи. Гьесул бетIергьанлъиялда рукIана 60 къали хьалел, лъикIаб бачIин кьолел хурзал, чIахIиял рецаби, гIемераб гIи-боцIи. Гьесул букIун буго росу бакьулъ кIитIалаяб кIудияб цIорол рагъи бугеб мина. Бицен буго, дова-гьаниса гьоболлъухъе вачIарав чи тамашалъи гьабун гьеб бихьизе унев вукIанилан.

АнсалтIаса, жиндир мунагьал чураяв, Абсалудиница бицунаан, 1843 соналда жидер росулъе Шамил имам вачIиндал, гьесие гьоболлъи гьабулаго чай гьекъезе гъоркь кружкабиги ругел цIорол стакабазда хадув чи витIун аравила ХIамзатхIажихъе Шодроде.

ХIамзатхIажил рукIана жидер къадру-къимат борхалъуде бахарал хъизам-лъимал: эбел-инсуца гьесие ячун йиго эбелалъул росулъа чачанай. Гьелъ гьесие гьарун руго лъабго васги цо ясги. Хадуй гьес ячун йго инсул росулъа яс, гьелъ гьесие гьарун руго шуго васги кIиго ясги.

ХIамзатхIажил гIумруялъул сонал лъабкъогоялдаса эхеде индал, руччабиги хун хутIарав гьес, чачаназул Гьима росулъа гIолохъанай чачанай ячун йиго ва гьелъие цого–цо яс СалихIатхIажияй (1869-1946) гьаюн йиго. ГIумрудул 14 сон бугей гьей вацалгун цадахъ ун йиго хIеж борхизе. Гьелдаса хадуб

гьелъул кIудияб гIишкъу бачIун буго диналдехун ва гьелъ жиндирго гIумру насиб гьабун буго гьелъие. Хадуйги гьей ункъго нухалъ ун йиго вацалгун цадахъ хIежалде.

Кинаб къагIидаялъха СалихIатхIажиялъул къисмат Дагъистаналда ва Чачанлъиялда жиндир цIар машгьурав шайих СалтIаса УзунхIажиясулгун (1847-1920), цолъараб?

Гьелъул буго гьадинаб бицен. Вацалгун цадахъ хIежалда йикIарай СалихIатхIажияйгун дандчIван вуго УзунхIажи. Берцинаб гьумералъул, гьайбатаб лага-черхалъул гьей йихьарайго, шайихасул ракIалъ йосун йиго. Лъадиги хун, чIужу ячине хIажатавлъун вукIарав гьес жиндирго мурад гьелъул вацазе загьир гьабун буго. Гьезги яц разилъани, жал разиял рукIин бичIчIизабун буго. Амма СалихIатхIажияй гьелъул хIакъалъулъ баккидал тIирун чIун йиго: Жий росасе ине гурила хIеж борхизе ячIарай. Чол кьолоде вахунарев, жиндаса къокъав ва гIумруялъ эменгIан кIудияв, гьесие инарила. Гьелъул дандечIей бичIарав УзунхIажица жиндирго карамалъи хIалтIзабурабила. Гьелдаса хадуб, СалихIатхIажиялъул биценалда рекъон, гьелъие кинабгIаги макьу, я хIалхьи букIинчIебила. Щибаб бихьулеб макьуги гьелъул квешго хIинкъизаюлеб ва УзунхIажидалъун гурони кумек щолареб букIанила… ХIеж борхун хадуб, Маккаялда гьезул кIудияб къадру-къиматалда ригьин гьабун буго. КIиго сон хIежалъул ракьалдаги бан, гьениб цIикIкIараб гIелмуги щун, гIагараб Дагъистаналде тIад руссун руго.




ЭМИР СЕВЕРНОГО КАВКАЗА УЗУНХАДЖИ-ШЕЙХ САЛТИНСКИЙ
1847-1920
И ЕГО ЖЕНА САЛИХАТ-ХАДЖИ ШОДРОДИНСКАЯ
1869-1946
Рисунок Салмана Хасбулаева из репродукции фотографии.

Дагъистаналда ва Чачаналда революциялъул багъа-бачари ккедал, росгун цадахъ гьелъ Чачаназул Ведено росулъ гIумру гьабулеб букIун буго. Доб заманалъ гIадамазул би гIодоб тIолаго, вац-вацасде данде рагъулел рукIиналъги ва халкъалъул бугеб къваридаб гIумруялъул кьогIлъи ракI унтун бааччулеб букIун буго гьелъ. ЧIужуялъул халкъалдехун бугеб гурхIел-рахIму бихьун УзунхIажица гIемержо гьелъулгун дандбан гьабулеб букIун буго. Гьелъие мустахIикъай, гIакъилай ва щибаб жоялда хадуй гIунтIарай гIадан гьейги йикIун йиго.

Гьединай йикIун УзунхIажицаги Дагъистаналъул ва Чачаназул шуабилев имам ХIоцосев Нажмудиницаги гьелда абулеб букIарибила, щибаб росулъ

мунгIадинай гIакълу–лъай бугел, лъаб-лъаб чIужугIадан Дагъистаналда рукIаралани, киданиги гъалмагъир ккелароанилан.

Рос хун хадуб СалихIатхIажияй гIумру гьабизе жиндирго гIагараб Шодрода росулъе ячIана. Росдал руччабазда ва лъималазда гьоркьоб гIемер хIалтIи гьабуна гьелъ исламалъул лъай кьолаго. Гьелъ гIемер гIазаб чIамизе ккана репрессиязул ва рагъул соназда. Росдал мажгит къайдал, риччан гьаркьалгун гIодилаго гьелъ Аллагьасде гьарарабила, гьеб къан бихьинегIан жиндир рухI босейилан.

ГIумруялъул нухда гIемер гIакъубаги, къарилъиги, рохелги, пашманлъиги, ракъиги, къечги баччизе ккарай, гIакълуги камилай, каламги гьуинай, хIеренай ва хIалимай СалихIатхIажияй росдае йикIана эбеллъун. Анкьго нухалъ, лъелго ун хIеж борхарай йикIиналъ, гьелда росдал гьитIинасги кIудиясги ХIажияй-эбелилан абулаан. ТIубараб гIумру гьелъ кьуна диналъе. Гьелъул лъимал рукIинчIо. Гьей хвана жиндирго хIужра рукъой какил рукнаби тIуралаго 1946 соналъ. Юкъун йиго Шодрода росдал тIасияб хабалалъ инсуда гIагарда. Гьелъул хабада къачIараб къоно лъезе рачIана I963 соналъ чачаназул Веденисазул жамагIатчагIи

ХIамзатхIажил кIиго васасги жидерго гIумру насиб гьабуна диналъе, исламияб гIелму цебетIезабиялъе. Гьел хIежалъул ракьалда бакъул унти ккун хун руго. Цояй гьесул яс ана МелъелтIе имам Шамилил наибасул васасе. Цогидай гьесул яс ана АнсалтIе росасе, бищунго гьениб цIар бугеб тухумалъул чиясе. Яц гьесул ана КIаратIаса Шамил имамасул наиб Халидие. Гьел лъималаз гьеб заманалдего кьучI лъураб кIудияб гIагарлъиялъул гьоркьоблъи жакъаги буго гIемерал росабалъ.

1845 соналда ГIандиб ва Даргъоб ккарал рагъаздаса хадуб, гьениб ХIамзатхIажица рихьизарурал бахIарчиял ишазе гIоло имамас гьесдехун кIудияб божилъи гьабун буго ва гьев тIамун вуго Чачаназул ЧIантисезул вилаятальул наиблъун. Хадуб цо-кIиго соналдаса гьесул бербалагьиялде кьун руго Чачанлъиялъул ТIадбуртиялги ТIехIнуцаллъиялъул гьанжесеб АнсалтIа участкаялъул рахъги.

**Шарипов ГIабдулал (1905-1970) биценалдаса:** Дир лъимерлъиялъул ва балугълъиялъул соназда нилъер росулъ гIумру гьабун рукIана 90 соназдаса тIаде гIумру арал 4-5 чи, жидеда имам Шамилги вихьарал, гьесул муридзабилъун ХIамзатхIажил рагъухъабигун цадахъ, рагъул ахирисел соназда чачанлъиялда рагъилелги рукIарал ва гьел рагъазул хIакъикъатги жидеда лъикIго лъалел. Гьединго ХIамзатхIажил вас, дир эмен МухIамадшарипицаги (1850-1930) гьел херазги нижее гIемер бицунаан пачаясул Россиялде данде магIарулаз ва чачаназ гьабулеб букIараб бахIарчияб къеркьеялъул. Инсуца чIухIун бицунаан 6-7 сон бугеб мехалда жинцадила чачаналъе инсухъе гьоболлъухъе вачIун вукIарав, имам Шамилие кьун саламгун квер бачанила, инсул рагъухъабигун цадахъ жив гIемер гIодов чIезе кканила ва гIурусазул ккун рачIарал асиралги жнда рихьанила.

Инсул ва гьев лъалел росдал харабазул биценалда рекъон, нижер кIудияв эмен ХIамзатхIажи вукIун вуго, гIакълуги камилав, каламги гьуинав, бахIарчияб гIамал-хасиятальул, халкъалда жаниб жиндир кIудияб къадру-къиматги бугев чи. Гьединав вукIиналъ чачаназул ЧIанти росдал вилаятальгьев росдал дибирлъунги тIамун вуго. Хадубго имамас гьеса божилъи гьабун

буго гьеб вилаяталъул наиблъиги. Чамго соналъ чияр ракьалда гьединаб жавабияб иш тIаде босизе ккани чиясе къварагIуна къвакIиги, кIудияб таваккаллъиги, ва гIадамазда гьоркьов хIалтIизе лъайги. БачIинахъего кинабго лъикI букIун буго. Рагъазда гьесги, гьесул рагъухъабазги кIудиб гьунар ва бахIарчилъи бихьизабулеб букIун буго…

Халат бахъараб Кавказалъулаб рагъалъ, имамасул кваранаб кверлъун рукIарал, гIемерисел бахIарчиял наибзабиги муридзабиги къулчIун руго ва цо-цо божарал наибзабиги муридзабиги гьесие хилиплъун гIурусазул рахъалде ун руго.

Чачаназеги магIарулазеги чIалгIун букIун буго жидер гIемер чи тIагIинаруроб, жал язихълъиялде ккезарураб, лъугIелго гьечIеб, бергьенлъи щолареб рагъ. Гьелъ чачаназул ва магIарулазул гIемер росабаз инкар гьабун буго гIурусазде данде рагъизе.

ЧIантисаз рагъалдехун мугъ рехидал, ХIамзатхIажидаги гьездаги гьоркьоб гьогьен ккун буго. Чачаназ абулеб букIун буго, гIурусаз чIван жидер гьав абун вагъизе бихьинчиги хутIун гьечIин, нуж муридзаби нижер ракьалда рукIаго, жидее гIурусаз рахIатги тезе гьечIин, мун дурго магIарулал–рагъухъабиги рачун Дагъистаналде айин. Жив имамасе хисуларин ХIамзатхIажил тIирун чIеялъ, чачаназдаги гьесдаги гьоркьоб хIалуцин цIикIкIун буго… Гьеб лъарал гIурусазул рагъулал командованиялъ 1858 соналъул сентябралъул ахиралда ЧIантибе жидерго армия рехун буго. ГIурусазул аскариязул, кIудияб къуваталде данде, кIиго сордо–къоялъ къуркьи гьечIого рагъизе ккун руго муридзаби. Ращалъи гьечIеб гьеб рагъда, муридазул гIемерисел чIван руго. ЧIван вуго гьенив чачаналъ ХIамзатхIажие гьарурал кIудиял кIиго васги. ХутIарал дагьалго муридзабазда кIун буго къаси сардилъ, солдатазул сверун кквейги борлъун, лъукъарав ХIамзатхIажиги ваччун, гьениса тIуризе. ЛъагIелалдасаги цIикIкIун заман бан буго гьесул согIал ругънал сах гьарулаго. Гьеб заманалда жаниб лъугIун буго кавказалъулаб рагъги. Рагъ лъугIун хадув гьев гIурусазул къайимлъиялде ине ккун вуго. ГIурусазул рахъалде гьев вачIиндал, росдал старшиналъун тIамизе гьесие квер бакъун буго гьесул вукIарав асирас.

Рагъдаса хадуб цо чанго сонидаса чIантисездаги ХIамзатхIажидаги гьоркьоб рекъел ккун буго, гьесул чачаналъ гьарурал лъималазе ихтияр кьун буго гьениб гIумру гьабизе.

Чачаналъ гьарурал гьесул наслуялъулгун, гьел I944 соналъ Гьоркьохъеб Азиялде хIал гьабун гочинаризегIан, нижер бухьен букIуна, КIудияб ВатIанияб рагъде иналде цеве дунгоцин цо чамго нухалъ швана гьезухъе гьоболлъухъе. Хадуб гьезулгун бухьен тIагIана… кигIан цIеханиги хадусеб гьезул къисмат лъазабун бажаричIо…

ЧIантисез ХIамзатхIажи рикIкIуна жидер чилъун.

ХIамзатхIажи ичIго нухалъ ун вуго хIаж борхизе. ГIемерисеб нухалъ гьесда цадахъ жиндирго лъимал унел рукIун руго. Инсуца бицунаан гьес жиндаго цадахъ хIежалде вачаравила рес гьечIев лъабго росуцоявги.

Ахирисеб нухалда ХIамзатхIажи дандчIван вуго имам Шамилгун хIежалъул ракьалда. Шамилица цIакъго тIадчIей гьабун цIехон буго Дагъистаналда ва Чачанлъиялда бугеб ахIвал-хIалалъул, мугIрузда ругел чачаназул диналдехун бугеб бербалагьиялъул. Ва ахиралда имамас тIад къан буго, чачаназул тIдбуртиял ва чIарбилал динияб рацIцIалъиялде

рачине балъхъадерил, гъодоберисазул, гIандадерил, шадрадерил ва ансалтIисезул жамагIатазде жиндир рахъалдаса гьарейилан.



Кавказалъул рагъ лъугIун хадуб, Дагъистаналда рилъанхъизаризе байбихьана пачаясул Россиялъул законал. Гьел законал гIумруялде рахъинариялъе гIоло, гIемерисел росабалъ бегавулзабилъун ва старщинабилъун, мухьги кьун, хIалтIизе тIамуна имам Шамилил рукIарал, чIаго хутIарал наибзаби. Гьезухъе кьун букIана Россиялъул империялъул герб тIад бахъараб мугъру (печать). Гьеб хIалтIи ва печать кьун букIана ХIамзатхIажихъаги.

Пачаясул Россиялъул хIукуматалъ ХIамзатхIажихъе кьун букIараб печаталда буго хъван цересел гIурус хIарпаз: «Шодродинский сельский старшина Андийского округа» – ян. Гьеб печать цIунун буго эбелалъул рахъалдаса ХIамзатхIажил наслуялъул чи ГIумарил ГIабдулал рокъоб.

ХIамзатхIажи хун вуго, гьесул хабада лъураб къанида бугеб хъвай-хъвагIаялда рекъон гьижраялъул 1302 соналъ, ай 1885 соналъ. Вукъун вуго Шодрода росулъ. Хириял къояз камуларо гьесул хабаде зияраталъе унелги.

## НАИБ ХАЛИД-АПАНДИ

ГIалил вас Халид гьавуна КIаратIа росулъ. Лъимерлъуда эбел-инсуца гьесда лъураб цIар Кьукьулав абун букIун буго. КIаратIа бугеб гьесул гIагарлъи букIана Дагъистаналдаго машгьураб. Гьесул инсул вац ГъалбацIдибир вукIана гIалимчи, имам Шамилил бахIарчияв наиб, жиндир цIар тарихалде жанибе арав, Шамилида цадахъ байбихьудаса ахиралде швезегIан вагъарав, ГIанди округ гIуцIидал, гьелъул начальниклъун вукIарав князь Д. А. Чавчаведзица ГъалбацIдибирил бугеб бахIарчилъиги бажариги бихьун, гьев тIамуна КIаратIа къадилъун.



НАИБ ИМАМА ШАМИЛЯ ХАЛИД-АФАНДИ
Рисунок Салмана Хасбулаева, из репродукции фотографии А. Роинова, 1860г.

Гьединго гьесул вацгIалзаби Тавуш МухIамадги (инсул рахъалдаса) ва эбелалъул рахъалдаса ХIадисги рукIана наибзабилъун.

Кьукьулав гьитIинго цIализе кьун вуго цIар машгьурал гIалимзабазухъе.

Бицуна, КъахIив цIалулелъул жеги михъида хIур кIутIичIев гIолилав, гьев ихдалил оц баялъул байрамкъоялъ цо къуватав залимгун речIчIизе ккаравила. Рахсазги вухьун, бугъа гIадин вухъардилаго, балагьаразе хIинкъи кколедухъ, вачIунев гьесул циндаго бер речIчIун буго борхатаб лагаялъул, ччоборхараб черхалъул гIолиласда ва гьев вихьарабго залимас абун буго гьадаб гIатIал бугъагун речIчIизе бокьун бугилан. Гьеб рагIарав Кьукьуласул ццим гьалаглъун буго ва бахIарчиго цIиркъ гIадин цо параялъ гьесда цеве кIанцIун вачIун вуго. Данд речIчIаралго Кьукьулас «бугъа» гьороца тIамах

гIадин кодове восун вуго ва цо лахIзаталъ гьес гьев кьуризе виччачIого гьений аскIой гIодой кIусун йикIарай залимасул эбелалъул курчIинив лъун вуго.

– Гьав бугъалъун вахъине ккани, жеги хьихьизе ккезе вуго, – ян абун буго Кьукьулас.

Имам Шамилил бетIерлъиялда пачаясул Россиялде данде магIарулал рахъиндал, Кьукьуласги босана кодобе ярагъ.

Шамилида цадахъ гьес гIемерал рагъазда гIахьаллъи гьабуна.

Имамасе мутIигIлъичIого гIурусазул рахъалда чIун ругел Унсоколосизде Шамилица гьарана мукIурлъун жидер рахъалда рачIаян, амма гьез гьесул амруялде гIин тIамичIо, Унсоколо росдал бакьулъ бугеб гIурусазул хъалаги ккун чIана. Гьеб хъала бахъизе тIадкъана ГIандадерил, ТIехIнуцаллъиялъул ва КIаралазул муридаздаса данде гьабураб бодул цевехъан Кьукьуласда. КIиго къоялъ хIалуцараб рагъги гьабун, гьенир рукIарал пачаясул армиялъул солдаталзулги Унсоколоса мунапикъзабазулги харбие чи течIого гъурун, кверде босана гьеб хъала. Бодулазе гьениса гIемер ярагъ, гулла-хер ва гIарадаби щвана. Гьелдаса вохарав имам Шамилица Кьукьуласда убач гьабуна ва гьесул цIар хисун Халид дуда рекъолин ахIана.

КIаратIа ва Шодрода ругел Халидовазул фамилия лъугьун буго имам Шамилица Халидие бахIарчилъиялъухъ кьураб цIаралдаса.

Машидат Гъайирбеговалъ жиндирго «Имам Шамил» абураб поэма-романалда абулеб буго: «жигар-жаналъул рахъалъ жинда бащадав чи гьечIин абулев, нартав гIадинав Шамилил наиб вукIун вуго «Кьукьулав» абун. Хадубги гьелъ поэмаялда гьадин хъвалеб буго.

**«ГIемер рагъуе гьунар**
**Бергьарав Кьукьуласде**
**Инсуца ахIараб цIар**
**Имамас хисун буго.**
**Хайбар хъала бахъарав**
**Багьадур – Халидил цIар**
**ЦIакъ рекъолин дудаян**
**Лебалаб цIар лъун буго».**

Кинха шодродисезулгун Халидил гIагарлъи бижараб? 1845 соналъ ГIандиб ва Даргъиб ккарал рагъазда Халидил лъай-хъвай ккун буго ХIамзатхIажилгун. Гьел кIияздаго гьоркьоб хадубккун кIудияб божилъиялъулаб гьудуллъи ккун буго. Хеккого Халидица ячун йиго ХIамзатхIажиясул гьтIинай яцги.

Имамасул ГъалбацIдибиридехун букIана кIудияб божилъи ва адаб–хъатир. Амма кIаралазул киназего гуро гьезда гьоркьоб бугеб гьуинлъи бокьараб. Гьединаз, имамасдаги наибасдаги гьоркьоб гьогьен ккезабизе макру ургъун буго. КIаратIа наиблъун вугев Шамилил вас ГъазимухIамадил лъадухъ ГъалбацIдибирасул вас ХIадисил рокьи ккун бугилан мацIал хIалтIизарун руго. Гьелда божарав, ГъазимухIамадица ХIадис чIвала ва гьелдалъун кIаралаздаги имамасдаги гьоркьоб кIудияб кьогIлъи ккола. Хасго, Халидица жиндие хирияв вацгIал чIвай цIакъ ракI унтун тIаде босулеб букIун буго, жидер ракьалдеги вачIун имамасул гурев, живго Аллагьасул вас ватаниги, гьесдаса бидухъ къисас босичIого теларилан. Амма иш гьелде биччачIого чIарав инсул вац ГъалбацIдибирас имамасулгун рекъел гьабула. Халидие

гьеб рекӀее гӀун гьечӀо ва гьев хӀажатавлъун ккун вуго росулъаги ун, Шодроде вачӀине.

Гьениб Халидица бан буго кӀиго тӀалаялъул мина. Росун руго 40 къали хьалел хурзал, чӀахӀиял рецаби. Гьесие гьенир гьаруна кӀиго васги цо ясги.

Имам асирлъуде ун хадуса Дагъистаналда рилъанхъизаруна тӀарикъаталъулгун пачаясул Россиялъулги законал. Гьел законал рилъанхъизаризелъун хӀалтӀаразул тӀоцересезул цоявлъун вукӀана Халид. 1860 соналда гьев тӀамуна Дагъистаналъул кӀудияв диванбеглъун (судья). Гьенив хӀалтӀулаго гьесие жеги цӀикӀкӀараб машгьурлъи щвана. Шамил имамас кьураб цӀаралдеги халкъалъ тӀаде жубана Халид-Афанди (гӀараб. Афанди, гӀакълу-лъай бугев) абун.

Халидил сурат бахъун буго, 1860 соналъ, суратал рахъизе Дагъистаналде тӀоцере рачӀарал гӀурусазул фотографазул цояв А. Роиновас. Заман иналъ тӀогьилъараб, гьеб хӀакъикъияб сурат цӀунун буго, доб заманалъго цебе цӀерги лъун гьабураб, гьитӀинабго рамкаялъуб Халидовазул рокъоб.

Халид-Афандица халатаб гӀумру гьабун буго. Хун вуго цӀакъго херлъун, вукъун вуго КӀаратӀа росулъ.

Жакъакъоялда; КӀаратӀа ва Шодрода ругел Халидовазул наслудул чагӀи руго гӀакълу-лъайги, кигӀанги гӀадамазда гьоркьоб жидер къадру-къиматги бугел, машгьурлъи щварал ирсилал. Гьезул наслудул чагӀи гӀемерисел рахъана мугӀалимзабилъун.

КӀаратӀа гьесие гьаруна цо ясги лъабго васги. Гьезул наслу кӀодолъулеб буго. Яс Жавгьарат росасе кьуна Шодродаса Сагитазул Сайпудин абулев чиясе. Гьелъул наслудул чагӀи ккола Сайпудиновазул наслу.

***Салман ХӀАСБУЛАЕВ,***
***Болъихъ район, Щодрода росу.***



# ЦӀИЯЛ ЦӀАРАЛ

**Марьям ШАФИЕВА**



*ЧIарада районалъул Гьилиб росулъа Шафиева Марьямица гьоркьохъеб школалдаса хадуб лъугIизабуна Дагъпедуниверситеталъул социалияб факультетги, хадубги рахьдал мацIалъул мугIалимзабазул курсалги. ХIалтIана Гьилиб ясли-ахикь воспитательлъун, гьенийго школалда социалияй педагоглъун.*

*ГьабсагIат Марьям ккола Шамхал поселокалъул №45 школалъул рахьдал мацIалъул ва адабияталъул мугIалим. КучIдул хъвазе байбихьаралдаса чанго сон бугониги, гьал кучIдул руго Шафиевалъул цIалдолезулгун тIоцебесеб дандчIвай.*

**ХЕР БЕЦУЛЕБ ГIУЖ**

**Хасал бакънал руго риидал росулъ**
**Рогьалил гIужалда кирго рагIулел.**
**ТIоцебесеб чIоралъ салам кьелелде**
**Хурире къачIалел мугIрул ясазул.**

**Паркъолел нилъазул, зурмил кинигин,**
**ТIубараб мегъго цIун зваргъи букIуна.**
**Хулжиниб богIорцо, манакоги лъун,**
**Цудунго хурире нухде рахъуна.**

**Сон бецараб харда щуб бакъвалелде,**
**ХIамида тIад къазе цойги къачIала.**
**Бакъвараб бакIарун дандеги гьабун,**
**Нилъ лъухьун, лъугьуна жеги бецизе.**

**Къаде какил гIужалъ, дагьаб свак чучун,**
**Жегиги журала добго хIалтIуде.**
**Берцинаб мухъ гьабун, хер бецулаго,**
**Бер къапилелде къо рагIалде щола.**

Бакъанил гIужалде къо щвараб мехалъ,
Данде гьабураб хер, гулаздеги къан,
ХIамиде гьел рехун, тIад къаялъе лъун,
Росулъе, гьаругьин, тIадруссунел гьел.

«Сваканищ?» – гьикъидал, «СвакачIо», – абун,
Къокъаб жаваб кьола, кин сваканиги.
Жеги цебе хIалтIи гьезухъ балагьун
ХIалхьезегIан букIин лъалелъул рокъоб.

## РАКIАЛДЕЩВЕЙ

Цо сурат бачIуна мех-мехалъ цебе,
Дол арал соназул салам кинигин.
Свакараб рекIее дарманлъун ккараб
ГIумруялъ кидаго кIочене гьечIеб.

Тамахаб бусада гIодой чIун кIодо,
ХIеренаб гьаракьалъ бицунеб хабар.
ГIурул чвахиялъул берцинаб бакъан
Бакъ кинигин къалъул моцIрол доб канлъи.

РакIалде бачIуна букIараб рахIат,
Расги ургъел гьечIел тIадагьал къоял.
Цо лахIзатальниги, араб нахъбуссун,
КIодода къочизе щолебани дий.

## ТIОХОЛ КЪАКЪУ

ТIохол къакъуялъул букIараб къимат –
Гьанже гьелъул тIагIам лъаларел лъимал.
Бачазда унелъул, богIорцоги цIун,
Буцараб тIех гуреб щибго букIинчIо.
Хурире, рохьоре – кире аниги,
ТIех камулароан кидаго цадахъ.
Ракъарал лъималги кIодоэбелалъ
ГIорцIизарулаан буцун тIехги кьун.
Нагагь лъимадухъе эбел кватIани,
ТIоходе лъимги тIун, кьолаан гьелъий.
Гьобол вачIанани, тIагIамабщинаб
Буцараб тIехалда цадахъ кьолаан.

## РУССА, РОСУЦОЯЛ, НУЖ МАГӀАРУХЪЕ

**Русса, росуцоял, нуж магӀарухъе,**
**ГӀащикълъулин нужехъ гӀагарал мугӀрул.**
**Гьаб берцинаб тӀалъи сурукъ гьабулел**
**Рихxун арал рукъзал чӀаго гьаризе.**

**ГьоцӀо гӀадаб гьава, цӀорораб гьаб лъим,**
**Рии-хаселалъул берцинаб дунял,**
**ТӀабигӀат гьайбатаб гьаб магӀаруллъи**
**Унго кинан толеб хадуб балагьун?**

**Росулъе юссиндал, свера-тиридал,**
**ЦӀакъ ракӀалда къала басрияб авал.**
**Щибаб доб минадул берцинаб заман**
**БачӀуна рекӀелъе щибаб нухалда.**

**ЦохӀо эхетарал къадал гурони,**
**БукӀараб рукъалъул щибго хутӀичӀо.**
**ТӀад букӀараб тӀохги тӀубанго чӀунтун,**
**ЧӀвадназде сверараб инсул мина–рукъ.**

**Ахирисеб нухалъ, хадуб нуцӀа къан,**
**КӀулал рахалаго, ракӀ гӀодараб куц.**
**Русса, росуцоял, нуж магӀарухъе,**
**Умумузул чӀахъен чӀаго гьабизе.**

## ЭБЕЛАЛДЕ

**Дир иман щулияй, гӀакълу камилай,**
**Кидаго разиго таги Аллагьас.**
**Гьале тӀаде щвана мун гьаюраб къо**
**Баркула ракӀа-ракӀалъ, хирияй эбел.**

**Лъала, дур рекӀее рахӀат бачӀуна,**
**Ниж лъикӀ ругин абун лъимал кӀалъайдал.**
**ТӀасалъугьа, эбел, кидаго аскӀор**
**КъваригӀани, дуда ниж ратуларо.**

**Ракъуниц, къечониц яги квачаниц –**
**Даим лъималазул ургъалида мун.**
**Дуе бугеб налъи бецӀизе ккани,**
**Лъабго гӀумругицин гӀеларо нижей.**

## ГЬИТӀИНАЙ ЯЦ

**Дир ракӀалда буго гьитӀинаб заман,**
**Кини дур кӀикӀулел халатал къоял.**
**Вай гьезул халалъи, лъалеб анищха**
**Ясандизе къватӀахъ щолареб мехалъ.**

**КIудиял хIалтIуда, дуда аскIой дун –**
**КIикIулаан кини кIвараб хIалалда.**
**Гьанже дида аскIой кIудияй гIадан,**
**Эбеллъун яхъарай дир гьитIинай яц.**

## И Ц Ц

**Росдал бакьулъ бугеб ганчIилаб къулгIа**
**ГаIзугIан цIорораб иццул лъим бугеб.**
**Лъил къуватал квераз гьеб бан букIараб,**
**Лъица гьабураб гьеб гьединаб хIалалъ?**

**Гьев, къечон вачIарав, баркалаги кьун,**
**ДугIадулъ рехсола щибаб нухалда.**
**Дудаги, дир гьудул, къеч буссарабго,**
**Рехсезе кIочонге мунагьал чурад.**

## РЕКIЕЛ ДАРМАН

**Дир цIорораб рекIелъ хинлъи бекьарав,**
**Рихьугеги, Аллагь, мун гьечIел къоял.**
**ХъачIлъиялъул гIорхъи жиндилъ букIинчIей**
**Дун тамах гьаюрав, кьеги дуй сахлъи.**

**ГIумруялъул тIагIам лъалареб заман**
**Мун вачIиндал дица кIочоне тана.**
**ТIубанго хьул къотIун, къуват лъугIидал,**
**Сабаблъун витIана Аллагьас мун дий.**

**ГIумру лъугIун бугин ккараб мехалда,**
**РекIее дарманлъун лъугьана дий мун.**
**Данделъана, лъица щиб биცаниги,**
**Аллагьасул къадар къабулги гьабун.**

## «ГIАКЪЛУЯЛЪУЛ ДАНДЕРИЖИГИ», ДУНИЯЛГИ, НИЛЪГОГИ…




«Жибго гьитIин, гьунар кIодо?» – йин абун, биценкIо жакъа дие кьуни, расги ургъичIого жаваб кьелаан МухIамад ПатахIовас дагьаб цебе гIагараб миллаталъе сайигъат гьабураб «ГIакълуялъул дандерижи» бугилан.

Унго-унгоги гьеб буго ахираб заманалда жидерго харжалдалъун къватIире риччалел чанги риццатал, чIахIиял, бакIал тIахьазда данде тIадагьаб, гьитIинаб тIехь – гIакълуялъул дарсал, гIакъиллъиялъ кьолеб кантIи, кантIун хадуб нилъер пикрабазулъе лъугьунеб лъикIлъи, бацIцIалъи, роцIин.

Гьединаб тIехь рокъоб, гьоркьо-гьоркьоб бегизе, бихьулеб бакIалда лъезе гуребги, сумкаялъуб лъун къойил цадахъ босизе санагIатабги, гьоркьо-гьоркьоб цо-цо, кIи-кIи хабар цIалун, дуниялги нилъгоги ричIчIизе, ричIчIун хадуб гъуждузда бегараб заманаялъул бакIлъи гIодобе гьенезе батулеб кумекчилъунги букIинин абуни, дун мекъи ккезе гьечIо.

ГIакъилаб калам къокъабги, гьваридабги, бичIчIизе, ургьибе ине бигьаябги букIунелъул, МухIамадил тIехьалъул аслияб мурадги гьеб буго. МухIамадица тIехь данде гьабун бугин, гьеб хьван гьечIин ккезеги бегьула, гьеб цIалулаго ратизе ругел нилъеда лъалел, рагIарал гIисинал лъугьа-бахъиназул хIакъалъулъ биценал цIалидал.

Амма гьеб цIалулаго дунго хIикмалъана гьес гьел къачIан ругеб куцалъ, бечедаб мацIалъ гьезие чIаголъи кьун бугеб куцалъ, маргъу херхине, бицине бугеб махщелалъ камил гьарун ругеб куцалъ. Дидаго лъалел, рагIарал цо-цо харбал, халатал къокъ гьарун, къокъал халат гьарун, нилъ жанир ругеб заманаялъе пайдаяллъун рукIине бегIер гьарун, ракIалда чIолеб, цогиязе рицине бигьаяб къагIидаялда хъваялъ хъвадарухъанасул махщел бихьизабула.

Ургъулей йикIана гьеб тIехь хъвазе бачIун бугеб баракатаб пикруялда тIадги, халкъияб кIалзул гьунаралъе тIокIабги кинаб камиллъи кьезе кIвелебин дирго пикруялда тIадги.

Амма гьел, гIелаз гIелазухъе кьолел гIакъиллъаби жакъа, дандеги ракIарун, цIализе беркъалареб хIалалъ, кодобе босун хадуб, лъимералъ маргъаби гIадин, цIалун бахъинчIого гIодоб лъезе бокьилареб хIалалъ хъвай гуребги, тIахьаз дуниял цIедал, интернеталъ жиндехунго нилъ седедал, кIочон толеб бугеб умумузул каламги, нилъедаго лъачIого гьелде хIажалъун ратулел нилъгоги,

гIакълу бихxараб заманалъ рачун, нилъ гIагарлъулеб бугеб кьурул рагIалги – гьеб киналдасаго хвасарлъилъунги лъугьунеб буго гьаб гьитIинаб гьунар-кIодо.

ТIехь цIалулаго, цIидасан рещтIуна лъимерлъиялъулъе, нилъер гьитIинлъи асир гьабулел маргьабазулъе, нилъер ракIал гIакъиллъулел, берал цIодорлъулел, пикраби берцинлъулел къокъго рицарал, кIудиял лъугьа-бахъиназулъе.

Аслиял харбал «ГIакълуялъул дандерижиялъулъ» руго маргьаби гIадин херхарал.

Масала: «БукIанила, букIинчIила…», «ВукIанила, вукIинчIила…». Аслиял героялги руго хан, вазир, мискинчи. Ялъуни цояв – гIакълу кьолев, цогидав – гьеб босулев: мугIалим – цIалдохъан, херав – гIолохъанчи, мискинчи – бечедав чи, рос – лъади.

Расги бигьаго хъварабги данде гьабурабги тIехь гьечIебха МухIамадил. Нилъехъе гьединал харбал рицунаго-толаго щолел ратани, авторас щибалда лъун буго цIар, цIаралъги рачуна нилъ къваригIараб, хIажатаб гIакъиллъи батизе, ккаралъуб гьеб бицине. Масала: «Сабру», «Сахаватчилъи», «ГIакълуги, гIелмуги, талихIги»... Нахъойги бачIуна гьезул хаслъиялъул пикру гьабизе. ГIадамасул хасият-гIамал, чIагоял гIадамаллъун, чIахIиял хIарпаздасан хъвалел руго авторас.

ГIажаиблъи, гIамалалъ гьавулев вуго чи, чиясда бараб буго гIамал. ГIамалги чилъиги – кIиябго чIахIияб хIарпалъ хъваялъе гIиллаги гьел цолъизари букIун буго, инсан рехсолаго гьесул хасият бергьунеб буго…

Гьеб гуребги, чIахIиял хIарпаз хасият-гIамал хъвай цIакъ данде кколеб буго лъималазе. Гьезда гьитIинаб къоялдасаго бичIчIулеб буго гIакълуги, гIелмуги, талихIги, жахIдаги, кIигьумерчилъиги – чIагоял, кIалъалел, рилълъунел, рихьулел гьечIониги; квер хъвазе ратулел гьечIониги, гIумруги гIаданги берцин гьарулелги сурукъ гьарулелги жал рукIин. Гьезул пикрабазулъ гьел хутIула тIолабго гIумруялъ, гIун рачIунаго «ГIакълуялъул дандерижи» гIадал тIахьал чIахIияз гьезие цIалулел, рицунел, ричIчIизарулел ругони, квешлъи лъалелде лъикIлъиялъ гьезул ракIазулъ кьалбал риччан рукIине.

Дир ракI бохана ПатахIовасул тIехьалъул кIваралъул бицунел рукIаго, рахьдал мацIалъул мугIалим, «ХIакъикъат» газеталъул хIалтIухъан Шамай Хъазанбиевалъ бикьараб жиндирго хIалбихьиялдаса. Гьелъ бицана «ГIакълуялъул дандерижи» жинца дарсида хIалтIизабулеб бугеб куцалъул, гьел гьитIинал маргьаби гIадал гIакъилал харбал лъималазе цIалун хадур, гьез жидецаго рицун, гьездасан сочинениял хъваялъул, лъималазда бичIчIулеб къагIидаялъ гIакъилаб калам гьезулъе тIезе бигьалъараб куцалъул. Аслияб жо: лъимал цIакъго гIенеккулила гьел цIалулаго, цIакъ гьираялда лъугьунила гьел рицинеги. ЧIамучIлъиги чIалгIенги гьитIичазулъа хъамизе кIола дарсида гьезул пикраби чIаголъулел, гьел руссинарулел, гьуинго маргьудул къагIидаялъ рицунел гIисинал харбаз. Гьебги буго, мугIалимасул столалда букIунеб, меседил мугьазул гьитIинаб гъамас гIадаб «ГIакълуялъул дандерижиялъул».

ТIехьалда ругел харбазул цIаразул буго цойги хаслъи: гьезул гIемерисез цохIо цIаралдалъун бицуна хабаралъул магIнаги авторасул мурадги. Масала: «Аллагьасда гурони, жиндирго лагъ лъаларо», «Щибаб унтуе даруги батIи-батIияб букIуна», «Лъукъараб рекIелъ лъалкI хутIула», «Щивас жиндир

рекIелъ бугеб кьола», «Бекьараб гурони, бижуларо», «МаслихIаталъе гьересиги бегьула», «Цоязул сабруялъ цогидазул ццим бигьинабула» ва гь.ц.

Гьединал цIарал лъугьуна жибго жиндаго чIараб гIакъилаб каламлъунги абилъунги.

Щибаб хабаралъул ахир кколелъул гьеб бициналъул, хъваялъул аслияб мурад, харбазул ахирал МухIамадица кьун руго, байбихьудасаго цIалдолев гIащикъаб, гьес жинцаго цо–цо мехалъ цебеккунго ургъун букIараб, бигьаяб, амма тIокIабги тIаде жубазеги тIаса бахъизеги щибниги хутIичIеб, ракIчIараб тIанкI–ишара гIадаб. Гьеле гьеб ахирги ккола аслияб дарслъунги, дурусаб каламлъунги, инсанасулъ лъикIаб гIамал борчIизабулеб кантIилъунги.

Щибха бугеб жакъасеб къоялъе «ВукIанила, вукIинчIила цо хан…» –ин байбихьулел биценал-гIакъиллъабазул пайда, гьеб босизе лъаниха.

ГIемерисел биценал хIакъикъаталъул кьучIалдасан, гIумруялъул кьераздасан ургъарал ратулелъул, ханзабазул хасиятаз хIайран гьарула нилъ. Гьел ханзабиги бусурбанал, иман бугел, ракIал сахаватал, квер гIатIидал рукIуна гIемерисел. Гьезие тIадегIанаб батула гIакъилаб рагIи, гIелму, гIарац-меседалъухъ бичун щолареб пикру. Гьебги гIемерисеб батула гIумру бихьарав, гьеб баччулев мискинчиясухъ.

ГIакълуги гIелмуги аслулъун букIуна улка-ракь цебетIеялъеги гьеб щулалъиялъеги. Гьеб бичIчIулев ханги халкъалъе хириявлъун вукIуна ва тарихалъулъги хутIула.

«ГIакълуялъул дандерижиялъулъги» руго цересел гIелазда маргьабаздаса лъаниги, гьанжесеб гIелалда гьединги лъачIел, амма жакъасел «ханзаби» гьелгун данде кквезе рес кьолел лъугьа-бахъинал, гIакъилал дарсал, божизе захIматал ругониги, ханзабазул мисалал.

Жакъа унелани, мискинзабазул ретIел–хьитги ретIун, тIадчагIи халкъалъул гIумру-яшав бихьизе, улкаялъул «аслу» щиб хIалалда бугебали лъазе, гIарцухъ щолареб гIакълу гIансиде къулараздаса щвезе, щун хадуб гьеб гIакълуялъул багьа жиндир гьодораб бетIералъги бетIерлъи гьабулеб улкаялъул буголъи кванан гIорцIулареб чехьалъги борцине жакъа бажарулареблъиги бихьизе.

Гьанибго рехсезе рекъараб бугин ккола тIехьалда кIвар кьун бугин инсанасул иманалдейин, гьес, кигIан кутакавги бечедавги ханасда гуреб, Аллагьасда ракIчIезабизе, Гьесда гьаризе кколеблъиялде.

Гьединаб магIнаялъул дарсал руго тIолабго тIехьалъул аслулъунги, гIакълуялъулги гIелмуялъулги кьучIлъунги.

Авторас цере лъурал масъалабазул тартибго буго тIолабго гIумруялъул лъикIалги квешалги хасиятал гьорлъе рачараб, щибаб гIелалъе рекъараб, бихьиназе, руччабазе, рос-лъадиялъе данде гьабураб гIумруялъул законазул кодекс гIадаб.

ЧIужугIадан хIисабалда дунго чан хабаралъ кантIизаюрай, цогиязе рехсезе мисалал кигIан ратарал. «Бищун кIудияб талихI» абураб хабаралъулъ, Аллагьасе гIолойин, мискинзабаз гьаранщинабги кьун, щибго хутIичIев цо чиясухъе вачIун, малаикас абулеб буго: «Аллагьасе гIоло дуца дол мискинзаби рази гьаруна. Гьанже дуего бокьараб гьаре Аллагьасда»-йин. Щиб гьарилебали лъаларев гьев чияс, цо къо ургъизе кьейинги гьарун, цо гIакъилчиясухъе ун, гьесда цIехола гIакълу. Дов чияс чIужу йитIула гьоболасе къотIизе хьарпуз босейин. ЛъикIалдаса лъикIаб бищизе чанго нухалъ нахъе йитIула, дойги

уна. Ахиралда бачIараб къотIула. Гьениб абула гIакъилчияс: «Дир рокъоб цо гурони хъарпуз букIинчIо, амма дир чIужу, дица йитIанщинахъе, калам тун хьвадана гьеб «хисизе». Гьединай йиго гьей хутIанщиналъеги. Дир хIисабалда, дунялалъул рокъоб чиясул бищун кIудияб талихI буго иман-яхIги, сабругIаданлъиги бугей чIужугун гIумру гьабизе щвей».

Гьаб хабар дидаго лъалеб букIаниги, авторас гьеб бицун бугеб къагIида берцин бихьана, жинда лъураб цIаралъе гьеб «мукIур» гьабун бугеб куцги рекIее гIуна.

Цойги буго дун хIайран гьаюраб, цIакъго гъваридаб, даимго руччабазе хIажатаб хабар «ГIакълуялъул дандерижиялда». Гьеб буго улбуз ясазухъе хазина гIадин кьезе рекъарабги, хъизан-рукъ цIуниялъе сабабги гIадаб хабар. Гьелда цIарги авторас лъун буго «ГIакъилай лъади». ХIалалаб захIматалъ хъизан-рукъ хьихьарал, гьуинаб гьоркьоблъиялъул рос-лъади ругебго бакIалда руго даим дагIба-рагIиялда рукIунел цойги рос-лъади. ТIоцее рехсарай лъадухъе ячIуней йиго кIиабилей ва цIехолеб буго щайин нуж гьедин ругел, ниж гьадин ругел. Дур рос ватилин мунги хирияв, дур адабги бугев чи. Дирав вугин гIамалги мекъав, хIехьон бажаруларeб хасияталъул чи. Жиндие гIакълу щайин дуца кьолареб щиб гьабундай лъикI, дир росги дурго гIадав лъугьинавизе. Бакъукь хIалтIулев росас хIехьаралъул дагьабгIаги жинцаги хIехьезе, рагIдукь чIун гурей, бухIараб бакъукь чIун кун дургъулей гIакъилай чIужуялъ абулеб буго: «Кьела дуе гIакълу, щай кьолареб. Амма дуца дихъе гьалбацIалъул лъабго рас бачIине кколахайин».

Гьай цоялъ цин лъазабула киб гьалбацI бугебали. Батула цо бечедав чияс хьихьулел гIалхул хIайваназда гьорлъ, маххул чалиялда жаниб. ГIезегIан мехалъ хьвадула гьей гьеб беэдизе, гьелъие квен кьезе, гьелда квер бахъизе, гьелдаса лъабго рас тIеялъе гIоло… Ахирги ячIуна гIакъилай чIужуялъухъе гьей, гьалбацIалъул  михъидаса тIураб лъабго расги босун. Гьай хIикмалъула гьелъул бажариялда, гьикъула: «Кин дуда кIвараб гьададигIан ццидалаб гьалбацIил михъидаса расал тIезе?» – йин. Гьалъги бицуна ккарабщинаб.

Гьаниб лъолеб буго авторас руччабазе дарсги, кантIиги, хъизан–рукъ цIунизе сабабги жаниб бугеб хIикматаб доб гIакълу. ГIакъилай чIужуялъ дой гIаданалда абулеб буго: «Гьеле гьеб гьалбацI гIадин веэдун, адаб-хIурмат гьабе, яц, дуца росасулги. Гьеб мехалда йокьизе йиго мун гьесие, лъугьине вуго гьев дуе тIокIав вукIунаревгIан лъикIавги» – ян.

БицинчIого кин телеб МухIамадил харбазулъ ратулел, цо рекIелъ зирхи бахъунел, гьесул мацIалъул бечелъиялъ, живгун хабар-кIалалда ругеб хIисаб ккезабулел цо-цо калимабазул, прозаялъе гугьар кьолел цо–цо мухъазул:

«…БачIун цо кетоги чIанила гьесул къавулъ…», «Рохьоб тира-сверулаго циялда батанила бацIил рукIунги гьенибго бацIил тIинчIги. Щиб ракIалде ккарабали, цица, бан квачIгун, чIван реханила бацIил тIинчI…» Щиб ракIалде ккарабалийин абурал рагIаби рекIелъа унарого, гьез ракIгъунги йиго дун…

ПатахIовасул «ГIакълуялъул дандерижи» щун бугебщинаб дунялалъулги гIумруялъулги бокIоналъул хIисаб гьабизе лъугьани, гьелъ гъорлъе бачинчIеб, инсанасе асар гьабулареб жого батулеб гьечIогоги йиго… Диего рокьарал харбал гьанир рехселин лъугьине бажаруларeблъиги лъалеб буго… Амма «Ккаралъуб бицараб берцинаб рагIи» абураб хабар-притчаялъулъ (киналниги биценал, лъугьа-бахъинал притчаби ругин абичIониги, бичIчIула) бугеб кIиго биценалъул тIоцебесеб рехсечIого чIолеб гьечIо ракI.

«Ширазалъул берциналъ дун къираллъун гьавуни,
Дица гьелъий кьелаан Самаркандгун Бухара…»

Гьединал жугьаби руго анцIила ункъабилеб къарнуялда вукIарав Ширазалдаса шагIир Хафизил.

Гьел рагIаби рагIидал хIаталдаса ун ццидахун вуго дунялго кверде босизе анищалда вукIарав рекъав Тимур. Гьел жугьаби ургъарав чи, бокьаралъуса вахъун, жиндихъе вачеян буюрун буго гьес. Гьев вачIиналде гьелегьизабун цIаги букIун буго. Вачун вачIарав Хафизиде ахIдон вугоха Тимур, гьалщинал биялги тIун, хIалхьезегIан гIадамалги гъурун дица рахъарал Самаркандгун Бухара цо щияли лъаларей гIаданалъул кIветIалда бугеб тIанкIалъухъ кьелин абизе мун щив чийилан (цо кIарчамлъи балагье авторасул гьеб мухъалъул!) Гьагъаб цIадаве рехула гьабсагIат дица мунилан. «Я, бетIерчIахъаяв ханзабазулги хан, гьединав сахаватав вукIинчIевани, дун гьадинав мискинав вукIинаанищ», – илан абун буго шагIирас.

Бицуна, гIумруялда жаниб тIоцебесеб нухалъ гьадаб къоялъ гьиманила рекъав Тимур. Гьадинал гIадамал цIунизе кколилан, къали меседилги кьун, кIудияб хIурматалда витIанила гьес Хафиз.

Гьаб хабаралъ ракIалде щвезабула ханзабазул заманалда живго ханасе шагIирасул букIараб къадруялъулги къиматалъулги.

Нахъойги бачIуна пикру жакъасел тIадчагIаз гIакъилаб рагIул гьабулареб тIалабалъул, гьелдаса жидее щвезе бугеб пайдаялъул. Цо-цо мехалъ ккола тIахьалго кодоре росуладайин гьезилан. ГIакъилал ханзабаз аскIов хьихьулаан цо-цо рагIи бегIерав, гIумру бичIчIарав, халкъги гьелъул унти-ссудиги бихьун лъалев, халкъалъул къалам гIадинав, гьезул калам гIадинав шагIир.

Щванаха нилъ «ГIакълуялъул дандерижиялъул» ахиралде. РакIалдаго гьечIого рагьун бачIана МухIамадил шигIру. «МагIарул рокьи» абун цIар лъураб, биценалъул кьучIалда хъвараб, гьитIинаб поэмайин абизе бегьулеб асаралдаса цо-цо мухъал рехсаниги гIела гьелъие къимат кьезе:

**«… Рахарал гьасул къасдал вахунарел гьундухъе**
**Хиялаз ахIарав гьав хIукму гьечIеб рагьдухъе…»**

**«…ГIумру-гIамал релълъарай гIадангун дандчIваниги,**
**ЧIчIвабзаз гьасул пандрида добго бакъан бачана…»**

**«…Къо, гьаб жакъаго гIадаб буго рещтIун магIарухъ,**
**Ругьалабиги росун, рогьелги цебе къотIун…»**

Хадубго буго «Жакъасеб маргъуйин» цIар лъураб шигIрияб асар. Цо гьелъул херхиналъул берцинлъи гIола шагIир ПатахIовасул гьунар борцинеги, унго-унгояб магIарул шигIрияб асар, гьесда жиндаго гIадин, кинаб букIарабали, бугебали нилъедаги лъазе.

Гьалеха дол, дида гурелги, лъалел МухIамад ПатахIовасул рекалаби, бекун кьураб чед гIадал, тIагIамал кочIол мухъал гурелги, шигIрияб гIакъиллъи:

* * *

**БитIараб бицине бегьулеб гьечIо,**
**Гьереси бицине рекъараб гьечIо.**

* * *

**ГIурччинал кагътазул кунчIи чIварабго,**
**ЧIахIиял чагIицин гIисинлъулел куц.**

* * *

**Дун вокьулездаса, вокьулареца**
**Кьурал дарсаз гIемер гIакълу щвана дий.**

* * *

**МатIуги, рагIадги, дандерижиги –**
**Божизе бегьула гьел лъабаздаго.**

* * *

**Дин багьанаде ккун дунял гIуцIулев**
**ГIалим Аллагьасе инжитлъулила.**

* * *

**ТалихIалъ гIорцIичIони,**
**ГIорцIула талихIкъиналъ.**

* * *

**ЦIа гIадал гIолохъабаз цIарлъун гьабулеб буго**
**Гьадингосев къватIукил къаркъала цIунизе щвей.**

* * *

**Малъулел гIемерлъун, кантIулел дагьлъун,**
**Киналго гIакъиллъун гIадлу хун буго.**

Гьалда тун лъикIан кколеб буго. ТIадехун рехсарал мухъазе жаваб хIисабалда, малъулелги, кантIуларелги, гIакъилалин ккаралги, хвараб гIадлуги – кинабго хисун, буцIцIухIун чIун, ахIдечIого, гьедаричIого, керен бухичIого, гIодобеги биччан, цIикIкIун жанире ракканагIан, цIияб пикруги, гIакълуги, дарсалги нилъее кьезе бачIараб гьобол гIадаб тIехь буго, байбихьуда, дица абухъе, жибго гьитIинаб, гьунар кIудияб «ГIакълуялъул дандерижи». Кутакалда лъикI ккелаан гьеб гIурус мацIалде буссинабуни, гьелъул баракат магIарул гуребги халкъалъеги «ханзабазеги» щвезе, гьелъ кантIизе, квешлъиялдаса лъикIлъиги, жахIдаялдаса рокьиги, тушманлъиялдаса гьудуллъиги, гIедегIиялдаса сабруги, гIантлъиялдаса цIодорлъиги, гIасилъи-пасикълъиялдаса иманги бергьине, гьаб къокъаб, къарзалъе кьураб гIадаб гIумру, нилъеца гуребги, нилъер лъималазги гьезулги наслуялъги берцинги, гьуинги, гIакъилги гьабизе.

Баркала, МухIамад, миллаталъе кьураб баракатаб сайигъаталъухъ, сундуйго дарулъулеб гIакъилаб рагIиялъ ракIазе кьолеб роцIиналъухъ, гьелъ берцин гьабулеб дуниялалъухъ…

***ТубхIат ЗУРГЬАЛОВА,***
***хъвадарухъан.***

*P.S.* *Хъваралъе нугIлъиялъе, лъикIаблъун бихьула гьоркьехун «ГIакълуялъул дандерижиялдаса» цо–цо асарал лъезе.*

# ГІАКЪЛУЯЛЪУЛ ДАНДЕРИЖИ

## МУН ЖУЖАХІАЛЪУЛ АГЬЛУЯЛДАСАН ВУГО

Жиндир вагІза-насихІаталъ рагІанщинал хІайран гьарулев, бергьун кІудияв гІалим вукІанила. Гьесул гІакъиллъиялъул цІарги ун букІуна киса–кибего. Жеги вихьичІониги, гьесул хІакъалъулъ рагІарал биценаз асир гьавурав, чед бежун, гьеб бичун бечелъарав цо чиги вукІанила. ГІалимасда абунила, дур биценал рагІун, духъ гІащикълъарав пуланав чи вугин пуланаб шагьарадаян. Анила гІалим гьардухъанасул сураталда гьев чи валагьизе. ЦІеха-рехолаго тІаде кканила къваригІараб бакІалде. Бежараб чедги гьакида лъун, гьеб бичизе ине хІадурлъулев ватанила гьев чи.

– Вакъуца холев вуго, цо гьитІинаб чадил кесек кье, Аллагьасе гІоло, – ан гьаранила «гьардухъанас» гьесда.

– ЧІалгІана дида нуж, гьардухъаби, рокъо–рокъоре рачІинеги намус гьечІолъи бихьуларищ? – ян вугелъувго гьевги тун, чед бичулев чи гьокоги бачун базаралде анила.

Базаралде щведал, гьесда биценанила дур рукъ цІехолев цІар рагІарав гІалим вукІанилан. Бугелъуб бугебги тун векеранила гьев гІалим валагьизе. Ватанила шагьаралдаса гІемер рикІкІад гьечІого, рокъове тІадвуссун унев. Дида мун лъачІин, тІасалъугьаян гьарданила чед бичулев чи гьесда. Лъугьинин жив тІаса цо шартІ тІубаниян абунила гІалимас. Дуца абураб бокьараб жо гьабизе хІадур вугилан чед бичулев чи воха-хинлъун лъугьанила.

– Батани, – ян абунила гІалимас, – метер дун вачІинелде дур бугеб ресалда рекъараб квен-тІехги гьабун, кІваралгІан гІемерал гІадамалги ахІун, тепси гІуцІе дуца дурго рокъоб.

– Гьеб бигьаяб жо, – ян разилъанила чед бичулев чи. – Дур хІурматалда бащдаб шагьар ахІараб байрам гьабила дица.

Щванила хадусеб къоги, хІакъикъаталдаги унго-унгояб байрам гІадаб дандеруссин гІуцІанила гьев чияс гІемерал гІадамалги ахІун. ХІанчІил рахьалде щвезегІанги квана-гьекъолеб жоги гьарзаго букІанила гьениб. Амма жиндир хІурматалда гьеб байрам гьадав чияс гІуцІаниги, гьениб щибниги кваналеб букІинчІила дов гІалимас. Гьелда гІажаиблъарав рукъалъул хважаинас, рахІатхун, гІалимасда абунила, дур хІурматалда гьабураб гьоболлъи рекІее гІечІогойищ, яги дуе бокьараб камураб-тараб жо гьаниб батани, гьабсагІат чІезабилин.

– Камураб жо гьаниб гьечІо, – ян абунила гІалимас. – Амма гІайиб гурищха, кинабгІаги садакъа-кириялъе гуреб, гьабгощинаб жо гІадада хвезабизе.

– Дур баракаталдалъун дие ккараб садакъа, кири гурони, щибха гьаб кинабго? – абун хІикмалъанила чед бичулев чи.

– Гуро! Сон гьардухъанасул сураталда, Аллагьасе гІоло чадил мочІо кьеян гьаризе вачІарав дун дуца, гьой гІадин, нахъе къотІана. Хадуб, дун щивали лъараб мехалъ, дие гІоло гьабгощинаб боцІи-рикъзи хвезабулеб буго. Аллагьасе гІоло гуреб, гІадамасе гІоло, цІаруего жал гьарулев чиясда ахираталъул рокъоб жужахІ гурони бихьизе гьечІо. Мунги жужахІалъул агьлуялдасан вуго, – йилан хІасил гьабунила гІалимас ва гьениса нахъе анила.

## ХАДУБ РУГЬУНЛЪУЛА

БукІанила, мискинал цІакъго ракъараб, бечедал цІакъго гІорцІараб шагьар. Къарумлъиялъул цІар арал бечедаздаса мискинзабазе кумек щвеялдеги кинабгІаги хьул букІинчІила. Гьебго шагьаралда букІанила сверухълъиялдаго цІар рагІараб гІелму-лъай малъулеб бакІги. Гьенир ругел цІалдохъабиги гьезул мугІалимги

мисикназулъа мискинал рукIанила. Цо соналъ ракъдаллъиги ккун, хурисан бекьараб жоцин бачIинчIила гьезие. МугIалимги гьесул цIалдохъабиги цIакъго язихъаб хIалалде кканила. Цо къоялъ цIалдохъабаз мугIалимасда гьикъанила, кидаллъизегIан нилъ гьаб хIалалда рукIинелилан.

– КIикъого къоялъ, – илан букIанила жаваб.

– Хадуб щиб?

– Хадуб ругьунлъула, – ян абунила гьес.

## МАЦI БУГО, РАКI ГЬЕЧIО

Жиндирго нухккун уней йикIанила цIакъ берцинай яс. Хъващи рагIун, нахъ ялагьарай гьелда вихьанила аскIове щун гIезегIан куц-рахъ бугев гIолохъанчи.

– Щай мун дида хадув вачIунев? Щиб дуе дидаса къваригIараб? – илан гьикъанила ясалъ.

– Дун дур берцинлъиялъ пана гьавуна. Гьаб сверухълъиго дур нуралъ гвангъизабун буго, – ян гьелъие рецц–бакъ гьабун, дунялалда рукIунелги, ругелцин лъаларелги берцинал рагIаби абунила ясалда гьес. Ва тIадеги жубанила:

– Гьаб сверухълъиялда ругелщинал ясал дихъ рокьи ккун холел руго, дунин абуни духъ рокьи ккун холев вуго.

Яс дагьаб мехалъ ялагьун чIанила гIолохъанчиясухъ ва абунила:

– Дуда берцинай яс жеги йихьунцин гьечIо. Дир гьитIинай яцалда аскIой чIараб мехалъ дун гьадингояй маймалакалда релълъуна. Гьей ячIуней йиго, гьабго нухккун, дида хадуй. Дудаго унго-унгояб берцинлъи бихьизе, гьей ячIинегIан чIа, – илан гIолохъанчиясдаги абун, яс цеехун анила.

ГIолохъанчиги гьей ясалъул гьитIинай яц ячIинегIан гьенив чIанила.

ГIемер мехго бахъилалде йигилаха ячIуней, гIансаги гIунтIун, кIулгIадин къуларай, цояб бох хабалъ лъурай гIадай нусилъе сонал рахарай херай кIодо.

ГIолохъанчи, гьелда берчIварабго, дой ясалда хадув векеранила.

– ГьедигIан берцинай дуца дие гьададигIан кIудияб гьереси бицине бегьилааниш? – илан гьикъанила ясалда гьес.

– Дуца дие дагьбаги кIудияб бицана гьереси, – ян абунила ясалъ. – Дихъ рокьи ккун холев вугиланги абун, мун цоги яс ячIинегIан чIана. Рокьул бицине дур цIакъ пасихIаб мацI буго. Амма рокьи ккезе жеги дур ракI гьечIо.

Гьединги абун, чIаралъув гIолохъанчиги тун, яс цееса тIерхьанила.

## МУН ЛЪИКIАВ ГIУЖИХЪАН ВАХЪИНА

ВукIанила гIужда чIор речIчIизе лъикIаб махщел бугев чи. Гьебго махщалие гьес ругьун гьарулел гIолохъабиги рукIанила.

Цо къоялъ гьев чияс чIор щвезе кколеб гIужги бихьизабун, гъотIода банила хъарщи. Ва гьикъанила гIолохъабазда щиб нужеда гьаниб бихьулеб бугебилан.

– ГъветIги хъарщиги, гIужги, – ян абунила цояс.

– ГъветIги гъотIол гIаркьалбазда чIичIидулел хIанчIиги, бакъги, хъарщиги, – ян цогиясги тIаде жубанила.

Лъабабилес абунила, дида рихьулел ругин мунги нижги, гъветIги, хъарщигиян.

Гьединалго рукIанила цогидазулги жавабал.

Цо гIолохъанчи щибго рагIиги абичIого, гьез бицунелъухъ гIенеккун чIун вукIанила.

– Мун щай кIалъаларев? – абун гьикъанила гьесда гьадав чияс.

– Лъаларо жакъа дир бераздаса канлъи босунищ бугебали, дида хъарщиялъул бакьулъ бугеб чIегIераб тIанкI гурони бихьулеб жо гьечIо, – ян абунила гьес.

– БитIараб буго, чIор щвезе кколеб тIанкI гурони, цоги жо бихьизеги кколаро, – ян абунила чIор гIужда речIчIун ругьунав чияс. – Гьал цоял лъаларо, амма мун лъикIав гIужихъан вахъине вукIиналда дир ракIчIола.

## ЛЪИКIЛЪИ КIОЧЕНЕ БЕГЬУЛАРО

МугIалимас, жиндирго цIалдохъабазе кьолел дарсал дуруслъизе, гьезда гьел лъикI ричIчIизе, щибаб нухалъ гIумруялдаса мисалалги рачунаанила. Цо къоялъ гьес гьадин биcанила:

– ВукIун вуго ракIал журарав кIиго гьудул. Гьоркьоб щиб букIарабали, тира-сверизе къватIире рахъарал гьел, дагIбадизе ккун руго. ЦIакъго дагIба боркьидал, цояс дандиясул гьурмалъ хъат бан буго. Гьесги данде кверцин багъаричIого, салуда тIад хъван буго «гьудулас жакъа дир гьурмалъ хъат бана» илан. Тира-сверулаго гьел щун руго гIурул рагIалде. ХIукму ккун буго гIурулъ чвердезе. Цо заманалдаса, дов гьудуласул хъат гьурмалъ щварав, карачелаз вачун, лъадалъ гъанкъизехъин вукIун вуго. Гьудулас хвасар гьавун вуго гьев. Гьеб мехалда гьес гIурул рагIалда букIараб кIудияб ганчIида рикIун руго гьадинал рагIаби: «гьудулас жакъа дун хвасар гьавуна».

Гьеб хабарги бицун мугIалим, гьезие кинаб асардай гьабунаян балагьун чIанила цIалдохъабазухъ.

Заманалдаса цо цIалдохъанас гьикъанила:

– Кинаб насихIатха, мугIалим, гьеб биценалъулъ бугеб? – илан.

– Гьудуласухъа ккараб гъалатI, салудаса гьороца доб хъвай-хъвагIай гIадин рекIелъа бацIцIине кколин, гьабураб лъикIлъи, доб ганчIида рикIарал рагIаби кинигин, кидаго кIочон тезе бегьуларин абураб насихIат буго гьеб биценалъулъ, – илан, цIалдохъаби кантIизе, суалалъе жавабги кьун, хабар къокъ гьабунила мугIалимас.

## БИЩУН КIУДИЯБ ТАЛИХI

ВукIанила лъикIаб ресалда вугев цо чи. ВачIанила гьесухъе цо къоялъ кьварун вакъварав мискинчи ва абунила, Аллагьасе гIоло, дур бечелъиялъул бащадаб жиндие кьеян. Аллагьасе гIоло кьелиланги абун, гьадав чияс мискинчи мурадги тIубан витIанила.

Гьоркьоб цодагьаб заман арабго, гьединавго цоги мискинчи вачIанила дов чиясухъе. Гьесги гьадабго куцалъ, Аллагьасе гIоло, дур бечелъиялъул бащалъи жиндие кьеян абунила. Аллагьасе гIолойин абулеб бугелъул, хутIараб буголъиялъул бащалъи гьесиеги кьунила дов чияс.

Цо къоялъ лъабабилевги мискинчи щванила дов чиясухъе. Гьесги абунила, Аллагьасе гIоло, дур рокьоб бугеб кинабго магIишат жиндие кьейилан. ХутIарабги жоялдаса ватIалъизе кигIанго захIмат букIаниги, Аллагьасе гIолойилан абулеб бугелъул, тIубазе кканила гьесулги мурад.

Киндай гьанже жинца гIумру гьабилаян кIудияб ургъелги тIаде бегун вукIаго, вачIанила гьесухъе гIадамасул сураталда малаик ва абунила, Аллагьасе гIоло дуца дол мискинзаби рази гьаридал, Аллагьас дур бокьараб гьари тIубазе бугин, бицейин дурго мурадин.

Щиб Аллагьасда гьарилебали ургъизе цо къо кьезе бегьиларищан абунила гьев чияс. ЛъикI бугин дун метер вачIинилан анила малаик.

ГьебсагIатго гьадав чи анила сверухълъиялда цIар рагIарав гIакъиласухъе, щибдай Аллагьасда гьарун лъикIилан гIакълу данд базе.

ТIаде гьобол вачIаравго, дов гIакъилас чIужуялда абунила нижее кваназе хъарпуз босейилан. БачIанила гьелъ хъарпуз. Гьеб лъикIаб гьечIин, цогияб босейин абунила росас. Цоги хъарпузги босун ячIанила гьей. Гьабги лъикIаб гьечIин, батIияб босейин абунила росас. БачIанила лъадуца цоги хъарпуз.

Гьеб заманалда гIакъиласе гьадав чияс щибго гьоркьоб течIого жиндирго ккара-тарабги, хадубго гьесухъе вачIиналъе гIиллаги биcанила.

– Дуда гьаниве жаниве лъугьаралдаса дир рокъоб батIияб-цIияб жо щиб бихьараб? – илан гьикъанила гIакъилас.

– БихьичIо гьаб абун бицинегIадаб жо, – ян дов чиясги абунила.

– Балагьея, гьудул, – ян абунила рукъалъул хважаинас, – нижер къавулъ цо гурони хъарпуз букIинчIо. Чан нухалъ нахъюссун йитIаниги, калам тун, щибго хIал лъазе течIого, гьадабго хъарпузги босун ячIана дир чIужу. Гьединай йиго гьей цоги хутIанщиналъеги. Дир хIисабалда, дунялалъул рокъоб чиясул бищун кIудияб талихI буго иман–яхIги сабру-гIаданлъиги бугей чIужугIадангун гIумру гьабизе щвей.

ГIакъилас бицаралдаги разилъун, гьесие баркалаги кьун, метер малаикгун дандчIвайдал Аллагьасда щиб гьарилебалиги мухIканлъун, рокъове тIадвуссанила гьадав чи.

## МУН БИТIАРАБ НУХДА ВУГО

ВачIанила гIолохъанчи гIакъиласухъе ва гIарз бахъулеб гIадин абунила:

– ХIурматияв мугIалим, дица кидаго хIаракат бахъула гIадамалгун лъикI вукIине, щивав чиясе дидаса бажарараб кумек гьабизе. Амма гIадамазин абуни дун, гIабдаллъун рикIкIуна, гьел дида тIад релъанхъула. Гьеб кинабго хIехьезе дие цIакъ захIмат буго. Гьабе дие кумек гIумру хисизабизе, гьаб гIазаб-гIакъубаялдаса дун ворчIизе.

ГьабсагIат дун дуде регIун гьечIин, дица тIубазе кколеб цIакъ кIвар бугеб иш бугин, гьелъие кумек гьабуни, дур мурад дицаги тIубалин абунила гIакъилас.

– ЛъикI буго, – ян абунила гIолохъанчияс, гьав чиясги жив хIалевго гьечIилан ракIалдеги ккун.

ГIакъилас жиндирго килщидасаги бахъун гьесухъе баргъичги кьолаго абунила:

– РекIун чугун мун гьабсагIат базаралде а гьаб баргъич бичизе. Амма лъица щиб абуниги, меседил гъурущалдаса гIодобегIанаб багьаялдеги кьоге дуца баргъич.

Анила гIолохъанчи чуги рекIун базаралде баргъич бичизе. ГIолохъанчияс багьа бициндал, гьелъухъги балагьун, цо-цоял кьурун руссанила, цогиял релъанхъанила. Цого цо ригь арав базарганас абунила, гьаб баргъичалъухъ пахьул гъурущ гурони лъицаниги кьоларилан, цIакъго сахаватав чи дандчIвани, гIарцул гъурущги кьезе бегьулилан.

ЦIакъ ракIбакъван щванила гIолохъанчи гIакъиласда аскIове. Бицанила ккарабщинаб. ГIакъилас гьесие ракI-макIги гьабун абунила, гьанже мун гьебги босун месед-гIарацалъул устарасухъе айин баргъичалъул багьа лъазабизейин. Аммахайин, кигIан гIемераб гIарац гьес кьуниги, гьесие баргъич бичугейин тIадеги жубанила.

Анила гIолохъанчи, месед-гIарацалъул устарасухъе. Гьес, чIахIа гьабулеб цIералдаса балагьун, бега-битIизабун, лъикIалан заманаялъ хал-шал гьабунила баргъичалъул. Цинги, цIадирабаздаги лъун, цIанил ва гIолохъанчиясда абунила:

– Дида гьабсагIат дуе гьаб баргъичалъухъ лъабкъого меседил гъурущ гурони кьезе кIоларо, – илан. – Цо анкьалъ дуца яхI гьабуни, лъабкъоялда анцIгоги кьела. Жакъа дихъ гьединаб гIарац гьечIо.

ЦIакъ воханила гIолохъанчи. Амма баргъичалъул бетIергьанас кигIан гIемераб гIарац кьуниги бичугеян абун букIиндал, устарасе баркалаги кьун тIадвуссанила.

Бицанила гIолохъанчияс гIакъиласда жиндирго гьеб сапаралъулги хIасил.

– Гьелеха, дир гьитIинав вац, – ян абунила гIакъилас. – Базаралда дуе гьаб баргъичалъухъ пахьул гъурущ гурони кьолеб букIинчIо чан чиясулгун даран гьабизеян мун лъугьаниги. Кьолеб букIинчIо, щай гурелъул, гьезда баргъичалъул хIакъикъияб багьа лъалеб букIинчIелъул. ХIакъикъияб багьа гьелъул чIезабизе кIолев устарасин абуни, баргъич меседил лъабкъоялда анцIго гъурщидеги

босулеб букIана. Гьедин букIуна гIумруялдаги. ГIаданлъи-яхIги намус-иманги бугел гIадамал ричIчIулел чагIиги цIакъго дагь гурони рукIунаро, нусгоязда гьоркьор цоцин ратуларо. ГIемерисез гIаданлъи гIадаллъилъун рикIкIуна, иман-яхI тохлъилъун тола. Гьединлъидалин дуе гIумруги бакIлъун бугеб. Амма мун битIараб нухда вуго. КигIан захIмат букIаниги, хIехье, гьеб нухдасан таруге. Кида-къадги дуда дандчIвазе руго, гIемеразда гьоркьоса дагьал рукIаниги, мунго гIадал сахал гIадамал. Гьеб мехалда дур гIумруги бигьалъизе буго.

## МАСЛИГIАТАЛЪЕ САБАБЛЪАРАБ МИСАЛ

РукIанила данделъараб къоялдаса дагIба-рагIи къотIичIел рос-лъади. ЛъагIел данде сверилелде цоцазда хIехьезе кIвеялдаса ун, ратIалъиялде кканила гьезул иш. Жакъа-метер ригьин биххизеян рукIаго, росасда рагIанила, кивалиго вугин цо гIакъилав чи, кигIан кIудиябги дагIба-рагIи, рагъ-кьал маслигIаталъул нухде бачун, тIубазабизе кIолев.

Абунила гьес лъадуда, ригьин биххизегIан цебе цо гьев чиясухъе рилълъун лъикIин нилъ. Амма гьей чIанила дие мунги дур гIакъилги къваригIун гьечIин, гьаб жакъаго жинда цIар тIамейин. Росас лъикIаб бицунги, вагъун-семунги, ахирги рази гьаюнила чIужу гIакъиласухъе йилълъине.

ГIемераб нухги нахъа тун, свакан татуги хун щванила гьел гIакъиласухъе. Мун сахай йикIараяни гьаб къо дида бихьилароанин рос лъадуде ахIданила, дур баракат гьечIолъиялъ чIван лъунин дунилан росасдеги семулаго, чIужу гIоданила. ГIакъилин абуни, гьезул ахIи-хIур жинда рагIулебго гьечIеб гIадин, гIодове виччан гьимулев вукIанила. Цинги, гьезул дагIба-рагIи гIодоцараб мехалъ, гIакъилас рос-лъади цо кIудияб рокъоре рачанила. Бугилаха гьениб рукъ бакьулъ кIудияб столги, столалда тIад, махIалъго гIорцIилеб гIадаб тIагIамаб квен жаниб бугеб кIудияб хьагги. Столалда сверун гIодор чIун ругила, кьерхинарун гьурмалгун, анкьго бихьинчиги анкьго чIужугIаданги. Гьезул щибазухъ ругила цIакъ халатал гъудалги. Регъулила гьез хьагинире гъудал, рачIунила гьел кунеб жоялъулги цIун, амма гъудазул халалъиялъ лъихъаго бажаруларила квен жиндирго кIалдиб лъун. ХIасил-калам, холесги кваналеб гIадаб тIагIамаб кванида нахъа гIодорги чIун, ракъуца холел ругила гьел гIадамал.

Дагъаб мехалъ гьезухъ балагьизеги тун, гIакъилас рос-лъади цогидаб рокъоре рачанила. Бугилаха гьенибги добаго гIадаб кIудияб столги, столалда тIад махIалъул берцинлъиялъ ракI тамахлъулеб гIадаб квенги жаниб бугеб кIудияб хьагги. Столалда сверун гIодор чIун ругила, доб цояб рокъорго гIадин кодор ккун халатал гъудалгун анкьго бихьинчиги, гьедигIанго руччабиги. Амма гьел ругила цIакъ рази-ракиго, хабар-кIалалда, махсаро-хочIалда.

Регъулила гьезги хьагинире гъудал. РачIунила гьел тIагIамаб кванилги цIун. Бихьиназ руччабазул кIалдиб лъолила жиде-жидер гъудазухъе бачIараб квен, руччабазги бихьиназул кIалдиб лъолила. Гьеле гьедин кванил лазат босулел ругила гьел гIадамал.

Рос-лъадуда кинабго бичIчIанила. ГIакъиласе баркалаги кьун гьел рокъоре тIадруссанила. Гьелдаса нахъе, росас лъадуе кумек гьабун, лъадуца росасе квербакъун, доб цебесеб ахIвал-хIалги цебего кIочон тун, лъималазул рукъги цIун, гьаб жакъаги гIалам бахилаб гIумру-яшавалда ругила гьел.

## ДАРСЛЪУН ХУТIИЛА

Сапаралъ унел рукIанила цо херав, цо гIолохъанав – кIиго чи. Циндаго гьезда вихьанила гIетIуда восун хур бухъулев цо чи. Нухлулал рихьизе регIараб хIалги хIалтIул бакIлъиялъ гьесул букIинчIила. Нухлул рагIалда, хурул ракьанда ругоанила гьесул тIутIу-хъухъурал, басриял чарухъалги.

ГӀолохъанчияс абунила, нилъ рихьулеб хӀалги гьадав чиясул гьабсагӀат гьечӀин, рачӀайин досул гьал чарухъал рахчизеян. Гьел ралагьулев гьесда хадуб халккун нилъееги кеп букӀинин.

Херас абунила, жинда берцин бихьулин, дов чиясул хьитазда жаниб гӀарацги лъун, щибдай гьеб батидал гьес гьабулебали, рахчун халкквезеян.

Гьабизеги гьедин гьабуна.

Хурги бухъун лъугӀизабун, рокъове инеян хьитал ретӀизе вачӀанила гьадав чи. Босанила кодобе цояб чарухъ. Бугила гьелда жаниб гӀарац. Гьабго щиб хӀикматилан гӀажаиблъанила гьев чи. Босанила цоябги чарухъ кодобе – гьелда жанибги бугила гӀарац. Гьаб жо макьуцин гуребдайилан, щибго бичӀчӀуларого, дагьаб мехалъ хаган хутӀанила гьев.

Хадуб гьеб макьу гуреб, хӀакъикъат букӀин бичӀчӀидал, чвахулаго бадиса рохалил магӀугун Аллагьасе рецц гьабунила гьев чияс.

– Я, БетӀергьан Аллагь, Дуе рецц буго, Дуца хвасар гьаруна дунги дир хъизан–лъималги. Жакъаги кваназе жо щвечӀебани, ниж ракъун хвелаан…

Зодихъе квералги ритӀун, гьев чияс Аллагьасе гьабулеб щукруги, гьесул бадисан чвахулеб магӀуги бихьидал, гьелъ асар гьабун гӀолохъанчиясулги бадиса магӀу кӀанцӀанила. Гьесухъги валагьун херас гьикъанила:

– Дов чиясе къварилъиги гьабун, гьесда тӀад велъанхъидай лъикӀаб букӀинаан дуе, яги гьабсагӀат дуда вихьулев къагӀидаялъ дов вохизавийищ лъикӀ ккараб? – илан.

– Баркала гӀакъилав чи, – ян абунила гӀолохъанчияс. – Жакъа ккараб гьаб лъугьа–бахъин дие гӀумруялъего дарслъун хутӀила.

## БАРКАЛАЯЛЪУХЪ ГУРО ЛЪИКӀЛЪИ ГЬАБИЗЕ ККОЛЕБ

ВукӀанила цӀакъ гӀакъилав цо мугӀалим. Гьесул гӀемерал цӀалдохъабиги рукӀанила. Гьездаса цо цӀалдохъанасда ракӀалде кканила мугӀалим, лъикӀаб квентӀехги гьабун, гьоболлъухъе ахӀизе. Разилъанила мугӀалимги гьесул пикруялда. ВачӀанила гьев ахӀараб къоялда. ХӀанчӀил рахьгицин, камураб жо гьечӀеб бечедаб стол хӀадур гьабун бугоанила гӀолохъанчияс мугӀалимасе.

Квана-гъанан вахъаравго мугӀалим къватӀиве вахъанила жиндирго цӀалдохъанасда щибго рагӀиги абичӀого. ГьадигӀан лъикӀаб гьоболлъи гьабураб мехалда баркаланиги кьечӀо дие гьав чиясилан ракӀалде кканила гӀолохъанчиясда.

КъватӀиб цӀад балеб букӀанила. ЦӀалдохъанас мугӀалимасухъе ботӀрода тӀад кквезе чадир кьунила. Гьеб мехалдаги гьес щибго абичӀила. ГӀолохъанчиясда ракӀалде кканила мугӀалимасухъе рокъове щвезегӀан рекӀине инсул чу кьезе. Гьеб мехалданиги гьес жиндие баркала кьелилан ракӀчӀун букӀанила гӀолохъанчиясул. Амма мугӀалим щибго абичӀого, чодаги рекӀун анила.

ГӀолохъанчиясул рахӀатхванила. Гьабщинаб лъикӀлъи дица гьабураб мехалда баркалаян абураб рагӀиниги абичӀин гьадав чиясилан, мугӀалимасда цӀакъ ракӀхванила гьесул.

ЦӀад къотӀарабго, чуги бачун, чадирги босун гьесухъе мугӀалиасул вас вачӀанила. ГӀолохъанчияс гьесда гьикъанила, инсуца щиб букӀаниги абунищан. АбичӀин букӀанила гьесулги жаваб. Гьеб мехалда мугӀалимасда цӀакъ ццим бахъанила гӀолохъанчиясул. ГьадигӀан баркала лъаларевгийищ гӀадан вукӀуневин гьалаглъанила гьев. Гьадав чияс малъараб жоги щайин, рес ккарабго хӀакъаб рагӀиги абун, тӀокӀав досда цеве цӀализе инарин хӀукму кканила гьесул.

Кканила цо къоялъ гьединаб рес.

ЦӀалдохъанасул бадибчӀваялъухъги гӀенеккун, гьев кӀалъан лъугӀаравго, гӀодове виччан мугӀалимас абунила:

– Дур гӀаданлъиялъухъ баркала кьезе лъаларого гуро дун вукӀарав, дир

гьитIинав вац. Дица гьеб дидаго жанисан, рекIеца чамго нухалда кьуна дуе. Гьабщинаб заманаялъ дида цеве цIалулевги вугелъул, кIалалъ абичIониги, дуда гьеб бичIчIун батилин, дир дарсал дуца росун ратилин вукIана дун. Гьединлъидал, ургъунго тун букIана рагIизабун дуе баркала кьечIогоги.

Гьеб цо.

КIиабизеги, дир гьудул, чияс гIадамасе лъикIлъи, баркала, яги гьелда рекъараб рецIел щвезелъун гуреб, ракI–ракIалъго гьабизе ккола. Гьедин гьабураб лъикIлъиялъухъ чиясе Аллагьасул рахъалдасан кириги щола, Гьесул баракат камунги хутIуларо. Гьебги букIана дица дуеги цогиязеги кьолел дарсазда жаниб лъураб магIна. Балагьараб мехалда дуе гьел дарсазул пайда ккун бихьуларо.

Гьединги абун, кьезе жаваб батуларого, пикрабалъ гIолохъанчиги тун, вахъун нахъе анила мугIалим.

## ГЬЕБГИ ЛЪИКIАЛЪЕ

ВукIанила цо ханги, ханасе цIакъ мутIигIав вазирги. Киве хан аниги, цадахъ вукIунаанила вазирги. КIиялго цадахъ, свера-тиризе араб цо къоялъ, нухда баратаб бакъвараб гъотIол гIаркьелги къотIун, гIодор чIараб бакIалда, рекIелгъеялъе, гьеб буцIулев вукIанила хан. Циндаго, цIуладаса нусги борчIун ун, къотIанила гьесул килищ. Вазирас абунила, Аллагьасул маслигIат камураб жо букIунарин, гьебги лъикIалъеян. Кинаб маслигIат, кинаб лъикIлъи дир килищ къотIиялъулъ букIунебилан, мун жинда тIад велъанхъулев вугилан ццидаханила хан. Вазирги, вачун туснахъалъув тIамунила. Гьесде кIулалги рахан хан унаго гьадалго рагIаби вазирасги такрар гьарунила. Батани, гьедин лъикI дуеян ханасги абунила.

Анила цодагьаб заман.

Рокъоб чIалгIарав хан живго цохIо свера-тиризе вахъанила. Гьедин унаго-толаго сордоги щванила, рокъобе нухги къосун, лъазего лъалареб бакIалде гьевги кканила. Ругилаха гьасде тIаде рачIунел, зодор хъвалел гIадал, гIалхул гIадамал. ЦIакъ лъикI кканин абунила гьез, метер радал нижер бетIерасе кваназе рекъараб чан щванилан. БетIер гьаб улка-ракьалъул жив вугин чIанила хан. Мун щивкинали жидеда лъаларинги абун, тункулаго, вугIулаго цеве къотIанила гIалхул гIадамаз гьев.

Радал хан кваназеян хал-шал гьабулаго, гIалхулазул бетIерасда гьесул килищ къотIараб букIин бихьанила. Ругъун-гъараз бугев чи дица кваналаревлъи кин нужеда лъаларебин жиндирго чукъбуздеги ахIдон, гьес хан нахъе витIанила.

ВачIинахъего хан туснахъалъув тIамурав вазирасухъе анила ва ккарабщинаб биццанила.

– Гьелеха, – ян абун цIакъ воханила вазир, – дуе кIудияб баркала дун туснахъалъув тIамуралъухъ. Киндай дица дуе гьеб бецIила…

Хан гIабдаласухъ гIадин, гьесухъ валагьанила ва гьелъул магIна щибан гьикъанила.

– Щибха букIинеб, бетIерчIахъад, дуца туснахъалъув тIамичIевани, мунгун цадахъ дунги вукIинаан, – илан абунила вазирас. – Килищ къотIарав мун таниги, щибго ругъун гьечIев дун кваналаан гьев гIалхул гIадамазул бетIерас. Аллагьасул маслигIат камураб жо щибго букIунаро.

## АЛЛАГЬАСДА ЛЪАЛА…

РукIанила херав чиги, гьесул васги. Цо чуги букIанила гьезул. Циндаго араб бакI лъачIого тIагIанила гьеб чу. ГIадамаз пашманлъи загьир гьабун, зигари бан, херасда абунила, нужее бетIербахъиялъе букIараб чуги тIагIанин, гьанже кинаб магIишат-яшавдай нужер букIинаян.

– Аллагьасда лъала, лъикIалъейищ квешалъейищ гьебали, – ян жаваб кьолеб букIанила херас гьедин абу–абурасе.

Анкьидаса, щуго гIалхул чуги цадахъ бачун бачIанила херасул чу. Гьанже гIадамаз гьесда баркулеб букIанила. Амма херас жаваб гьадабго кьолеб букIанила.

Цо къоялъ гIалхул чу квегъулаго, гьелъ малги бан беканила херасул васасул бох. Гьаб нухалъги херасухъе гIадамал рачIанила гьесде бачIараб къварилъи гIахьал гьабизе. Херас нахъеги долго рагIаби такрар гьарулел рукIанила рачIарачIаразе.

Гьелдаса гIемер мехго иналде мадугьалихъ вугев ханас гьеб улка-ракьалъул ханасда рагъ лъазабунила. Херасул бох бекарав вас хутIизегIан, киналго гьеб росдал бихьиналги тушманасде данде рагъизе рахъинарунила.

– Дуе цIакъ лъикI ккана васасул бох беки, – ян абулеб букIанила гIадамаз гьанже херасда. – Нижер васал рагъдаса руссинел-руссинарел лъаларо, дуравин абуни парахат рокъов вуго.

– Аллагьасда лъала лъикIалъейищ, квешалъейищ гьебали, – ян ругьунаб жаваб кьолеб букIанила херас гьезие.

## ДУЕ ХВАСАРЛЪИ ГЬЕЧIО

Бугебги, гьечIебги бицун гIадамал какулаго гIумру арав цо чи вукIанила. Херлъун, жиндир къоял ахиралде щолел рукIин бичIчIарав гьев, абунщиналдаса ракIбухIун лъугьанила ва жиндир мунагьал тIаса иналъе нухго гьечIищан гьикъизе сверухълъиялда цIар рагIарав гIалимасухъе вилълъанила. ГIалимас гьесухьги гIенеккун абунила, хIулидул къандалъоги босун вачIайилан. ВачIанила гьев чи абураб куцалъ. Гьанже бихьун къандалъогун хIули чIехьеян абунила гIалимас. ЛъикIго гьури пулеб къоги букIанила гьеб. ЧIехьанила къандалъо. ХIули гьороца рахъ-рахъалде босун ун киса-кибего щущанила. ГIалимас гьикъанила къандалъо чIехьолаго цIакъго захIмалъанищан. Кинаб захIмалъийин гьелъул букIунебин гIажаиблъанила гьадав чи. Батани, цо течIого бищун цIидасан къандалъоялъубе бакIареха кинабго хIулиян абунила гIалимас. Гьеб бажарулеб жойищилан хIикмалъанила херав.

– Гьелеха, диналъул вац, – илан абунила гIалимас. – ТIолабго гIумруялъ дуца каканщинав чиги, гьезул лъукъанщинал ракIалги, гьелдалъун гьарунщинал кIудиял мунагьалги сунцаниги чуруларо. Гьел киналго тIасалъугьинарунги духъа бажариларо. Гьезул дуца лъукъарал раркIалги сахлъиларо. Хонжрол ругъун сах гьабизе кIваниги, кIалзул ругъун сах гьабулеб даруги гьечIо. ГьабсагIат, къандалъоги бихьун, хIули гIадин гIемерал соназ дуца бигьаго щущазабурабщинаб нахъегIанаб хочI-хабар бакIаризеги дуда кIвеларо. Дуе Аллагьасда цеве вахъараб къоялъ кинабгIаги хвасарлъиги гьечIо.



## ХІусен ДИБИРОВ



*Дибиров ХІусен гьавуна Болъихъ районалъул КІижаниб росулъ 1963 соналда. 1979 соналъ гІагараб росулъ лъугІизабуна микьго класс. Цинги ана цІализе Хасавюрт шагьаралде, профтехучилищеялде механизаторлъун.*

*1982 соналъ ана армиялде. Гьениса тІадвуссун хадуб, гьале жакъалъизегІанги хІалтІулев вуго ралел бакІазда. КечІ гьес хъвалаан ва ахІулаан гьитІинаб къоялдасан.*

### ГЬЕДИНАБ РОСУ БУГО КАВКАЗАЛЪУЛ МУГІРУЗДА

**Бецинаб яшав буго, лъикІаб магІишат буго,**
**Лъидениги ккун гьечІо гьале дир росуцяол.**
**ЧІухІарал минаби ран, росу буго бахъун чІун,**
**Беркколеб къагІидаялъ, гІалам бахилаб куцалъ.**

**Щивасул рокъобе лъим лъикІго чвахулеб буго,**
**Чабхил иццухъа бачун чІухІарарл трубабаца.**
**Киса-кибго нух буго бокьарлъуй рахине**
**МугІрузде, хурзабахъе харибакІазде ине.**

**Гьединаб къагІидаялъ, къокъбаго болжалалда,**
**Бараб росу буго гьаб, гьале цІияб бакІалда.**
**Басрияб росдада гъоркь рогьалил бакъул чІораз**
**ЧІаго гьабун букІуна бокьараб заманалда.**

**Росулъ гІалимзабиги гІезегІан руго гьанир,**
**ГІун бачІунеб гІелалда, гІелму малъун, ругьумал.**
**Гьанир гІакъилзабиги киданиги камичІо,**
**Ккаралъуб гІадамазе малъа–хъваял дурусал.**

**Гьединаб росу буго Кавказалъул мугІрузда**
**МагІарул миллаталъул гІамалал жанир ругеб.**
**Гьединаб тІалъи буго гІандадерил сверуда,**
**ГІезегІан къадруялда къимат жиндир гьабулеб.**

## ГIАРЦУЦА ЧАНГИТ БАН БУГО

**Жакъа гIадамазул хал гьабунани,**
**Хиралъун бугеб куц гьезие гIарац.**
**ГIаданлъи хун буго ханлъун бечелъи –**
**Гьелъий лагълъи гьабун холел руго нилъ.**

**Чванта биццалъидал, берцин рихьизе**
**Рихьдае хьвадулел гIемерлъун руго.**
**Кепкал гIураб мехалъ, гIамал хисулел**
**Халкъалда гьоркьоса рахъунел руго.**

**ГIарац бугел руго кIодо гьарулел,**
**КIудияб жойилан цо-цо гIадамаз.**
**Гьезий накаби чIван чIалгIунеб гьечIо**
**ЧIукIнаял чагIазда къасиги къадги.**

**Ришваталъ кодоб ккун кинабго агьлу,**
**Огь бачIараб заман зулму цIикIкIараб.**
**Зарул бакIлъи бугел ритIухъ гьарулеб,**
**Гьалеха дунивал, диналъул вацал.**

**Мискин–пакъирасе къваридаб гIумру,**
**Къоринив ккарасе кеп гьечIеб заман,**
**Кепкал гIемераца копой кьабулеб**
**КьучIдасанго хисун холеб Дагъистан.**

*** * ***

**Дур рокьул асирлъун унеб дир гIумру**
**ГIазаб-балагьалде сверулеб буго.**
**Дур гьинал рекIелъе нух балагьулеб**
**Батуларо рагIи, кин ургъаниги.**

**Дуй гIоло ракьалда рокьул сиги бан,**
**Сонал рекерана расги лъачIого.**
**РекIел асаралъе лагълъиги гьабун,**
**Гьабулеб-толелъул билана гIорхъи.**

**Дир гьаб къаламгицин къваридго буго,**
**Къваридал рагIаби хъвалел ругилан.**
**ХъахIаб кагъатгицин гIодилеб буго,**
**ГIазаб жиндий кьолев дидаса барщун.**

**Жакъа диде щвараб гьаб къваридаб къо**
**Къваридаб сухъмахълъун хутIаладай дий,**
**Дир рекIелъ бакI ккураб тализIалъул цIва**
**Цогиясе къалъун къинадай дир хьул.**

* * *

ШагIирасул шигIраби гIаламалъулъ журала
ЛъикIаб каламги босун, киса-кирего щола.
Каранлъ цIа рекIаразе кумекалъе ртула,
Рокьуца унтаразе дарабилъун лъугьуна.

* * *

Бокьа-бокьаралъуб квелъ ккун бачине,
Бигьаяб жо гуро каранда рокьи.
Абу-абуралъуб бекерун ине,
Бекерухъан гуро дуе гьаб балай.

* * *

Дие багIарбакъул канлъи хун буго,
Хирияй, мун гьечIеб гьаб свериялда.
РечIчIулеб гьоролги гьогьенго гьечIо,
Гьинал ракI чучизе мун цадахъ гьечIо.

* * *

Дур хъахIаб гьурмада гьими кинигин,
КенчIолеб батила жакъаги гьаб бакъ.
Жаниб рекIел тIинда рекIараб цIаялъ
ЦIул гIадин бухIулеб батила керен.

* * *

Каранда рокьул цIа ссун унеб буго,
Сипат дур цебеса тIагIунеб буго.
Соролел лугбазул хIал дагьлъун буго,
ХIилла-рекIкI ясазул камулеб гьечIо.

* * *

Борхатаб кьурулъе кьо лъурав дие
Кьолеб гIазаб буго гIумруялъго щун.
Щоларей ясалъухъ бухIулеб керен
Кепкил бакIалде ккун буго дий жакъа.

* * *

Рокьи ккезе ккани, ракI къваригIуна
РекIараб цIа бугеб цIудул гIадинаб.
Балай ккезе ккани бер къваригIуна
БегIераб, гIужилаб, кибего щолеб.

**ЦIАДАСА ХIамзат**

**ХIАМАБАГЪАДУРЛЪИ,**

**МухIамадги Хочбарги
Хабаралда рукIаго,
КIиясго бицунеб жо
Цоцада данде ккечIо.**

**Зулайхатил гIакаги
ГIалигъалбацIил оцги
Цо санад ругилан – ав,
Гурилан абун – Хочбар.**

**МухIамаги, хехав чи,
Дагьав хъачIго кIалъана,
Хочбаридехун вуссун,
Ццин бахъун гаргадана.**

**Хочбарги кинав чиха,
Калам гьабизе ккани, –
Кинабго досул рагIи
Данде къотIун кIалъана.**

**– Уха, Хочбар, дудаги
Дур эбел-инсудаги,
Оц-гIакаялъул гIумру,
ГIухьибилъидал, лъаларищ?**

**– Мискинчи вехьлъун вукIин
ГIайиб гуро, МухIама,
ГIемерго чIухIичIого,
ЧIун лъикIилан ккола мун.**

**– Нижерги руго гIухьби,
ГIайиб чIвалеб мех гуро,
ГIачи речIчIе, щарал чIвай,
Щвараб жо нахъе босе.**

**– Къунани щарги чIвала,
Щванани чиги чIвала,
Щибго баркала гьечIо,
Бу, ваче бокьарав чи.**

**– Хочбар, цебеги дица
Тедалищ гьедин вугев,
Эбелгунги ватанин
Цо къоялъ мун къацандун.**

**– Уха, мунги эбелги,
Гугьарги васги гIадин,
Гогьдаризе гьаризе
РегIун гьечIищ гIадамал!**

**– Ле, Хочбар, мун гьедигIан
Гьаваялда кIалъазе,
Лъаларев чи гурилан, –
Гаргадана МухIама.**

**– Мун дидаги лъалилан,
Дур эменги лъалилан, –
Бахъараб хвалчен гIадин,
Хочбарги чIана данде.**

**– Хочбар, дой нужер БулъкIур
Лъица басра гьаюрай,
Цеве Малачиги тун,
Нечоларищ кIалъазе?**

**БулъкIурил цIар бахъидал,
Хочбарил канлъи ана,
Кинабго гIакълу-тадбир
ГIодобе бортун ана.**

**Вортун ун, Хочбарица
Гъванщилъ бараб заруца
Заманаялъ МухIама
ХIохь къотIун гIодов ккана.**

**Эхеде вахъунаго,
Бахъун хьвагIараб ханжар
Хочбар кколев вукIарав
МустIапал ботIролъ щвана.**

ГІолохъаби тІаделъун,
ТІимгъал гьоркьоре рехун,
Хочбарги МухІамаги
ХІалалъ ратІа гьаруна.

– Балагьилаха, Хочбар,
Хвезе къоял ратани,
Я мун гІелаха ЧІондокь,
Я мунги чІван, дун чІела.

– ТалихІ кьеги, МухІама,
ГІемер ххвелал гьаруге,
Хочбарида дур богІлал
ГІемерал рихьун ругин!

– Хочбар, дур зарги хІехьон,
ХІалихьалъи баччани,
ХІулагиха дир михъал,
Нахъа гурищ бихьилеб!

– МухІама, гьав Хочбарги,
Хочбарил гьабго зарги
Дуе камизе гьечІо,
Кидал дуй бокьаниги!

«Бихьилин», «рагІилилан»
ГІемерал бицардана,
Цоцада кІалалал гьикъун,
КІиялго рокъой ана.

Рагъда талихІ кьоларев
Тимирил МустІапаги
Туртида лъун восана
Росдал гІолохъабаца.

Гъоркьгоги бекун букІун,
Нахул чІорто бахъичІеб
Гъаримасул ботІрода
ТІадеги ругъун лъуна.

Росдаца рагІи тарав
ГІамирханил васасда
Хочбарица зар кьаби
ГІадлъана гІадамазда.

ГІумруялъ чи кІалъачІеб
ЧІухІараб кьибилалда
ЧІегІераб тІанкІ лъунилан
Лъугьана мацІихъаби.

Хочбарица, МухІамил
Рогьо баччиларилан,
Малачил яцалдаса
ЧохтІо-кІаз бахъун ана.

Хочбаридасан щвараб
Цо зар хІехьеларилан,
Цоцаца чІван рехана
Хочбарги МухІамаги.

Огь гъаримал Хочбарил
Херал эбел-инсуда
Херлъиги мискинлъиги
КІоочн тезе гьабуна.

Хал гьабеха МухІамил
ГІисинал лъималазде,
Лъадиги росасе ун,
Инжитго хутІарал куц.

ГодекІабахъ букІунеб
КІваричІеб харбидалъун,
Хал гьабе – ккараб питна
Гьалмагъзабазда гьоркьоб.

Жидее хІажат гьечІел
ГІачи–оцал сабаблъун,
Ункъго кьибил бихьулищ
Кьалде жаниб рехараб.

Хочбар-МухІама кІалъан,
ЛъагІел данде щвелалде,
Лъабго-ункъо чиясул
Рокъоб магІу бахъана.

Бегьиларищ, гьалмагъзай,
Пикру гьабун хІалтІизе,
Пайда гьечІеб чІухІиялъ
ЧІалгІаде холел ругин.

ГодекІаби рехун тун,
Хъвай-цІалиялде руссун,
Тезин басрияб гІадат,
Босизин маданият.



Индекс годовой 63333
Индекс полугодовой 73891

# Гьудуллъи

*БацIцIадаб магIарул мацI,*
*МагIнаяб адабият,*
*Арабги, гьанжесебги –*
*Гьале дуе **«Гьудуллъи».***

*Нилъерго гIадат, гIамал,*
*Кици, бицен, махсаро;*
*Хабар гьуинаб гьобол –*
*Гьудуллъун кколе **«Гьудуллъи».***

